# МАХ ДУГ



## УӔЛАХИЗЫ СӔРАППОНД

3
2022

Владимир ПУТИН:

*– Æз дæн уырыссаг адæймаг. Куыд фæзæгъынц, мæ фыдæлтæ æмхуызонæй сты Ивантæ æмæ Марьятæ. Фæлæ, Дагестаны гуырд æрыгон лæппу Нурмагомед Гаджимурадов, лакъаг, цы хъæбатырдзинад равдыста, ахæм дæнцæгтæ куы фенын, уæд мæ ‘рфæнды афтæ зæгъын: «Æз дæн лакъаг, дагестайнаг, цæцæйнаг, мæхъхъæлон, уырыссаг, тæтæйраг, дзуттаг, мордвинаг, ирон...» Æппæты ранымайæн нæй.*





# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**
ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

**Редакция**
Заместитель главного редактора – Альбина КЕЛОЕВА
Редактор отдела прозы – Борис ГУСАЛОВ
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Тамерлан ТЕХОВ

**Редакционный совет**
Гастан АГНАЕВ, Руслан БЗАРОВ,
Зелим ВАТАЕВ, Клавдия ДЖУСОЕВА,
Станислав КАДЗАЕВ, Анатолий КУСРАЕВ,
Анжела КУДЗОЕВА

Владикавказ,
2022

# МАХ ДУГ

**2**
2022

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

**Редакци**
Сæйраг редакторы хæдивæг – КЪЕЛОЙТЫ Альбинæ
Прозæйы хайады редактор – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – ТЪЕХТЫ Тамерлан

**Редакцион совет**
АГЪНАТЫ Гæстæн, БЗАРТЫ Руслан,
УАТАТЫ Зелим, ДЖУСОЙТЫ Клавæ,
КЪАДЗАТЫ Станислав, КЪУСРАТЫ Анатоли,
КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ

Дзæуджыхъæу,
2022

# НОМЫРЫ ИС:

Æмдугоны хъуыдытæ ....................5
Уазæг – Хуыцауы уазæг! ....................6
Абу ИСМАИЛОВ. Рæсугъд цардыл æууæндын... *Æмдзæвгæтæ* ....................7
Муса БЕКСУЛТАНОВ. Донбакæлæн «Крест». *Радзырд* ....................17
Муса АХМАДОВ. Къахыр, сæфт рæстæг. *Радзырд* ....................43
Адам АХМАТУКАЕВ. Кæй аххосæй у а дуне гаффутт
*Æмдзæвгæтæ* ....................54
Сулиман МУСАЕВ. *Радзырдтæ* .................... 60
Розæ МЕЖИЕВА. *Æмдзæвгæтæ* ....................77
Иса ЗАКРИЕВ. *Радзырдтæ* ....................83
Лидия ДОВЛЕТКИРЕЕВА. Бирæгъы фæлгонц цæцæйнаг сфæлдыстадон зондахасты. *Уац* ....................88
Саламбек АЛИЕВ. Фæивгъуыйы сæмæ æнæхъæн æнус... *Уац* ....................98

**НЫХАС СФÆЛДЫСТАДЫЛ**
ГУСАЛТЫ Барис. Дзырд цæра ....................104

**АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД**
Цæцæйнаг аргъæуттæ ....................108

**ЦÆЦÆЙНАГ ЗОНДЫ АВНАЛÆНТÆ**
Хæлар зæрдæ – цæргæбонтæм. *Æмбисæндтæ* ....................110

**АРФÆЙАГ ХЪÆППÆРИС**
ТЪЕХТЫ Тамерлан. «Мах дуг»-ы литературон преми:
фыццаг къахдзæф фæрæстмæ! ....................113
ДЖУССОЙТЫ Альберт. Хорзы бацауын – амонд! ....................118
БОКОТЫ Эльбрус. Фарнтауджытæ ....................119

**АИВАД, КУЛЬТУРÆ**
Ирыстон æмæ цæцæн: культурон бастдзинæдтæ ....................120

**ФЫССÆГ ÆМÆ ХЪЫСМÆТ**
ЦГЪОЙТЫ Хазби. Уыцы уæззау бонтæ... ....................123

**ТÆФÆРФÆС**
БРЫТЪИАТЫ АСЛÆНБЕГ ....................143
**МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ** ....................144

# ÆМДУГОНЫ ХЪУЫДЫТÆ



*Цыфæнды адæмыхаттæн дæр йе стырдæр хæзна у йе ʻвзаг. Æвзаджы рæзтæн ахъазгæнæг та у уыцы адæмыхатты литературæ… Адæм сæрибар сты, се ʻвзаг сæрибар куы уа, уæд. Æвзаг дæлдзиныг кæм кæной, уым дзыллæ дæр сæрибар нæ уыдзæн. Адæм, кæй зæгъын æй хъæуы, æнæ сæ мадæлон æвзагæй дæр цæрдзысты, æрмæст уæд адæм нæ, фæлæ цавæрдæр æбæрæг удгоймæгтæ уыдзысты…*

*Леча Абдулаев,*
*Цæцæны Республикæйы адæмон поэт,*
*Цæцæны паддзахадон*
*университеты кадджын профессор,*
*Уæрæсейы фысджыты цæдисы уæнг*

# УАЗÆГ – ХУЫЦАУЫ УАЗÆГ!

Фыдæлтæй нын цы хæзнатæ баззад, уыдонæн сæ ахсджиагдæртæ сты сыхаджы хорзæх, адæмимæ хæларæй цæрын, уазæгæн, раст цыма æцæгдæр дæ Хуыцауы хай у, афтæ балæггад кæнын. Æмæ куыннæ, кæд æмæ адæмы ‘хсæн зæрдæзæгъгæ ахастдзинæдтæй райгуыры бæрзонд цин æмæ фæрныгад. Уыдон фидар бындур сæвæрынц канд кæстæрты, сыхæгты, æмхъæуккæгты бæллиццаг сомбонæн нæ, фæлæ ма æгас нацийы хæрзæбонæн дæр.

Журналы цы куырыхон хистæртæ куыста, уыдон сæ фæстæ ныууагътой цæрæццаг традицитæ. Махæн нæ хæс у, сæ рухс ном аргæйæ, адарддæр кæнын сæ арфæйаг хъуыддæгтæ.

Ацы номыры нæ уазджытæ сты нæ сыхаг Цæцæны Республикæйы фысджытæ. Уæ размæ уын хæссæм сæ уацмыстæ алы литературон жанр-ты ирон æвзагмæ тæлмацæй. Ацы аз цæцæны национ журнал «Вайнах»-ы та мыхуыры рацæудзысты нæ фысджыты уацмыстæ цæцæйнаг æвзагмæ тæлмацгондæй.

Ацы хъуыддаг бар дæтты кæрæдзийы хъуыдытæ, сагъæстæ æмæ цин арфдæр банкъарынæн. Уымæн æмæ фыссæг у уды хъæдгæмттæ дзæбæхгæнæг, адæймаджы уæлахизтæм хонæг æмæ æнтыстдзинæдтæм фæндаглæгæрдæр! Фыссæг – адæмы фидиуæг æмæ рæстæджы æцæгдзинад æвдисæг! Фыссæг – йæ адæмы дадзинты цавд, йæ адæмы хъæлæс!

Кæцыфæнды адæм дæр, сæ национ литературæ куынæ рæза, уæд кæнынц къуымых æмæ цæнкуыл. Куыд иннæ адæмыхæттытæн, афтæ цæцæйнаг литературæйы истори дæр райдыдта адæмон сфæлдыстадæй. Йæ бындурæвæрæг та у фыццаг цæцæйнаг уацау «Мацалла»-йы («Голод») автор Саид Бадуев.

Уæдæ уазæг – Хуыцауы уазæг! Æгас нæм цæут, нæ сыхæгтæ! Радзурут уæ цин, уæ хъыг. Ирон фарн у рæстæджы хæрзæмбæлæг, æмæ дзы сымах дæр хайджын ут!

*Хæтæгкаты Оксанæ*



# АБУ ИСМАИЛОВ

*1949*

*Райгуырд 1949 азы Казахстаны Чимкенты облæсты Сас-Тюбейы. Хæрз æвзонгæй баззад сидзæрæй. 1957 азы йæ нанаимæ сыздæхт йæ рйгуырæн фыдæлты зæхмæ æмæ цард хъæу Мартан-Чуйы. 1967 азы кусын райдыдта райдиан къæсты ахуыргæнæгæй. Йæ аивадон уацмыстæ фыссы 1975 азæй. Уыцы аз йе 'мхъуыдыгæнджытимæ сарæзтой сфæлдыстадон иугонд «Пхъармат». 1980 азы каст фæцис Цæцæн-Мæхъхъæлы паддзахадон университеты филологон факультет. Абу Исмаиловы æмдзæвгæтæ, поэмæтæ, радзырдтæ æмæ пьесæтæ-иу рацыдысты республикæйы æппæт мыхуыры фæрæзты æмæ «Литературная газета», «Московский литератор», «Российский колокол»-ы.*

*У бирæ чингуыты автор, сæ сæйрагдæртæ – «Бирдолаг», «Дош», «Йозанаш-1», «Йозанаш-2», «Парнасмæ хизгæйæ», «Изæрмилтæ» æмæ æндæртæ.*

*Абу Исмаиловæн бирæ бантыст тæлмац кæныны хъуыддаджы дæр. Уырыссаг æвзагмæ раивта цалдæр цæцæйнаг фыссæджы уацмыстæ. Цæцæйнаг æвзагыл йæ фæрцы рацыдысты А.Чеховы æмæ А.Островскийы пьесæтæ.*

*1986 азæй у Уæрæсейы журналистты цæдисы уæнг, 1994 азæй та ис Фысджыты цæдисы.*

*Абу Исмаилов у Цæцæны Республикæйы культурæйы сгуыхт кусæг, Цæцæны Республикæйы адæмон фыссæг.*

*Абу ИСМАИЛОВ*

# РÆСУГЪД ЦАРДЫЛ ÆУУÆНДЫН...

## КАВКАЗ

…Кавказ! Мæ фæстаг ныфсы ахстон,
Кæд нын Эдем ды басгуыхтæ кæддæр,
Мæ хъус йæ мæргъты зарæг ахсы,
Дæ зæхх нын афтæ табуйаг ныр дæр.

Æртахт нæм таурæгъ дугты тарфæй,
Уый радта хурау царды тынæн рæз.
Зæгъæм, нæ уыдис уыцы арфæ,
Уæд та йæ сфæлдыстаин æз.

*1971*

## БОН

Атахт бон. Нæ ивгъуыдыл та бафтыд,
Луарын æй лыстæг сасирæй æз.
Стыр диссаг мæ къухы, ехх, нæ бафтыд,
Алцæмæн дзы не ссардтон фæрæз.

Æз мæхицæн абон уый нæ барын,
Райсом дзы цæуыл кæнон фæсмон.
Чидæр та йæ мурмæ дæр нæ дары
Æмæ йе 'фсарм дæр кæны дæлдон…

Нæ, мæ хур, мæн ахæм цард нæ хъæуы –
Æз нырма ныр райдыдтон цæрын,
Амонджын, рæсугъд цардыл æууæндын,
Гъемæ йын куыстæй нывæндын тын.

*1976*

# ДУНЕЙЫ СУРÆТ

Сæуæхсид, зæрæхсид
Кæмдæрид, æдзухдæр
Æфтыдтой мæн дисы
Сæ алæмæт рухсæй.
Куыдтон-иу фыр цинæй,
Тымыгътæ дæр уарзтон.
Фæндыд мæ нæ дуне
Ыскæнын рæсугъддæр.

Мæнмæ уый æвзыста
Йæ куырмæджы тыхæй.
Æз – змисы мур, оххай,
Тæхгæ доны ’ртахы,
Уый уады фыдохæй
Йæ фурдæй фæиртæст,
Уылæны цъæх барцыл
Ныр фестад зæрин цæст…

Фæндыд мæ тыгъдадæн,
Нæ дунейы равгæн
Куыд хатон йæ сусæг,
Йæ зарæг куыд хъусон.
Фæндыд мæ, куыд фестой
Нæ зæрдæтæ, удтæ
Йæ зиууæттæ арвæн,
Куыд хъырной йæ зардæн.

О Дуне, Бæстыфарн,
Дæ уацайраг – мæнæ.
Дæ диссаджы хъомыс –
Æгъуыстаг уæлтæмæн.
Кæй къухты дæ фæндыр,
Æрвон зæлтæ уафгæ,
Цæмæн кæуы афтæ
Нæ ивгъуыд, нæ сомыл?

*1998*

# ТУГÆВДЫЛД СÆУÆХСИД

Тары æрдонгæн
Ма уæд кæрон, –
Ног ныфс, æвронгæн
Сивайы бон!

Тарæн йæ бынæй
Уадзы уый рухс,
Хуры рæу тынæй
Чи нæ у буц!

Царды хос зæрды
Дардыл йæ зынг,
Райы дзы кæрдæг,
Райы мæлдзыг.

Ахæм зынг сахат
Раджы кæддæр
Авелыл рахатт
Бонты фыддæр.

Зæххыл фæлдæхтæй
Туджы мæцы,
Ризгæ, йæ цæфтыл
Къухтæй хæцы.

Цæстыты бандзыг
Рисимæ дис –
’Фсымæры маргæ
Афтæ куыд ис?!.

Охх, Каин йæ разы –
Сæрыстыр, хъайтар,
Йæ фыдæхæй расыг
Куы фестад лæгмар.

Мастæй æхсидгæйæ,
Загъта уæд Бон:
«Ахæм фыд фидгæ у –
Уый дын тæрхон:

Æнусбонтæм фестæд
Цъæх аууон дæ уд!
Уæ удхар, уæ еу-сар
Мыггагмæ хæссут!

Тæригъæдæн афтæ
Æндæргæй фæхæт,
Æппæт зынтæ уафæнт
Дæ хъизæмар-цъæт!

Нæ адæмты дисæн
Æврæгъты ’хсæн хит!
Уыраугæ цъæх рисæй
Дæ тæригъæд фид!

Дæ цæстытыл уайæд,
Уадз, мин-æрдзæ хатты,
Йæ уд исгæ, Авель.
Куыд дын уой фæлхатæн,

Йæ хъæрзын, йæ мæстад,
Куыд фестой æгъуыстаг,
Æфсымæры цæсты
Æрвон зынг куыд хуыссы…

Уыд Авель æмбаргæ
Йæ зæрдæ – нæртон,
Уæддæр дын ныббарын
Куыд нæ уа йæ бон…

Дæ уд дын куыд судзой
Йæ цæфты хъæдгæмттæ.
Дæ зонд дын рæмудзæнт
Дæ æбуалгъы кæйттæ…»

О фехъусут, адæм,
Хуыцауы хъæлæс!
Хъæддаг монцты бардзæн
Куыд дæттут уæ рæз?

Хуыцауы Дзырд – диссаг –
Уæддæр æй нæ исæм,
Уæддæр æй нæ хъусæм
Нæ фидæны рухсæн.

Куырмæджы хæрамæй
Нæ фидæн куы марæм.
Нæ дунейы сæрмæ
Куы зилы, куы тæхы
Каины ауон,
Каины ауон.

*1977*

## РАЗВÆЛГЪАУ

Федтон æз, куыд лæбырдысты хæхтæ,
Оххай, уый фыдфынæй уыд фыддæр –
Згъæлдысты хылычъытау къæдзæхтæ…
Азæлыд Æфсармы сабыр хъæр.

Урссæр зæронд афтæ тынг дзынæзта, –
Зымæгæн йæ карз уазал фæсаст.
Уæд нæ хъардта иу цæссыг йæ цæстæй,
Рустыл ныр уыраугæ згъоры маст…

Кувы хистæр, кувгæйæ, дзыназы,
Дыууæтæм дæр сиды, сиды ныр:
– Бамбарæм Хуыцауы раз нæ азым,
Цæй-ма, иумæ ракурæм хатыр.

Науæд ныл ныххуырсдзæни йæ фыдæх,
У нæ мæстытæй йæ гуцъа дзаг.
Уадз, йæ сыгъдæг ном нæ æрвон Фыдæн
Феста иууыл зæрдæтæн æвдадз!

Хохаг лæг тырысайау куы хаста
Алкæддæр бæрзонд йæ сыгъдæг ном.
Ныр фыдрæстæг цал уды æрцахста!
Сафынц нæ хъæддаг монцтæ æргом.

Чи нæ хъусы уарзон зæххы хъарæг?
Чи нæ федта урссæры цæссыг?..
Фæлæ уалæ мигъты ’хсæн цъæх тары
Арвыл ссыгъди Бонвæрноны зынг.

Уый нæ уыд цæцæйнаг зæронд тауби,
Бамбарынæн ралæууыд йæ рад –
Уый кæуы нæма райгуыргæ саби,
Уый кæуы йæ зынгхуыст фыртыл мад.

Мигътæ згъорынц, сау тæрккъæвда уафгæ,
Раргом нын Аллахы уды равг –
Уый къуырмайæн арв æрттивы афтæ,
Уый куырмæн ныннæрыд афтæ арв.

Федтон æз, куыд лæбырдысты хæхтæ,
Оххай, уый фыдфынæй уыд фыддæр –
Згъæлдысты хылычъытау къæдзæхтæ.
Азæлыд Æфсармы сабыр хъæр.

*1994*

# ПЛАНЕТÆ ЗÆХХЫЛ – УАЛДЗÆГ

I

Кæмдæр фæткъуытæ калынц дидин,
Кæмдæр та сакура ныррухс…
Æвиппайды æрбатахт фидæн,
Кæны нæ диссаг хæрзтæй буц.

Мæнæн та курага – мæ сæрмæ,
Йæ тæф æхцондæр – будæй…
Кокос та дард кæмдæр сæлхæрау
Йæ дыргъ нывзилы фурдмæ.

О байрай, уалдзæджы цъæх аргъау!
Æвзонгад та дæ фæрцы сног.
Мæ уарзт дæр та фæлтæхæн маргъау
Æрхаста йемæ цины ронг.

II

Ацы цардæн æмæ зæххæн
Ныр æнæ уарзгæ куыд ис?!
Скæн кæрон дæ сау фыдæхæн,
Гъей, гуымыдза-террорист!

Скæс-ма, арвæрдын куыд айтынг
Хидау диссагæн нæ сæрмæ.
Уымæй сты рæстудтæ райгонд –
Хоны сæ æрвыг къæсæрмæ.

Охх, ды та куырмæджы
Равзæрстай зындон æрмæджы…

Уалдзæгæй нымæтын ехсау
Дун-дуне алæмæт фестад,
Æмæ уары, уары абон
Сыгъдæгдæртæн цинтæ, амонд.

*2010*

## ИЗÆРЫРДÆМ

Æз дæр уыдтæн уæ карæн,
Мæ бæллицтæн къуындæг уыд арв…
Фæлæ нын дымгæмæ ныддары
Нæ буц фæндтæ йæхæдæг цард.

Кæмæн нæ вæййы цардуалдзæг ныфсдæттæг!
Æвзонгæй чи нæ вæййы хъал!
Фæлæ тæрккъæвда къалиутæ æрсæтты,
Нæ фæндтæ ахæрынц сæ хал.

1997

# ГРОЗНА – 2000

Дæ кæлддзæгты элеги зæлы –
Уыраугæ – ингæны æдзæмау.
Къуыбар цæссыгтæ ахгæнынц мæ хъуыр,
Мæ хъуыдытæ – тæгæлсæстытæ ныр.

Нæ цинæй нал аззад æртау,
Ныххуырста ныл Сайтан йæ тых.
Нæ артæй нал аззад æртдзых.
О куырм куы уыдаин фæлтау!

Нæ дæ федтаин ахæм хуызы уæд,
О ме ’намонд, мæ Горæт-Зæд!

# ФÆЗЗЫГОН ХЪÆЛÆСТÆ

I

Нæ нæрæмон вайнахты адæм,
Нæ табуйаг фыдæлты зæхх,
Цы зилгæ-дымгæ тухгæ уадæй
Дæумæ æрбабырста фыдæх!

Ныр цалæм аз, ныр цалæм,
Хуыцауæй курæм сабыр цард!
Артъауыз ныл куы калы
Йæ сау хъæстæ, йæ арт.

Ныр сырдтæ æмæ мæргъты
Нæ зæххæй бахъуыд лидзын.
Æвирхъаудæр бæллæхтæ
Мах сау куыройы зилынц…

Зындон-арт сирвæзти Хайбахыл,
Нынкъуысыдысты рæгътæ.
Уæддæр мæ дурвидар вайнахтæ
Лæууынц уæхски-уæхск хæхтау.

II

Ничи ферох, ницы ферох хæхтæй:
Афтид авдæнты дыдзы къæс-къæс,
Хурзæрин куыд айтыгъта йæ хæрдгæ,
Сидзæртæ куыд хастой тагъддæр рæз.

*2002*

* * *

Æз æнхъæлдтон, бирæ у нæ бон,
Залымдугæн скæндзыстæм кæрон.

Хорзы мæ фæндыд æдзух цæуын,
Знагæн дæр рæстауазæн кæнын.

Афтæ уыд бæргæ, фæлæ, фæлæ
У нæ дуне хин æмæ кæлæн.

О, фæлæ дзырды фарнæй уæддæр
Иуцъус цардыл схæцыдтæн уæлдæр.

*2019*

*Уырыссаг æвзагæй*
*Къадзаты Станиславы тæлмац*



# МУСА БЕКСУЛТАНОВ

*1954*

*Муса Бексултанов райгуырд 1954 азы. ЦР адæмон фыссæг (2005), сывæллæтты журнал «Арвæрдын»-ы сæйраг редактор. Уæрæсейы Фысджыты цæдисы уæнг. Фæскомцæдисы (1988), журнал «Вайнах»-ы (2008), «Серебряная сова»-йы (2005) премиты лауреат.*

*Муса Бексултановы уацмыстæ тæлмацгонд сты уырыссаг, ирон, англисаг, немыцаг æвзæгтæм. Мыхуыры цæуынц 1980 азæй нырмæ. У уацаутæ æмæ радзырдты фондз чиныджы автор, лирикон нывгæндты дæсны. Йæ уацмысты сæйрагдæр темæтæ сты нæ дуджы царды проблемæтыл: удварны хæзнатæ, хъайтары миддунейы психологи, фæлтæрты бастдзинад.*

*Фыссы цæцæйнаг æвзагыл.*

*Муса БЕКСУЛТАНОВ*

# ДОНБАКÆЛÆН «КРЕСТ»

*Радзырд*

*Алхаст Париевы кадæн*

Уый цыдæр стыр æнахуыр диссаг уыд: налдæр – хъуыдытæ, налдæр – мысинæгтæ, æппындæр ницыуал. Цыма цардæфсæст дуне æд горæттæ, æд адæм æвæдсæфт фæкодта, кæнæ та цыма уæвгæ дæр никуы уыд. Баззадысты ма æрмæст ацы алыхуызон стырдæр æмæ къаннæгдæр рæгътæ, йæ хъæбысы бакæнæгау сæ цы мит æрбатыхта, уый æмæ иугæндзон тымыгътæ.

Тымыгъ-иу куы фæхъус, уæд та ногæй дæ алыварс – уираг дуртæ æмбырдгæнджытæ, дæ фарсмæ та – рæстæгæй-рæстæгмæ топпы хъæдæй искæй фæсонтæ чи ныммыхъхъ ласы, уыцы хъахъхъæнæг. Кæй ныццæвы, уый æрхауы... Растдæр зæгъгæйæ та, хаугæ нæ, фæлæ зæххыл миты рог тъыфылау йæхи æруадзы. Фæстæмæ сыстыны хъару йæм нал вæййы æмæ, дыккаг цæфы онг æнарæхст змæлдтытæ фæкæны, цыма йæ алыварс зæххы исты агуры, уыйау… Фæархайы, йæ уæрджытыл слæугæйæ, йæ астæу араст кæнынил, фæлæ та ногæй æрхауы. Æппынфæстаг йæ къухы сыстын бафты æмæ тыххæйты ацæуы размæ. Дарддæр та цæуæн уыд, гыццыл дзыхъхъытæ æмæ къуыппытæй хи хъахъхъæнгæйæ: цæмæй дæ къах ма скъуырай æмæ та ногæй ма ахауай…

Изæры, фæстæмæ цæугæйæ, ахаудтæ, зæгъгæ, уæд дæ де ‘мбæлттæ фелвæстаиккой æмæ дæ сæ фæстæ ахæр-хæр кодтаиккой, цæмæй дыл хъахъхъæнæджы цæст ма æрхæца. Афтæ дæ ласдзысты се ‘дых цæнгтæй, цалынмæ сæ бон уа, уæдмæ. Алы къуыпп, алы дзыхъхъ дæр сын зонгæ уыд, дардмæ йæ уыдтой æмæ цыдысты, зæххæй сæ къæхтæ нæ хицæн кæнгæйæ, цæмæй ма фæцудой, ма ахауой.

Æнæкæрон мит, загъд, хъæр æмæ æлгъыстытæй уæлдай бæстыл ницы уыд. Уымæйдæр, чи кæмæ загъд кæны, чи кæй æлгъиты, уымæн ничи ницы æмбæрста … Уæвгæ та – уыдæттыл хъуыды дæр ничи кодта…

Райсомæй-иу, бардзырд «Сыстадыстут!»-ы фæстæ фæгæпп кæнгæйæ, уыныс: дæ сыхаг змæлгæ дæр нæ бакодта…

Хуыссы мардæй, рæсыд æмæ хъандзалæй... Кæд æмæ куыд амард, уымæн зонгæ дæр ничи ницы бакодта... Стæй уыдæттæм йæ хъус рагæй ничиуал дардта… Нæдæр дис истæуыл исчи кодта… Адæймаджы æнкъарæнтæ амардысты… Цыма уæвгæ дæр никуы уыдысты… Æппæт бæллицтæ сиу сты æрмæст схъарм уæвын æмæ исты бахæрыны хъуыдыты. Æрмæст ма баззадысты уыцы дыууæ æнкъарæны æмæ адæймаджы иу уысм дæр цух нæ уагътой. Æнæ иу сойы цъыртт тæнæг хъæрмхуыпп æхсæвæрæн бахæрыны фæстæ та – æрмæстдæр иунæг фæндиаг – дзулы гыццыл къæбæр дæ роны æмбæхстæй тагъддæр бафынæй уæвын. Къæбæрæй цыд фынæйы хосы хуызæн уæззау тæф. Уыцы тæфæй адæймаг не ’фсæсти, бæллыд, цæмæй йе ‘ппæт буары, суанг йæ дзаумætты дæр ахъара… Дзул уыд æхсынæнты цъатайæ конд: хуылыдз æмæ уæззау, раст æй ныллæмарæн дæр уыд. Дзулы къæбæртæ та æууилгæ нæ, æрмæст – цъиргæ, цæмæй ахсæн цыбыр рæстæгмæ уæддæр фæсайай. Гуыбын-иу стонг фосы хъуыр-хъуыр кодта. Къæбæр хæрд фæци, зæгъгæ, уæд та ‘взаг сгæрста дæндæгты ‘хсæнты – архайдта, цы муртæ дзы фæсагъд, уыдон ссарыныл.

Дзургæ ничи ницы кодта: дзырдтæ ферох сты. Æхсæв бæллыс ходæны тæнæг хъæрмхуыппмæ, бонæй – сихоры касы æртæ уидыгмæ, стæй та – изæры… Изæр – æппæты æхцондæр афон: стымбылтæ у, хуысс æмæ дзулы къæбæр цъир.

Хуыссæгæн та йæ кой дæр нæ уыд. Сыстытæ йæ хæстæг нæ уагътой… Афтæ – æнæуи, ацы цардæй фæхицæны хуызæн аныгъуыл æбæрæг фæлмы. Æмæ-иу уæд уыцы æбæрæг фæлмæй хъуыдыты сыстад Находкæйы транзитон лагерь. Уым уыдыстут æхсæрдæс минæй: хæсты фæстæ кæй æрцахстой, уыцы раздæры хæстонтæ – салдатæй инæлары онг. Уæ разæй та дзы немыцаг уацайрæгты дардтой, æмæ лагеры алыварс иу кæрдæджы хал нал баззад – немыц сæ æд уидæгтæ бахордтой.

Суткæ уын иу хатт автоцистернæйы ластой дон. Æмæ-иу уæд æнæхъæн лагерь сызмæлыд: алчи донмæ баирвæзыныл архайдта. Цистернæйы алыварс лæууыдысты хъахъхъæнджытæ, сæ хъус дардтой уагæвæрдмæ. Цистернæ-иу куы сафтид, уæд, цæмæй ахст адæм апырх уой, уый тыххæй-иу сын уыдон сæ сæрты æхст самадтой. Уый нæ феххуыс, зæгъгæ, уæд та – къæхты бынмæ, æмæ сыджыты къуыбæрттæ цæсгæмттыл уадысты. Адæм-иу фæпырх сты, æрмæст-иу цис-

тернæйы раз зæххыл æнæзмæлгæйæ баззадысты иу ссæдзы бæрцæй. Ахст адæмæй уыцы мæрдтæм фæстæмæ дæр ничи каст.

Иу лæгæн суткæ лæвæрдтой æртæсæдæ граммы дзул. Цас гæнæн уыд, уый бæрц лыстæг хæйттыл-иу æй ныддихтæ кодтат, цæмæй фылдæр фаг суыдаид, æмæ ахсæн фылдæр рæстæгмæ асайæн уыдаид. Уыдис-иу, йæ къæбæр махоркæйыл чи ивта, ахæмтæ дæр... Сыдæй мæлæг-иу йæ мамæлайы къæбæр радта, цæмæй ма фæстаг хатт тамакойы фæздæг сцъира æмæ афтæмæй йæ уд сиса…

Æртæ боны дæ иу доны æртах дæр нæ фæци. Фæстæмæ баракмæ куы здæхтæ, уæд дæ иу дæхи хуызæн æнамонд фæурæдта.

– Кæцæй дæ? – афарста дæ.

– Кавказæй, – куыдфæндыхуызæй йын радтай дзуапп.

– Цытæ дзурыс, «хицау» дæр уырдыгæй куы у, Кавказæй, – загъта та дын уый. – Цом, бацæуæм æм, æцæг мын ды иу хуыпп дон авæрдзынæ …

Камерæйы иу стыр къуымы, йæ быны дзæвгар цинелтæ æмæ бушлаттæ, афтæмæй, йæ иу къах иннæуыл æппæрстæй, йæ къухтæ йæ сæры бын кондæй хуыссыд æмæ цармæ каст иу чидæр.

Йæ алыварс дзæвгар уыд, иннæ ахæстæттæй ардæм кæй æрбаивтой, ахæм уркæтæй. Ды йын дардæй цæцæйнагау салам радтай. Лæг фæгæпп кодта, цыма йыл исчи фыцгæ дон бакалдта, уыйау, æмæ йе ‘фцæггот дзæбæхтæ кæныныл фæци. Салам раттыны фæстæ дæ, чи дæ, уымæй афарста.

– Париев дæн Хильдехоройæ, мæ фыд Пхари, мæхи ном та – Алхаст, – дзуапп ын радтай ды.

– А-а, Пхарийы фырт дæ? Зонын æй, зонын...

Цæмæйдæр фæкъæмдзæстыг, куы асырх, куы афæлурс уæвгæйæ (раст æй цыма гыццыл цыдæр давгæ æрцахстой, уыйау) дæм, æрбад уал, зæгъгæ, сдзырдта. Уый уыд Магомед Сулдаевы фырт, Хачаройæ, Итум-Калинскы милицæйы районы хайады раздæры хицау, фæстæдæр та – Шалинскы районы НКВД-йы офицер. Хуыдтой йæ Ахмед. Ды йын йæ фыды кой хъуыстай, уынгæ дæр æй фæкодтай цалдæр хатты, дæ фыд Пхариимæ хæларæй цардысты. Койæ зыдтай Ахмедæн йæхи дæр. Зыдтай, йæ къухæй лæг фæмард, æмæ уый тыххæй дæс азы ахæстоны фæбадт. Ныр та дыккаг хатт бады.

Хæринаг æмæ дон Ахмедмæ уыд, раст цыма паддзахадон хæрæндоны ис, уыйау. Уым дыууæ мæйы бæрц фæдæ æмæ ницы хъуаг æййæфтай. Дон ын уркæтæ хастой, цас æй хъуыд, уыйбæрц. Хæринаг дæр – афтæ.

Уый та каст лагеры уагæвæрдмæ. Йæ амындæй-иу лагерь растад, йæ иу ныхасæй та-иу æвиппайды ныхъхъус.

Уынгæй-иу, автоцистернæ кæй æрбацыд, уый нысангæнæн хъæртæ æмæ хъæлæба куы 'рбайхъуыст, уæд-иу уркæтæй исчи фæцагайдта, алюмин донгарзы фарс уидыгæй хойгæйæ, æмæ «Хицауæн!», зæгъгæ, хъæргæнгæ.

Иухатт та, Ахмед дæ нæ уагъта, фæлæ уæддæр донмæ ды ацыдтæ. Дæхи цæстæй дæ фенын фæндыд, донмæ куыд ис баирвæзæн, уый. «Хицауæн!», хъæргæнгæ, ды дæр уидыгæй алюмин къусы фарс хостай, æмæ адæм алырдæмты лыгъдысты, фыстæ бирæгъæй куыд лидзой, афтæ. Лыгъдысты, чи-иу ахауд, уыдон та иуварс бырыдысты сæ цыппæртыл. Уый фæстæ-иу, дæ фæдыл фыццаг чи цæуздзæн, ууыл хъуырдухæн бацайдагъ. Фæстæмæ донимæ здæхгæйæ дæр афтæ – адæмы дзыгуыр-иу дыууæ дихы фæци, дæуæн уæрæх фæндаг акæнгæйæ.

Æмæ, æцæгдæр, уыйбæрц адæм иунæг лæгæй афтæ тынг цæмæй тæрсынц, диссаг уый уыд.

– Цы сын кодтай, Ахмед? – фарстай йæ ды. – Фыстæ бирæгъæй куыд тæрсой, уыйау дæ куы тæрсынц.

– Уый, фыццаг хатт куы бадтæн лагерьты, уæдæй нырмæ афтæ у, – йæ къух ауыгъта Ахмед. – Уырдыгæй цы ныхæстæ æрбайхъуыст, уыдоны тыххæй.

Иухатт тезгъойы рæстæг лагеры хыл бацайдагъ. Хылгæнджыты баиргъæвтой, фæлæ сæ иу уæддæр сабыр кæнын нæ куымдта, хъæр кодта, æлгъыста, æмæ сæ цы нæ рахуыдта: куыйтæ, хъапхайтæ, дзырдхæсджытæ. Ахмед æй сабыр кæны, йæхи йын бацамыдта, ранымадта йын, цы лагерьты бадтис, уыдон, уыцы рæтты уæлдай кад кæмæн уыд, уыдонæй дæр ын кæйдæрты кой скодта.

Уый уæддæр йæхион кæны, зæгъгæ, мæнæн авторитет ничи у, нæдæр ды, нæдæр æндæр исчи. Цæсты фæныкъуылдмæ Ахмеды уæнгтæ фатау айтынг сты, æмæ йын йæ сæрæй æнахъинон тыхджын цæф фæкодта. Фехъуыст хус хъыррыст. Хылкъахæг, йæ къухтæ фæйнæрдæм æппæрстæй, фæуæлгоммæ, цæсгом тугæй айдзаг. Уркæтæ йын йæ къæхтыл фæхæцыдысты æмæ йæ, йæ сæр зæххыл æнæбон хост кæнгæйæ, кæдæмдæр ахæр-хæр кодтой.

– Адон адæмы хъæр не 'мбарынц, Алхаст, – загъта дын уæд Ахмед. – Хæрзаудæн цы у, уый зонгæ дæр нæ кæнынц. Семæ туджджыны

хуызæн æгъатыр хъуамæ уай. Хорздзинад сын макуы ракæн, уымæн æмæ йæ не ‘мбарынц. Куыдзы аргъ дæр дын нæ кæндзысты, нæмгæ сæ куынæ кæнай, уæд.

Дыууæ мæйы фæстæ Ахмеды арвыстой этапæй Магаданмæ, ды та уым баззадтæ. Тынг æй фæндыдис дæу йемæ акæнын, фæлæ дæ нæ ауагътой. Ахмед уыдис фыдгæнæг, ды та «Райгуырæн бæстæ уæйгæнæг». Дæуæн дæ фыдракæнд уæззаудæр уыд.

– Хъус, Алхаст, хъус. У æгъатыр, фæлæ рæстуд. Ферох кæн хæрзаудæн, нæхимæ, мыййаг, не стæм, – йæ хъæбысы дæ тыхджын нықкæнгæйæ, фæдзæхста дын Ахмед. Уæдæй фæстæмæ йæ нал федтай.

Чукоткæйы куыд уыд, ам дæр афтæ – мæрдтæ нымады дæр никæмæ уыдысты. Фыццаг бонты-иу марды æмбæхстой: барачы йæ иу ранæй иннæмæ радав-бадав кодтой, цæмæй ма йын йæ дзулы хай иуцасдæр исой. Уæддæр-иу фæстагмæ марды ссардтой, йæ ахæссыны размæ-иу æй сбæгънæг кодтой, йæ дзаумæттæ та-иу уркæты хай баисты. Уркæтæм дзул æмæ тамако алкæддæр фаг уыд. Суанг ма, туджы аргъ цы сæкæр кодта, уый дæр сæм уыд. Арæх-иу æхсæвыгæтты, чи сæ хъыгдардта, кæнæ сæ зæрдæмæ чи нæ цыд, уыдоны мардтой… Хуыдуг сæ кодтой хисæрфæнæй. Мардтой, сæ зæрдæмæ цы дзаума фæцыдаид, уый тыххæй, кæнæ та сæм, йæ дзаума кæмæн истой, уыдонæй ныхмæ исчи куы сдзырдтаид, уæд уый дæр. Се ‘гъатырдзинадæй лагеры хицауадæй фыддæр уыдысты, æмæ æрмæст ацы хицауадæй нæ, фæлæ æнæхъæн паддзахады хицæуттæй дæр. Сæ митæ æмхуызон уыдысты. Паддзахад уыдоны къухæй йæ маст иста ахст адæмæй. Алцы кæныны бар дæр сын лæвæрдтой.

Уыдис сын сæхи «устытæ» дæр, лагеры «уасджытæ», кæй хуыдтой, уыдонæй, æмæ сæ рæвдыдтой. Лæвæрттой сын сылгоймæгты нæмттæ. Афтæмæй-иу Михал сси Машæ, Василий – Верæ æмæ ноджы алы æндæр нæмттæ. «Устытæ» уркæтæн сæ къæхтæ æууæрстой, цæмæйиу тагъддæр афынæй уыдаиккой. «Лæг» та-иу къулбадæг сывæллонау æхсызгон хъæрзтытæ æмæ буцтæ кодта. «Цы кæныс, Максимчик»? – афарста-иу «ус». Кæцыдæр «Верæ» афтæ къæрцхъусæй хъахъхъæдта йæ «лæджы» фын, æмæ-иу дзурын дæр никæй уагъта. Ахстытæ уркæтæн сæ «устытæй» дæр тарстысты.

Искæй цæстæнгас-иу «усы» зæрдæмæ куынæ фæцыд, уæд иу рахъаст кодта йæ «лæгæн», æмæ-иу уæд, чи фæаххосджын, уый кæнæ над баййæфта, кæнæ-иу цалдæр боны æнæ дзулæй баззад, кæнæ та

иу пысунæйы цур фынæй кодта: æфхæрд æййæфтой, «лæг», чи цас аххосджын уыдис йæ «усы» раз, уый куыд нымадтаид, уымæ гæсгæ. Уыцы «устыты» иузæрдиондзинад сæ «лæгтыл», æцæгæйдæр, диссаг уыдис. «Ус»-иу йæ хъæлæс аивта, дзырдта-иу сылгоймаджы цъæхснаг хъæлæсæй, гацца кæстытæ-иу кодта, суанг ма-иу йæ къахайст дæр сылгоймаджы къахайсты хуызæн ссис. Æмæ-иу «лæджы» йæ «усы» «арæвдауын» куы бафæндыд, уæд-иу хъуамæ барачы иууылдæр дæлгоммæ ныххуыссыдаиккой, цæмæй «чындз» ма ‘фсæрмы кæна. Сæ фарсмæ та-иу, æнæмæнгæй, хъуамæ бадтаид «бынтыдзæуæг» æмæ баракмæ йæ хъус дардтаид.

Барак-иу ныссабыр. Барачы уыдоны мæт нæ уыд. Барак йæ сæнтты уыдта хъарм, къæркъæргæнаг дзул æмæ хæрзад хъæрмхуыпп.

Иухатт уркæтæ бафæлвæрдтой дæ барачы дæр сæхи закъæттæ æрæвæрын, ды дзы тыххæйты цы уаг æрæвæрдтай, уый фехалын. Нæ сæ бауагътай.

– Мах дæм не ‘вналæм, цæцæйнаг, æмæ нæ ды дæр ма хъыгдар, – дзырдтой дын. – Ам æндæр Кодекс ис.

Уæддæр сæ фæндæй ницы рауад. Уæ быцæу загъдмæ рахызт. Кæрæдзийы ныхас нал хъуыстат. Фæстагмæ райдыдта хыл, æмæ дзы ды сæ иуæн йæ сæр аскъуыдтай.

– Хорз, хорз! Æрсабыр уæм! – сразы сты. – Аныхас кæнæм.

Умæй фæстæмæ сæ митæ сусæгæй кæнын райдыдтой, мæнгардæй иннæты дæумæ сызнæт кæныныл архайдтой, цæмæй дæ ныхмæ фæуыдаиккой. Ды та алы хатт дæр, дæ тыхтыл нæ ауæрдгæйæ – нæмгæ, цыма-иу уый дæ царды фæстаг хыл уыд, уыйау. Дыууæ хатты диссаджы ирвæзт акодтай мæлæтæй: æхсæвы дæ базæй хъавыдысты ныххуыдуг кæнынмæ. Фæлæ дыууæ хатты дæр дæ маст афтæ райстай, æмæ ма дæ дзæвгар рæстæг хатыртæ куырдтой.

Фæстæдæр уын алыхуызон тæрхон скодтой – фынддæс, ссæдз, фондз æмæ ссæдз азы. Æртыгай мин адæймæгтыл уæ фæкъордтæ кодтой, æмæ уæ Дард Сыбырмæ æнусмæ фæхæссæгау ахастой. Дæуæн радтой фондз æмæ ссæдз азы. Дæ статья уыд «ИР» – «Изменник Родины»…

Æфсадмæ дæ хæсты размæ акодтой. Стæй хæст райдыдта, æмæ хæцыдтæ. Цалдæр нæмыджы баззад дæ буары. Дæ риуыл та дзыгъал-мыгъул кодтой, советон паддзахад дын кæй схай кодта, уыцы цалдæр алюмин хорзæхы. Дыууæ хатты дын хъуамæ радтаиккой Хъæбатыры ном дæр.

Горæттæ сæрибар кæнгæйæ, «Æфсымæрон уæлмæрдтыл» кæугæйæ, бахæццæ стут Югославимæ. Уым дæр уыдыстут сæрибархæсджытæ. Адæм уыл цин кодтой, хастой уын хæринаджы дзæбæх, сæн.

Ды æмæ лейтенант Василий Козлов расыгæй уазæгуаты бахаудтат иу æрыгон идæдзмæ. Дарддæр цы уыд, уыдæттæ нал хъуыды кодтай… Уе 'фсæддон хайы салдæттæ уæ сбастой, автоматтæ уæм ныддардтой æмæ уæ сæ разæй ракодтой. Фæстæдæр куыд рабæрæг, афтæмæй, идæдзмæ æнæхъæн æртæ суткæйы ныффæстиат стут.

Уыцы цалдæр боны алы горæттæй, алы æфсæддон хæйттæй дæр бирæ хæстонтæ æрцыдысты ахст: тæтæйрæгтæ, украинæгтæ…

Æгъатыр хæстæй уæлахиздзаутæй чи здæхт, алы бæстæты йæ хæстон æмбæлтты ныгæдæй чи ныууагъта, уыдон цæфтæ æмæ æрхуым мысинæгты рыстимæ сæ бинонтимæ, сæ хæстæджытимæ сæмбæлыны бæсты æрвыст цыдысты лагерьтæм. Æмæ сæ уым куыройы фыдтæ райдыдтой хорау ссын, фыдудæй марын: фæрстыты рæстæг фæрсчытæ сæттын, сæртæ скъуынын, дæндæгтæ згъалын. Цыбыр дзырдæй, æппæты карздæр хæст разындис разæй.

Уголовон кодексы статьятæ сыл мæгуыргуры хызыны калд хæлцау згъæлдысты хæццæ-мæццæйæ. Иууылдæр сыл сбадтысты: Райгуырæн бæстæ уæйгæнджытæ, адæмы знæгтæ, Гитлерæн æххуысгæнджытæ, æмæ уый тыххæй хæст ныддаргъы аххосджынтæ.

Алцыдæр уыдис сæ ныхмæ. Æнæхъæн дуне, паддзахад æмæ адæм иууылдæр. Се 'вварс та – ничи.

Æртæ мин адæймагæй, уыдонимæ ды дæр, Дард Цæгатмæ кæй ахастой, уыдонæй ма фыццаг зымæг æгасæй баззадысты æрмæст æртæсæдæйы бæрц. Фылдæрæй аирвæзыны амал уæвгæ дæр нæ уыдис. Уымæн æмæ дыууæ къуырийы фæцыдыстут, чи нæма ныссалд, уыцы денджызыл. Уый фæстæ, былмæ куы рахызтыстут, уæд ма аст боны та къахæй фæцыдыстут хъæды астæуты. Уæрджытæм, ранæй рæтты астæумæ миты. Адих уæ кодтой мингæйттæй, радтой уын хус къæбæртæ фондз боны фаг æмæ уæ арвыстой.

Фæндагыл та уæ ногæй адих кодтой: дæс адæймаджы – иу къорды. Иу цыдис разæй æмæ фæндаг надта, иннæтæ – йæ фæдыл. Алы æртæ киллометры фæстæ, разæй чи цыд уый ивта, йæ фæстæ чи цыд, уый. Æмæ афтæ æнæхъæн къордæй радгай фæндаг гæрстат...

Изæрырдæм иууылдæр бамбырд стут. Æхсæвиуат уым бакодтат

æмæ райсомæй баракты аразын райдыдтат. Над миты сæрыл къалиутæ дзæвгар ныккалдтат, уый фæстæ та сыл бынхъæдтæ æвæрдтат пъолæн. Пъолы алыварс кæрæдзийы сæрмæ хуыссæн бынæттæн тæрхæджытæ райдыдтат аразын. Уый фæстæ кæттаг байтыгътат, зæххы цы цæджындзтæ сагъд уыд, уыдоныл. Æхсæвы, æфсæйнаг пецы арт куы бандзæрстат, уæд пъолы бын мит тайын райдыдта, æмæ йæ хъæхъхъаг тæф хæрдмæ ныццавта, мигъы хуызæн сбадт, улæфæнтæ æхгæдта.

Уæд уæ бирæтæ амард: чи – уазал æмæ низтæй, чи та йæ тугдадзинтæ лыг кодта йæхæдæг. Дзæвгар уæ амардтой уркæтæ дæр. Фæлæ уæддæр ахст адæмы бæрц æртæ минæй къаддæр нæ кодта. Мæрдты бынатмæ-иу æндæрты æрбаппæрстой, æмæ уыдон та ноджы тагъддæр мардысты. Ныллæг æмæ къæсхуыртæн æнцондæр аирвæзæн уыд. Бæрзонд æмæ бæзæрхыгтæн – зындæр: хæринаг сын нæ фаг кодта.

Кæттаг пъалаткæтæ хъармæн ницы æххуыс уыдысты. Цы тымбыл цæнгæт пец дзы уыд, уый дæр-иу цыбыр рæстæгмæ ауазал. Сугтæ лæвæрдтой бæлвырд хыгъдæй, уайтагъд-иу сыгъд фесты, æмæ-иу уæм уæд уазалæй фæлæууæн нал уыд.

Хъæдтæ бынæй ихын цъар æвæрдтой. Райсомæй-иу цалдæр адæймаджы салдæй хуысгæйæ баззадысты. Хъахъхъæнджытæ сæ-иу дзоныгътыл æвæрдтой æмæ сæ кæдæмдæр ластой. Кæдæм, уымæн ничи ницы зыдта.

Чи ма баззад, уыдон, бон-изæрмæ цы дуртæ æмбырд кодтой, уыдонæй цæндтæ арæзтой. Тымыгъты фæстæ та уыцы цæндтæ ногæй къахтат æмæ сæ æндæр ран амадтат.

Уалдзæг æмæ сæрд Чукоткæмæ уыцы иумæ æрцæуынц, хъарм бонтæ вæййынц æрмæст дыууиссæдзы бæрц. Ранæй-рæтты митæн атайын дæр нæ бантысы.

Уалдзæджы-иу дурты астæуæй сзадысты цавæрдæр кæрдæджы хæлттæ, зокъотæ, æмæ хорз æххуыс уыдысты стонгæй ирвæзынæн. Фæлæ сæ фыццаг уалдзæг бирæ адæм фæцагъды: зокъотæ се ‘ппæт хæрынæн нæ бæззыдысты. Растдæр та, зокъотæй уыйбæрц нæ, фылдæр дзы автолы аххосæй амард.

Лагерæй гыццыл дарддæр денджызы былгæрæтты бирæ æфсæйнаг боцкъатæ уыд автолимæ: америкæгтæ, дам сæ цæмæндæр æрбаластой, фæлæ сæ хæсты фæстæ ныууагътой. Æмæ-иу ахстытæ æхсæвы автол давынмæ ацыдысты, цæмæй йыл зокъотæ сойы бæсты физонæг кæной. Барачы-иу нефты тæфæй сулæфæн нал уыд. Фыццаг дыууæ боны ницы,

фæлæ уый фæстæ мæлын райдыдтой æвзæр гуыбыннизæй. Æнамонд ахст адæмы хæлæфтæ фæсте æвзалыйæ ахуырсты хуызæн сау дардтой, æмæ уый хъахъхъæнджытæн худæджы хос уыди…

Адæймаг-иу æрхауд æмæ æрбамард. Дзагъырдзастæй, цæугæ-цæуын: сæ цæстыты-иу лакъон йеддæмæ æппындæр ницы фæд баззад, æвæццæгæн, буары лæмæгъ цæстытыл дæр бахæцыд. Гыццыл-иу йæ фæллад суадзынмæ чи æрбадт, уый-иу арæх мардæй ссардтой. Хъахъхъæнæг-иу æй фыццаг барæхой-барæхой кодта топпы цæгатæй, бынтон хæстæг æм нæ цыд. Фæлæ-иу адæймаг куынæ змæлыд, уæд ын-иу йæ фарс тыхджын нытъттъæпп кодта, æмæ-иу уæд лæг æмбыд къодахау æрфæлдæхт.

Хатгай-иу исчи исты сырды кæнæ маргъы стæг ссардта, зæгъгæ, уæд-иу æй, куыд ничи йæ фена, афтæ йæ роны амбæхста: лагеры нымудзджытæ бирæ уыд. Изæры-иу æй ныммур кодтой æмæ дзы цыдæр хъæрмхуыпгонд фыхтой, исты сойы цъырт æнхъæл, фæлæ дзы хъуамæ цæй сой уыдаид.

Хи схъарм кæныны амонд дæр-иу лæгмæ афæдз иу хатт æрхауд. Дæ цуры æд хæцæнгарз гæс куы уа, уæд хи ахъарм кæнынæл хъуыды дæр ма кæн. Ахæм фадат уыд, æрмæст дæ кæд исты æнцон куыстмæ арвитой æнæ хъахъхъæнæгæй, уæд. Уырдæм бынтон лæмæгъты æрвыстой, сæ боны куысты хæсимæ. Æниу дзы хъахъхъæнæг дæр цæмæн хъуыд, ардыгæй алидзæн никуыдæм уыд, нæдæр ли- дзыны тых искæмæ уыд. Дыгæйттæй уæ арвыстой, зæгъгæ, уæд исты дзыхъгонды арт скæн, æмæ радгай дæхи тав: боны нормæйæн уæддæр сæххæст кæнæн ницы хуызы уыд. Афтæмæй, дыууæ-æртæ боны арты фарсмæ къуындзихыл бадгæйæ, къухтæ хъарм кæнгæйæ, сыфтæртæ махоркæ тухынæн хус кæнгæйæ, уыд æрмæст иу бæллиц – цæмæй хъахъхъæнæг бæрæггæнæг ма ‘рбацæуа. Къухы æнгуылдзтæ-иу куы схъарм сты, уæд æнахуыр рыст кæнын райдыдтой. Буар иууылдæр схъарм кæнынæн фæздæг ронмæ уагътат, цæмæй уæ дзаумæтты дæр ахъара. Уыцы тæфæй æхсызгондæр тæф нæ уыди.

Æмæ-иу уæд, арты цур дæхи хъарм кæнгæйæ, æцæгдзинадæй фæхицæн у, цæрын та дæ æрфæндæд, бафæндæд дæ æууæндын амондыл æмæ Хуыцауыл, ис æви нæй, ууыл-иу хатгай гуырысхо кæнын цы Хуыцауы тыххæй райдыдтай, ууыл. Æнæ гуырысхойæ та Хуыцау æдзухдæр дæ фарсмæ уыд, æмæ йыл зæрдиагæй æууæндыдтæ. Уый уыди дæ иунæг, дæ хæстæгдæр æрдхорд. Хуыцау уыдис арты, хæринаджы, фыны. Æмæ де ‘мбал æнæнхъæлæджы фæхъæр кодта «Æрбацæуы!»,

зæгъгæ, уæд ма-иу аззад иунæг фæндиаг – хъæлæсы дзаг ныккæуын, зæххыл уæлгоммæ хи аппаргæйæ, хъиу-хъиу кæнын, къахæй кæй скъуырынц, ахæм къæбылайау. Стæй – фæсмон, арт кæй уыд, ууыл, цыдæриддæр дæ бæллицты уыдтай, уыдоныл: уымæн æмæ иууылдæр уыдысты сæнттæ, цæстсайæнтæ. Ахæм бонтæ-иу уыдысты афæдз кæнæ афæдзы ‘рдæг иу хатт. Æмæ та-иу алы хатт дæр раздæрау – сæнтты уацары, ног æмæ ног сайды. Æмæ та ногæй кæуын, фæсмон кæнын уыцы «амондыл». Фæлæ уæддæр бæллыс уыцы бонтæм, цæмæй та ногæй дæ сæнтты ахæсты фæуай.

Иу бон, иу уысм дæр-иу йæ цардыл тох кæнын кæй нал бафæндыд, уый-иу уайтагъд ныссалд, æмæ-иу æй дзоныгъыл кæдæмдæр аластой. Æмæ уæд дæ сæйрагдæр хъуыды сси, иу уысм дæр лæмæгъдзинад дæхимæ хæстæг нæ бауадзын, тох кæнын дæхиимæ, æгас дунеимæ, цæмæй бафæразай. Æмæ дæ-иу æрмæстдæр уыцы иунæг бæллиц слæууын кодта райсомæй дæ къæхтыл, изæрæй та дæ здæхта ногæй баракмæ.

Адæммæ кæсынæй ницы пайда уыд. Уыдон бафæлладысты тох кæнынæй, уыдонмæ кæсгæйæ, уæнгтæ састысты, афтæмæй та тас уыд фæхæрд уæвынæй. Æмæ уæд, цæмæй ма ахауай, алцæмæн дæр бафæразай, уый тыххæй æппындæр никæйуал уыдтай, цыма раст æгас дунейы зыбыты иунæг дæ, дæ алыварс æппындæр ничи ис, уыйау. Адæмыл нал хъуыды кодтай, æрмæст – дуртыл æмæ бæлæстыл. Уыдоны дæр хъысмæт, сæхи нæ бафæрсгæйæ, æрбахаста ацы зæххы кæроны уазал æмæ æххормаг бынæттæм. Уыдон дæр уыдысты удæгас: бæлæсты къабузты тугдадзинты кæлæгау цыд сæ туг, сæ уидæгты та уыдысты сæ удтæ. Тох кæнынæй цы дур бафæллад, уый-иу ныппырх, змис-иу фестад, бæласы та-иу тымыгъ бындзарæй æд уидæгтæ сыскъуыдта. Уыдон дæр алы бон, алы сахат, алы уысм лæууыдысты æнусон тохы хæстонтау уазал, стонг æмæ тымыгъты ныхмæ. Уыдонимæ ды дæр иу бонæй иннæмæ – уыцы иухуызон: сæумæцъæхыл сыст, изæрмилты баракмæ здæх, уыцы иухуызон цъир дзулы къæбæр, тох кæн мæлæтимæ. Бирæ фæтох кодтай, кастæ, алы бон дæр дзоныгъыл кæдæмдæр кæй ластой, уыдоны фæстæ.

Фæндзайæм азы декабры иу хъызт райсомы онг алцæмæн дæр быхсыдтæ.

Уыцы райсом сыстын нал бафæрæзтай.

Уыцы райсом дæ æппындæр ницыуал хъуыд.

Уыцы райсом асаст дæ ныфс, ферох дæ цæрыны бæллиц.

– Амардзысты дæ, сыст уæлæмæ! – лæгъстæ дын кодтой де 'мбæлттæ.

– Мæлын мæ фæнды. Бафæлладтæн! – дзырдтай ды. – Мæ къух мæхимæ сисын нæу мæ бон – ме 'нæуынондзинад мæ нæ уадзы.

– Нæмыг дын бахæлæг кæндзысты, ныцъцъæлтæ, ныммуртæ дæ кæндзысты, – загътой та дын ногæй.

Уæддæр нæ сыстадтæ. Цардыл тох кæныны бæсты равзæрстай мæлæт, уымæн æмæ йыл нæ уыд тох кæнæн, дæ цæсгом не счъизи кæнгæйæ. Цæмæй иугыццыл æфсæстхуыз суай, уый тыххæй хъуамæ искæй мамæлæйы къæбæр байсай. Цæмæй схъарм уай, уый тыххæй хъуамæ искæй фæкæуын кæнай. Уый та дæм каст тынг æгад. Афтæ бакæнын никуы бауыдаид дæ бон. Де 'мбæлттæ куы бамбæрстой, нæ сыстдзынæ, уый, уæд дæ дзоныгъыл сæвæрдтой æмæ дæ семæ донбакæлæны 'рдæм аластой, цæмæй дæ иннæтæ ма амарой. Аластой дæ, иннæтæ сын æнæуынон кæй уыдысты, уый тыххæй, цæмæй уыдон искæй марыны æхсызгондзинад ма бавзарой.

Донбакæлæны сæрмæ уæззау мигъ, миты уæзæй æртасæг бæлæсты къабузтау, салд зæхмæ фæскъаугай æрзæбултæ. Ардæм хур никуы фæзыны, æмæ йын нæдæр йе скаст уыдтай, нæдæр – йæ аныгуылд, фæлæ сæ хорз хатыдтæ, мигътæ-иу куыд фæфæлурсдæр сты, уымæй. Мигъимæ-иу зæххыл æрхуыссыд уæззау æмæ дæрзæг халас.

Дзоныгъы хуыссыдтæ уæлгоммæ, кастæ де 'мбæлттæм æмæ дæ фæндыд æрмæстдæр амæлын.

Æнæхъæн зымæг уæ кодтой кусынмæ, ихæй æмбæрзт, лæгъз æмæ æнæкæрон донбакæлæнмæ. Ихы бынæй къахтат, сæрдæй нырмæ дзы цы хъæдтæ баззад, уыдон. Бон-изæрмæ скъахæн уыд æрмæст дыууæ-æртæ хъæды. Уæ зазнтæ – къуымых æмæ уæззау. Их та – схонау хъæбæр. Алы цæфæй дæр-иу къухтæ уæхсчыты онг срыстысты, стæй та-иу, цыма дæхицæй нал сты, афтæ каст адæймагмæ.

Райсомы хъæрмхуыпп уыд иу сахаты куысты фаг. Сахаты фæстæ-иу зазн сисыны тых нал баззад. Æмæ уæд æрмæстдæр ихыл рацу-бацу кæн, искуы-иу хатт æй æфсоны цæфтæ кæнгæйæ. Кæд æнæ 'рлæугæйæ, æнæ 'рбадгæйæ куыстаис, уæд дæ хъахъхъæнджытæ сихорыл касы æртæ уидыджы бахæрын бауагътаиккой.

«Ныр ам дзоныгъы цы хуыссын, æххормагæй амæлынмæ æнхъæлмæ кæсгæйæ? – ахъуыды кодтай æвиппайды. – Фæлтау сыстон æмæ былгæрæтты араст уон. Уæд мæ æнæмæнг фехсдзысты. Уый фæстæ та

дыууæ хатты фехсдзысты хæрдмæ, цæмæй сæм æртæ афтид гилдзы уа хицауадмæ равдисынæн!»

Ахст адæмы афтæ мардтой, фыццаг-иу æй маргæ акодтой, уый фæстæ та-иу дыууæ «тæрсæн» гæрахы фæкодтой хæрдмæ. Фæлæ уый тыххæй хицауадмæ ныхас бахæссын ничи уæндыд. Чи бахъаст кодтаид, уый уайтагъд амардтаиккой, стæй хъастæй цы пайда уыд, уæддæр дзы ницы фендæрхуызон уыдаид.

Сыстадтæ дзоныгъæй æмæ, дæ чъылдым дæ гæстæм раздахгæйæ (уыдон уыцы рæстæг арты алыварс бадтысты, цай æмæ сигареттæй сæхи хъарм кодтой), сындæггай араст дæ размæ, гæрахмæ æнхъæлмæ кæсгæйæ: цы уыдтæ, умæй иууылдæр хъустæ фестадтæ, хъуыды кодтай, цымæ дыл нæмыг кæм сæмбæлдзæн – дæ къæбутыл, дæ фæсонтыл æви дæ галиу уæны бынмæ... Цыдтæ, фæлæ гæрах нæ райхъуыст. Нæ йæ фæндыд райхъуысын. Стæй иуафон фæстæмæ фæкастæ – цас адард дæ, цас фæцыдтæ, уый не 'мбæрстай.

Бæстыл ничи уыд. Æрмæстдæр раздæрау уæззау мигъ, халас æмæ удмарæн æгуыппæгдзинад.

Æмæ уæд фæстæмæ раздæхыны фæнд нал скодтай. Скарстай: уæддæр кæмдæр ам амæлдзынæн, æмæ цыдтæ дарддæр. Дзæвгар ацыдтæ (æртæ-цыппар километры бæрц), æмæ уæд дæ размæ фæци, йæ дæргъæн дыууæсæдæ метры бæрц кæмæн уыд, ахæм цыдæр митын амаддзаг… Æви – миты тыхт амаддзаг. Йæ иу кæронæй фæздæджы къуыбылой фæзынд. «Арт!» – ферттывта дæ хъуыдыйы. Бæзджын кæттагæй æмбæрзт дуарыл куы бахызтæ, уæд мидæгæй цæсты къух фæтъыссæн уыд фыр талынгæй.

Гыццыл фæстæдæр, дæ цæстытæ куы ацахуыр сты, уæд та амаддзаджы кæронæй фæзынд рухсы лæмæгъ таг. Бамбæрстай, арт пецы кæй судзы. Ноджыдæр ма акъахдзæфтæ кодтай арты 'рдæм, дæ дыууæ фæрсты дæр – цыдæртæ кæрæдзийыл амадæй, æмæ сæ астæуты размæ тыххæй бырыдтæ. Пецы раз – стыр къодах æмæ бирæ саст сугтæ. Адæймаг зынæг дзы нæй.

Дзæбæх куы бахъарм дæ, уæд дæ бафæндыд, цæй амаддзаг у, уый базонын. Артæй иуварс куы азылдтæ, уæд ауыдтай æнахъинон ныв: дыууæ къулы æнцой кæрæдзи сæр амад уыдысты бæгънæг мæрдтæ. Кæлмдзæфы гæпп фæкодтай: зæрдæ зондæй раздæр фæтарст – йæхи удаистæй риуы къултыл ныххоста. Бамбæрстай, мæрдты цы фæкæнынц, уый. Бахъардтой дæм, лагеры хъус-хъус цы дам-думтæ цыд,

уыдон, зæгъгæ, чидæртæ лагерæй ацæуынц мæрдты фыд хæрынмæ. Уыцы ныхæстæ кодтой тынг æцæгхуызæй, кæд сын иу æвдисæн дæр нæ уыд, уæддæр. Цыппæрвадыгæй лидзынмæ фæдæ. Æддæмæ куыд рагæпп кодтай æмæ, кæцæй æрбацыдтæ, уыцырдæм куыд фæцæй-лыгъдтæ, афтæ фæсте айхъуыстай:

– Æрлæуу, мæрдхор, фехсдзынæн дæ!

Æрлæууыдтæ, дæ къухтæ хæрдмæ сдардтай. «Мæнæ дын уый та мæ мæлæт, – ферттывта дæ сæры, – уымæйдæр ахæм æнæсæрфат мæлæт». Хъахъхъæнæг дæ фæстæмæ мидæмæ бакодта, топпы бырынкъ дæ фæсонтыл даргæ. Уый дæр дæхи хуызæн ахст лæг, фæлæ уæйгæнæг, уыдонæн кусæг, фæстагмæ кæй ныммардзысты, ахæм. Хъахъхъæнæг æрзылд, басгæрста æппæт мæрдты дæр æмæ дзы ног лыг фæдтæ куынæ федта, уæд дæ фæстæмæ æддæмæ ракодта.

– Исчи йæ куы базона, ам уыдтæ, уый, уæд дын аирвæзæн нал ис, капут, – зæгъгæ дын хъыримаджы хъæдæй дæ бæрзæй ныццавта.

Зæхмæ æрхаудтæ æмæ тагъд-тагъд иуварс дзæвгар абырыдтæ, стæй фæгæпп кодтай æмæ донбакæлæны ‘рдæм лидзынмæ фæдæ…

Уынгæ ницыма фæкодтай, афтæ дæ хъустæ ацахстой, их цы зазнтæй састой, уыдоны уынæр. Æмæ уæд æрбадтæ миты рагъыл: дарддæр цæуыны хъару дæм нал уыд.

«Кæд уый дæ хъуыддаг ацыдыл нымад у, уæд æгæр тынг ацыд дæ хъуыддаг, Париев! Афтæ нæу? Æви фриц дæр де ‘фсымæр у, цæцæй-наг?» – дæ хъустыл ауад дæ хæстон командиры хъæлæс.

Уæд сымах Белоруссийы хъæды лæууыдыстут. Немыц та – фондз километры æддæдæр. Цыппар салдатæй уын бахæс кодтой «æвзаг» самал кæнын, уымæй дæр æрмæст афицер.

Уыд æрæгвæззæг йæ иугæндзон къæвдатимæ. Уарыд уыцы æхсæв дæр. Немыц кæм æрбынат кодтой, уый æхгæд уыд зæххы сагъд æртæ метры дæргъæн михтæй быруйæ. Быруйы алыварс дæс æмæ ссæдз метры æддæдæрты иу бæлас, иу къудзи нал ныууагътой, быдыр та хуым бакодтой. Кæрæдзимæ куыд зындаиккой, ахæм дæрддзæгмæ быруйы сæрмæ чысыл кæразгæндты бын лæууыдысты хъахъхъæнджытæ. Быру рухс кодтой бæрзонд цæджындзыл ауыгъд дыууæ стыр прожекторы: иу – мидæджырдыгæй, иннæ – æддæрдыгæй. Сусæгæй æввахс бацæуæн ницы хуызы уыд. Зæгъгæ, стыр диссагау уый искуыд къухы бафтыд, уæддæр дæ æвиппайды фæмард кодтаиккой. Иуыылдæр иумæ аз-

гъордтат быруйы ‘рдæм. Хуымгонд быдыры цъыф ныхæстис къæхтыл.

Федтой уæ. Райхъуыст хъæртæ. Автоматы æхстытæ. Сиренæ. Немыц прожекторты рухсæй сæ алывæрстæ сгæрстой. Фæстæмæ хъæдмæ ныццавтат, фæлæ нæ бахæццæ стут. Цы хабар у, уый ничи æмбæрста, уæ алыварс бæстæ зындон фестад. Уыцы æхсæв уæ æхстой, æвæццæгæн, цыдæриддæр адæймаг хæцæнгарзæй æрхъуыды кодта, æмæ дзы немыцмæ цы уыд, уыдонæй.

Гранаты срæмыгъд дæ хæрдмæ куы фехста, уæд уæлдæфы ауыдтай къухтæ… къæхтæ. Ныххаудтай цыдæр дзыхъхъы, дæ фæстæ та æркалдысты хуылыдз сыджыты къуыбæрттæ. Æхстытæ æмæ рæмыгъдтытæ цалдæр сахаты дæргъы нæ банцадысты. Немыц афтæ фенхъæлдтой, æрхъула сыл кондæуыд, зæгъгæ.

Дæ галиу уæраджы бынмæ хъарм цыдæр æрлæсæн кодта. Боныцъæхты размæ гæрæхтæ куы фæсабырдæр сты, уæд хъæды дзыхмæ рахылдтæ. Уым де ‘мбæлттæй иуы мардæй ссардтай, рæмыгъд ын йæ иу къах йæ сины онг атыдта. Йæ гæххæттытæ йын демæ ахастай. Хæсты хъæр уе ‘фсæддон хаймæ куы фехъуыст, уæд уæм агурæг рацыдысты. Къалиутæй арæзт сынтыл дæ сæвæрдтой æмæ дæ ахæр-хæр кодтой æфсæддон хаймæ.

Къомандир дæм, иунæг ды кæй аирвæзтæ æгасæй, уый тыххæй хæстон трибуналæй æртхъирæн кодта: «Кæд уый дæ хъуыддаг ацыдыл нымад у, уæд æгæр тынг ацыд дæ хъуыддаг, Париев! Афтæ нæу? Æви фриц дæр де ‘фсымæр у, цæцæйнаг?»

Иу мæй дæ ахстæй фæдардтой. Стæй дæм радтой рæстдзæвины æхсæнгарз. Æмæ сдæ иунæгæй хæцæг снайпер. Фæлваргæ дæ кодтой. Ахæм хæцæнгарзимæ, уæлдайдæр та иунæгæй, æнцон уыд алидзын, кæнæ та немыцмæ дæхи раттын. Хъуамæ демæ æрбахастаис æвдисæнтæ, кæй амардтай, уыцы немыцæгты документтæ. Æртæ мæйы афтæ фæхæцыдтæ. Фаг æрбахастай æвдисæнтæ, кæд сæ-иу хатгай сисæн ницы хуызы уыд, уæддæр. Ногæй та федтай мæлæты цæстытæ фæстæдæр, немыц куы лыгъдысты, уæд.

Уе ‘фсæддон хай тынг зын уавæрты хæцыд, тынг бирæ уæ фæмард, стонг æмæ уын сыстытæй та фервæзт æппындæр нæ уыд, чи ма баззад, уыдонæн сæ тых хордтой.

«Æдзух æппæты зындæр ран мах уыдыстæм, фæлæ фæстæмæ иу къахдзæф дæр нæ акодтам. Ныр нын дæттынц баулæфыны бар – иу мæйы æмгъуыдмæ нæ æрвитынц курортмæ, уымæ гæсгæ уæхи цæттæ

кæнут, райсут уæ саперы белтæ, уæ хæцæнгарзмæ дæр базилут. Изæры араст уыдзыстæм. Ардыгæй станцæмæ ис фынддæс километры», – загъта уын уæ къамандир.

Уый уыди зымæджы, февралы мæйы. Уæхи цæттæ кæнут та хуыдта, зæгъгæ, уæ сыстæйдзаг дзаумæттыл иту сæвæрут, æнæхъæн æфсæддон хайы цы иунæг иту уыд, уымæй.

Изæры слæууыдыстут колоннæйæ æмæ, хъазæн ныхæстæ кæнгæйæ, араст стут, кæм ис, уый бæрæг цы курортæн нæ уыд, уырдæм.

Æхсæвы дыууадæс сахатыл уæ иу тыгъд быдыры, цавæрдæр æфсæн фæндаджы цур æрурæдтой. «Ауылты цæудзысты, фæстæмæ чи лидзы, уыцы немыц, – бамбарын уын кодта уæ къамандир. – Уацары сæ райсын хъæуы удæгасæй. Хъусут! Фæндаджы былтыл æрхуыссут, иу æхст дæр – нæ. Æз дамбацайæ куы фехсон, уæд сæм хæцæнгæрзтæ ныддардзыстут æмæ сæ æрцахсдзыстут. Иууылдæр бамбæрстат?

Ничи ницæмæй бафæрсын бауæндыд… Раст æртæ сахаты фæстæ разындысты æфсæнвæндагыл рæнхъæй цæуæг адæм, æрбайхъуыст сæ зарын.

Немыц уæ астæу куыддæр фесты, афтæ фæцыд дамбацайы гæрах, фæгæппытæ кодтат æмæ сæм хæцæнгæрзтæ ныддардтат. Сæ къухтæ сдардтой. Немыцаг салдæттæ уыдысты хæрзхаст, кæд зымæг уыд, уæддæр сæ дыстæ тылд, сæ астæуты сæ худтæ тъыст, алкæмæн дæр йæ фæсонтыл рифтаг æд хæринаг æмæ нуазинаг.

Чидæр уæ немыцæгтыл йæхи ныццавта, стæй та фондз-æхсæзæй, уый фæстæ райдыдта æцæг тох, растдæр та – над. Къамандир хъæр кодта, хæрдмæ æхста йæ дамбацайæ. Фæлæ дзæгъæлы. Райдыдта лæгæй-лæгмæ хæст... Чи кæимæ хæцыд, чи кæй надта æмæ мардта, уый бæрæг нал уыд. Стонг, уазал æмæ бирæ æндæр цæмæйдæрты цух адæм хæцыдысты, чи куыд арæхсыд, афтæ, суанг дæндагæй дæр ма. Фæндыд сæ бахæрын, сæхи схъарм кæнын æмæ сæ фæллад суадзын. Иннæтæм цард куыд каст, афтæ уыдонмæ та мæлæт каст сæрибарау, ирвæзæн хосау. Боныцъæхыл немыц «Гитлер капут! Гитлер капут!» хъæр кæнын райдыдтой.

Фæхицæнтæ уæ кодтой. Куы æрбабон, уæд немыцæн хъахъхъæнджытæ сæвæрдтой, стæй къомандир фæстæмæ фæзылд æмæ фæхъæр кодта:

«Париев! Ардæм-ма рацу!»

Бахæс дын кодта, æрхъулайы бынатыл æрзилын, ссарын, чи бамбæхст, уыдоны. Марыны бар дын нæ уыд, æгасæй сæ хъуыд æрбакæнын.

Хæсты ахæм бардзырд тынг зын сæххæстгæнæн уыд, нысан кодта – мæлæт. Лæмбынæг фæзылдтæ фæндаджы алывæрсты æмæ фæстагмæ фондз æмбæхст немыцаджы ауыдтай. Æрцахстай сæ. Иннæтæм сæ куыд фæцæйкодтай, афтæ афицертæй иу немыцагау скъаманды кодта, æвæццæгæн, йæ цинмæ гæсгæ, иннæтæй хистæр уыд. Уыдон дæр рæнхъ алæууыдысты. Æмæ уæд, къаманды чи радта, уый дамбаца фелвæста æмæ дзы алкæмæн дæр йæ къæмисæн фæцæф кодта. Фæстагмæ йæхи дæр фехста.

Дæуæй ферох рæстæг æмæ дæрддзæг. Ды дæ къомандиры къухы уыдтай, дæумæ цы дамбаца ныддардта, уый. Æмæ та ногæй лæгæй-лæгмæ федтай дæ мæлæт. Къамандир дын, æнæдзургæйæ, комкоммæ дæ цæстытæм бирæ фæкаст. Дæ фæсонтыл дæ хид æрлæсæн кодта.

«Куыдзæн – куыдзы мæлæт, Париев!» – зæгъгæ, фæкодта фæстагмæ, йæ дзых бахудынæзмæлд кодта æмæ йæ дамбаца йæ хуымпъыры нывæрдта. Ды сындæггай дæхи митыл æруагътай. Ногæй та мæлæт дæ иувæрсты ахызт.

Фæстæдæр уæ Василий Козловимæ трибуналмæ дæр уыцы къомандир радта, Югославийы уæ идæдз сылгоймагмæ куы ‘рцахстой, уæд…

Цалынмæ дæхи æрæмбæрстай, уæдмæ бирæ фæбадтæ æнæзмæлгæйæ. Стæй, мигъ куы фæбæзджындæр, уæд баиу дæ, их чи саста уыдонимæ. Уыцы æхсæв фыццаг хатт Чукоткæйæ алидзыны фæнд скодтай, кæд æхсæз азы дæргъы уый нырма никæй къухы бафтыд, уæддæр. Лидзыныл-иу афæлвæрдтой, фæлæ дзы ацæуæн никуыдæм уыд, стæй сæм дард ацæуыны бæрц хъару дæр нæ уыд. Чи-иу алыгъд, уый-иу амардтой æмæ-иу æй лагерьмæ фæстæмæ æрбаластой. Афтæ æрбаластой, чукчæтæ кæй банымыгътой, ахæм дыууæ литоваг æмæ иу тæтæйраджы дæр.

Мит-иу рæгъты тайын куы райдыдта æмæ æнусон цъæх къутæр – зæххыл хилæг куы разынд, уæд-иу дардæй сау тæппæй фæзынд, йæ мусонг æвæрынмæ чи тагъд кодта, уыцы чукчæ. Цалдæр боны фæстæ та-иу æрбазынд цæгатаг сагты стыр рæгъау…

Чукчæтæ не ‘рвæссыдысы лыгъд адæмы æхсынæнты змихæй конд хус къæбæртыл. Цалдæр хатты дзы-иу æркъæпп кодтой, фæлæ-иу æй фæстæмæ рату ластой. Дзидза хордтой хомæй, кардæй дзы тæнæг уадздзæгтæ лыг кæнгæйæ, æмæ-иу туг сæ роцъотыл калд. Ацы æртæ алыгъдысты æхсæвыгон, иннæтæ куы бафынæй сты, уæд. Чукчæтæм

сæхи схъарм кæнынмæ æмæ сæ фæллад суадзынмæ æрлæууыдысты. Куы бахъарм сты æмæ куы бахордтой, уæд сæ дард фæндаджы размæ сæ фæллад суадзынмæ æрхуыссыдысты. Куыддæр афынæй сты, афтæ чукчæ, йæ сагты йæ тых, йæ бонæй скъæргæйæ, лагерьмæ фæхабар кодта.

Лыгъд адæм куы райхъал сты æмæ чукчæйы куынæ федтой, уæд ма сын хъуыддаг бамбарынæн цы хъуыд. Фæгæппытæ кодтой æмæ лагеры ʻрдæм ныййарц сты, цалынмæ конвой нæ рацыд, уæдмæ лагеры бæстыхæйттæм сæ къухы бахæццæ уæвыны ныфсимæ. Хорз æй зыдтой, лагерæй æддæдæр сæ куы ʻрцахсой, уæд сæ амардзысты.

Æрмæст ма сæ дыууæ километры хъуыд, афтæ хæрхæмбæлд фесты. Амардтой сæ, æмæ сын сæ мæрдтæ дзоныгъæй баракты раз раппæрстой. Фехстой сæ чъылдымырдыгæй, стæй ма сын фæйнæ æхсты та сæ сæртæ фæкодтой. Литовæгтæ æмæ тæтæйрæгтæ фидар уыдысты, мæлгæ дæр æмырæй, æнæ хъæр, æнæ хъæрзтытæй кодтой. Цæуылдæр æууæндыдысты, кæнæ та сæ æппындæр ницыуал уырныдта... Иугæр литоваг загъта: «Æз бафæлладтæн. Æз ацæуон», – уæд æй зон, мæлынвæнд скодта. Уæд-иу, йæ къухы иу стыр дур, афтæмæй æдзæмæй, хъахъхъæнджытæн комкоммæ сæ цæстытæм кæсгæйæ, уыдоны ʻрдæм алæгæрста. Кæнæ та-иу кусджыты къордæй фæхицæн æмæ-иу, йæ чъылдым хъахъхъæнджытæм, афтæмæй фæцæйцыд. Йæ фæндаг ыниу, æнæмæнг, фескъуыдта нæмыг.

Иухатт та уæ иу зымæгон райсом лагеры хицауад, бон нæма æрбацъæх, афтæмæй сыстын кодта. Уемæ æнахуыр цыдæр лæгъз ныхас кодтой, цыма уæ исты агуырдтой, сæ цæстæнгас дæр уыд ахæм лæгъстæйаг: æмæ уын райдыдтой дзурын, цæмæй семæ уæ тыхтæ баиу кæнат, лагеры алыварс цы америкæгтæ æртыхстысты, уыдоны ныхмæ. Æмæ лагерь сыстад «сæрибарыл тохмæ». Фæндыд сæ æрмæст сæ гуыбыны дзаг бахæрын, сæ фæллад суадзын æмæ ацæуын, сæ къæхтæ сæ кæдæм хастаиккой, уырдæм.

Фæлæ, лагеры алыварс чи æртыхст, уыдон уыдысты советон салдæттæ. Цалынмæ хабар бамбæрстат, уæдмæ уæ цалдæры амардтой. Æртæ боны уæ куыстæй суæгъд кодтой, æмæ уыцы бонты хæринаг цы у, уый ма уæ зæрдыл æрлæууыд: диссаджы минас фæкодтат: консервтæ, кæсаг, сæкæр, дзул, нæлхæ.

Цыппæрæм бон, ног цы салдæттæ æрцыдысты, уыдон ныхас кодтой уæ алкæимæ дæр, фарстой, цæмæй хъаст кæнут, уымæй. Цалдæр боны фæстæ уæ раздæры хицæуттæй æмæ уæ хъахъхъæнджытæй иу

дæр уым нал аззад. Ногтæй сæ баивтой. Хъус-хъус кодтой, се 'ппæты дæр, дам, фехстой. Сымах уæддæр нырма ницы æмбæрстат.

Уый фæстæ æппæты лæмæгъдæртæй авд æмæ æртиссæдзы иннæтæй фæхицæн кодтой. Уыдонимæ уыдтæ ды дæр.

– Сашкæ, мæн уырны, Хуыцау ис! – загъта дын тæтæйраг.

– Мæн дæр, – дзуапп ын радтай ды.

Уыцы тæтæйрагимæ хæлæрттæ уыдыстут, ды йæ уркæтæн æфхæрын нæ уагътай. Уркæтимæ дæуæн иумæйагæй ницы уыд. Ды уыдоны зыдтай, уыдон та – дæу. Дæуæн уыди дæхи бынат, æмæ уый алчидæр зыдта. Зыдтой: демæ цыфæнды ныхмæлæуд дæр уæ иуы мæлæтæй кæй ахицæн уыдзæн. Мæлын та никæй фæндыд. Цы авд æмæ æртиссæдз адæймаджы фæхицæн кодтой, уыдоны дыккаг бон арвыстой, фынддæс километры æддæдæр цы лагерь уыд, уырдæм. Ды уыцы лагерæн зонгæ дæр ницы кодтай. Æмбисвæндагыл ахæм тымыгъ сыстад, æмæ нæдæр акъахдзæф кæнæн уыд,  нæдæр исты фенæн æмæ фехъусæн. Цæуынæн тыхтæ нал баззад. Стæй, кæдæм цæуыс, уый бæрæг дæр нæ уыд. Æмæ-иу æрхаудтай, сыстадтæ-иу, фæлæ та-иу ногæй æрхаудтай. Тæтæйраг дæм хъæр кодта:

– Сашкæ, Сашкæ, амæлдзыстæм, сыст! – хъавыд дæ йæ фæдыл ласын.

Фæстагмæ митыл æрхаудтæ æмæ дæм мит уыцы хъарм фæкаст. Дæ цуры куыдта тæтæйраг. Ды та уыцы рæстæг фынтæ уыдтай…

– Ампутаци... Василич, æрмæстдæр ампутаци... – ацы ныхæстæ уыдысты, фыццагдæр дæ хъуыды цы 'рцахста, уый.

– Нæ, нæ, – дзуапп ын радта æндæр чидæр.

Стæй банкъардтай, къуымых цыдæр дын лыг кæны дæ къухтæ. Æмæ та ногæй ницыуал бамбæрстай.

Цалдæр боны фæстæ дæхимæ куы 'рцыдтæ, уæд хуыссыдтæ сынтæгыл.

Дæ дыууæ армытъæпæны, стæй де 'нгуылдзтæ дæр уыдысты операцигонд. Дæ салд къухтæн сындæггай сæ цъæй хъардта. Хъæр кодтай æвиргъау рыстæй, архайдтай, сынтæгмæ цы бæттæнтæй баст уыдтæ, уыдон атоныныл. Дæ хъæрæй æнæхъæн дуне дæр бакъуырма уыдаид. Дæ цурмæ бацыд бæрзонд къæсхуыртæ къуырфдзæст нæлгоймаг.

– Бафæраз, салдат, ды ма ацы къухтæй пълотниччы куыст дæр кæндзынæ, æмæ цин кæн, чи зоны… – йæ ныхас дарддæр нал ахæццæ кодта, дæ риу дын бахоста, иугыццыл ма дæм æдзынæгæй фæкаст, цыма дæ хуыздæр бахъуыды кæнынмæ хъавыд, уыйау æмæ æнæдзургæйæ ахызт.

Цы æртæ æмæ æртиссæдз адæймагæй уæ фæхицæн кодтой, хæрзаудæн кæнæгау, уыдонæй ма бынатмæ фæхæццæ æрмæст цыппар, фæндзæм та – ды…

Суткæйы фæстæ тымыгъ куы банцад, уæд уæм агурæг рацыдысты. Фæстæдæр куыд дзырдтой, афтæмæй, чи басыд, уыцы адæм фæндаджы былтыл баззадысты бирæ митын чысыл къуыбыртæй. Æмæ мæрдты къахын æмæ дзоныгъты æвæрын куы райдыдтой, цæмæй сæ аласой, уæд уыцы адæмæй иу (уый дæр дæу хуызæн ахст адæймаг) æрбадти йæ фæллад суадзынмæ иу марды цур. Йæхи тыхт тамако ссыгъдта æмæ йæ къух марды роны атъыста, кæд дзы мыййаг махоркæйы муртæ ис, зæгъгæ. Марды риу йæ дзаумæтты бын хъарм разынди, хъуыст йæ зæрдæйы лæмæгъ куыст. Гъе афтæмæй морджы бæсты санитарон хаймæ бахаудтæ. Æртæ мæйы фæстæ та дæ ногæй куыстмæ арвыстой. Скодтой дын сæрмагонд асыкк æмæ дын-иу æй дæ фæсонтæм бабастой.

Ды-иу ныггуыбыр кодтай, цæмæй дын дзы иннæтæ дуртæ бавгæной, бынатмæ фæхæццæйы фæстæ-иу дæ астæу сраст кодтай, æмæ дуртæ зæхмæ калдысты. Дæ къухтæ æдзухдæр дардтай дæ разæй, бызгъуырты тыхтытæй. Хæрды рæстæг дын-иу исчи уыцы бызгъуырты ‘хсæн уидыг батъыста, цæмæй дæхæдæг хæрай. Æниу дзы уидыг дæр ницæмæн хъуыд: хъæрмхуыпп афтæ тæнæг æмæ гыццыл уыд, – æрмæст цалдæр хуыппы. Дзул никуы хордтай хъæрмхуыппимæ – фæстæдæрмæ йыл ауæрстай.

Дæ къухты бæттæнтæ ногæй аивынмæ ма фæстаг хатт куы бацыдтæ, уæд дæ дохтыр фæурæдта, цай дын æркодта алюмин кружкæйы. Æнæ сæкæрæй. Фæлæ дын радта дзул нæлхæйæ сæрстæй. Райдыдтай цай гыццыл хуыппытæй цымын, дзулæй та гыццыл комдзæгтæ кæнын. Хæрды фæстæ та дын радта фабрикæйы конд æцæг тамако. Дæ цæстытыл нæ баууæндыдтæ. Нæ дæ хъуыд ахæм амонд, тæрсгæ дзы кодтай. Зыдтай: амонд стыр аргъæй æлхæнгæ у, ам иу амондджын сахаты бон уыд цыппар-фондз азы хъизæмар расайын.

– Зоныс, чечен, дæ адæмы дын уæйгæнæг адæмыл кæй банымадтой æмæ сæ кæй ахастой, уый? – дохтыр дæм бакаст йе ‘рфгуыты бынты, йæ цæсгомæн уыд, цыма цæмæйдæр фæтарст, ахæм хуыз.

Ды дæр фæтарстæ. Нæ йæ бамбæрстай. Æмæ дын æй уæд бамбарын кодта: «Раджы сæ фæхастой уæ бынæттæй, ды дæр ам уымæн дæ».

Дохтыр разынд немыцаг. Йе ‘цæг ном уыд Хорст Кашниц.

– Æмæ уæд Геннади Василич та? – афарстай йæ ды.

– Мæ ном Хорст, Хорст Кашниц. Волгæйы былгæрæттæй дæн. Мах дæр, дам, ахастой, фæлæ æз ам цыппор фыццæгæм азæй нырмæ дæн. Ног ном дæр мын лагеры хицауад сæхæдæг радтой, цæмæй мæ ахст адæм ма аскъуыдтæ кæной. Дохтыр сын нæ уыди.

Бамбарын дын кодта, нырма ардыгæй æгасæй кæй ничима аирвæзт.

– Фæлæ иу адæймаг уæддæр хъуамæ аирвæза ардыгæй, – бафтыдта ма йæ ныхасмæ. – Ам æхсæз цæцæйнаджы уыд, ныр дзы иу дæр нал ис, иууылдæр уым сты, – ацамыдта денджызы ‘рдæм. – Уым сæ æхсæвы иннæтæй фæхицæн кодтой, фехстой сæ, фæцæй, дам, лыгъдысты, зæгъгæ. Уый цыппор цыппæрæмы уыд... Фæлæ ды хъуамæ аирвæзай æмæ бахауай Стыр зæхмæ… Мæн тыххæй уæд та…

– Æмæ дæ ныронг цæуылнæ амардтой? – бафарстай йæ ды. – Немыцаг куы дæ...

– Нырма сæ хъæугæ кæнын. Мæлæт арæх у ам... Тагъд сæ мæнмæ дæр хъæуы...

– Æмæ йæ мæнæн цæмæн дзурыс? Æз æфсæддон куы дæн, æмæ немыцæй гыццыл куы нæ амардтон хæсты? – бафарстай та ды.

– Уым хæст уыд, ам та хъуыддаг æндæр у. Фæлæ мын мæ ном бахъуыды кæн: Хорст Кашниц. Æмæ кæд удæгасæй баззайай æмæ материкмæ бахауай, уæд-иу иу немыцагæн уæддæр зæгъ, æз ам кæй уыдтæн, ам, демæ… Æндæр ницы… Æз та бацархайдзынæн, цæмæй дæ ардыгæй аласой. Ахæм низыхатт дын æрымысдзынæн, æмæ дæ ам баныгæнæн дæр нæ уыдзæн… Рын ныххæлиу кæндзынæ, зæгъгæ... Æрмæст дзургæ мацы кæн, æмæ дын æз цы зæгъон, уый кæн, фæлæ нын дзы куы ницы рауайа, æмæ дæ, мыййаг, ам… Уæд...

– Бамбæрстон дæ, – загътай ды.

– Ды иу зымæг нал бафæраздзынæ, æгæр бирæ сты дæ ахсты азтæ, уымæн мæлынц, кæронмæ дзы ничи бафæразы. Сæйрагдæр – ардыгæй аирвæзын, фæстæмæ дæ, чи зоны, мауал æрбаласой.

Раст иу мæйы фæстæ фæхицæн кодтой, мæлæтдзæгтыл кæй банымадтой, ахæм æхсæз адæймаджы, уыдонимæ уыдтæ ды дæр. Дохтыр Хорсты амындæй дыууадæс суткæйы ницы бахордтай. Уыцы рæстæгмæ дын скодта фондз уколы, дыгай бонтæ се ‘хсæн, афтæмæй. Уколы бынæттæ афтæ хордтой, æмæ сæ ныхтай æнæрæнцойæ, дæ ныхты бæсты та æхсныфтæй пайда кодтай.

Фыццаг-иу буар ссырх, стæй рафаста, уый фæстæ та йæ туг цыд. Æппынфæстаг-иу хæф кæнын райдыдта. Дыууæ уколы дын дæ риуыл скодта, дыууæ – де уæхсчытыл, иу та – дæ рахиз уæны бын. Дæ бон дæ дзаумæттæ скæнын дæр нæ уыд, уайтагъд-иу хæфæй айдзаг сты æмæ буарыл ныхæстысты.

Æрхуыссæн дын æппындæр никæцырдæм уыд. Бадгæйæ æрвыстай де 'хсæвтæ. Фыццагдæр цы госпитальмæ бахаудтат, уым дæ фондз æмбалы иууылдæр амардысты, чи дыууæ къуырийы, чи та мæйы фæстæ, æхсæз къуырийæ фылдæр сæ ничи ахаста.

Ды та нæ мардтæ. Дохтыртæ дæр дæ тарстысты. Суанг дæм дæ мæлæтдзаг æмбæлттæ дæр æнæдзургæйæ лæгъстæйаджы каст кодтой, цæмæй сын сæ сынтæджытæм хæстæг ма бацæуай. Дæуæн фæндаг лæвæрдтой, раст-иу цыма къултæ дæр дæ разы байгом сты… Æрмæст дын топпы бырынкъ нæ лæвæрдта фæндаг.

Дыууæ мæйы фæстæ та дæ æндæр госпитальмæ арвыстой, цыдæр къуымы дæ хицæнæй бакодтой уæзласæн науы бинаг хайы. Науыл фæцыдыстут дыууæ къуырийы, æви мæй… Дæ бон æй бæлвырд зæгъын нæ уыд.

Суткæ дын иу хатт æппæрстой уырдæм дзулы къæбæр æмæ дыууæ цæхджын кæсаджы. Уый фæстæ дæ дойныйæ мардтой. Дæ дзул нæ хордтай. Лыстæг муртæй йæ де 'ддæмæбадæнтæм æппæрстай. Не 'уыæндыдтæ ацы фæндагыл. Тарстæ, нау фæстæмæ куы аздæха, уымæй.

Ныхас никæимæ кодтай, тамако дæр никæмæй куырдтай.

Æхсæвы дæ æндæр ахæстонмæ куы 'рбаластой, уæд, кæм дæ, уый ды æмбаргæ дæр нæ бакодтай.

Ды цы уыдтæ, уымæй æгасæй дæр уыдтæ рыст, хæф, систытæ, царм æмæ стджытæ.

Ахæстоны уыд тынг хъарм. Ахст адæм дæ фарстой, чи дæ, ам кæцæй фæдæ, уыдæттæй. Радзырдтай сын дæ хабæрттæ. Нæ дыл баууæндыдысты. Стæй та бауадзыг дæ. Дæхимæ куы 'рцыдтæ, уæд дæ алыварс куыдтой, хъæр кодтой, æлгъыстой. Дæ алыварс æрæмбырд сты, хъæбыстæ дын кодтой, алкæй дæр сæ фæндыд дæуыл аныдзæвын. Хъæр кодтой æрратау, баууæндыдысты дыл, фæлæ сæ уæддæр нæ уырныдта. Æнæхъæн ахæстон йæ къахыл слæууыд, æнæхъæн ахæстон куыдта: ды уыдтæ, уырдыгæй æгасæй Стыр зæхмæ, материкмæ чи раирвæзт, уыцы зыбыты иунæг адæймаг.

Иу къуыри дзы арвыстай дзæнæты уæвæгау. Зылдысты дæм, хæрын дын кодтой, балæвар дын кодтой бирæ ног дзаумæттæ. Бирæ дзы уыд гуырдзиæгтæ, дæ алыварс-иу арæх куыдтой. Уым уыдысты уырыссæгтæ, цæцæйнæгты хасты чи архайдта, ахæмтæ дæр. Гуырдзы-иу сæ дæ цæстмæ фæнадтой, тыхæй сын дæуæн тамако агурын кодтой, сæ дзаумæттæ сын-иу байстой, æмæ дын-иу алы бон дæр искæй лæггад кæнын кодтой.

Мæйы фæстæ дæ арвыстой Петропавловск-Камчатскы лагерьмæ. Уым бирæ уыд немыцаг уацайрæгтæ, æмæ уым дæр уалдзæджы, Находкæйы куыд кодтой, афтæ кæрдæг хордтой фосау, суанг сын конвой сæ къæхты бынмæ кæй æхсы, уый дæр ницæмæ дардтой. Уымы зæхх æлыгбын уыд, сойджын. Æмæ хордтой зæхх дæр, стæй-иу, стыр удхар кæнгæйæ, амардысты. Адæмы ма тухæнæй мардтой алыхуызон гæбытæ дæр.

Уый фæстæ та – горæт Тайшет Иркутскы облæсты. Стæй та лагерьтæ: «Заярск», «Ванзуба», «Братск», «Посты асыкк – 35». Алфамбылай та – æнæкæрон сыбираг хъæд – тайга… Æмæ дыкъухыг хырх.

Адæймаг мард, бæлас лыг кæнгæйæ, йæ къухæй-иу хырх феуæгъд, йæхæдæг та-иу æнæ иу сымæй æрхауд. Цалынмæ-иу æм бахæццæ сты, уæдмæ-иу уый амард. Суткæмæ дзы æппынкъаддæр ссæдз – дæс æмæ ссæдз адæймаджы бæрц марди.

Мæрдты-иу самадтой кæрæдзи уæлæ æмбонды мидæгæй æмæ сæ хъахъхъæдтой, Чукоткæйы куыд кодтой, афтæ. Уалдзæджы-иу мæрдты кæмдæр аппæрстой æмæ-иу уæд тайгæйы смагæй сулæфæнтæ нал уыд.

«Братск»-ы зонæмæ æрбаластой бирæ тæтæйрæгты. Уый уыд уалдзæджы фæндзай фыццæгæм азы. Иубон сбунт кодтой, райсомæй сæхиуыл баракты дуæрттæ сæхгæдтой, хъахъхъæнджытæй та фондзы фæрæттæй амардтой.

Салдæттæ лагерыл æртыхстысты, дыууæ суткæйы фæхæцыдысты, æмæ тæтæйрæгтæ иууылдæр фæмард сты, уыдонимæ ма куыддæр æгъдауæй фæмард сты зонæ хъахъхъæнджытæ дæр фондз æмæ ссæдзæй.

Сымах цыппар суткæйы зæххыл дæлгоммæ хуысгæйæ фæдардтой. Дæуæн дæ син дзæгъæл гæрахæй фæцæф, æмæ уый руаджы аирвæзтæ… Уый дын æвдисæнæн бабæззыд, бунты рæстæг барачы кæй нæ уыдтæ, уымæн.

Цалдæр мæйы слесты рæстæг сымахæй дæр бирæ кæйдæрты фехстой. Дæу-иу куы бакодтой, уæд алы хатт дæр слестгæнæгæй куырдтай:

– Амар мæ, амар, фервæзын мæ кæн, ныффысс…

– Нæ, Париев, нæ, уый мын ницы циндзинад æрхæсдзæн… Мæлæт

аивад у, ды та йæ фæрæтæй амады хуызæн кæнынмæ хъавыс, – дзырдта уый, дæ цæстытæм æдзынæг кæсгæйæ.

Нæ дæ фехстой. Цæргæйæ та баззадтæ.

Бонтæ, мæйтæ, азтæ уæ рæзты ивгъуыдтой кæдæмдæр, сымах та архайдтат цæргæйæ баззайынил, хордтат зулчъытæ, уидæгтæ æмæ ног уалдзыгон сыфтæр.

Афтæмæй иухатт, иу уалдзæджы къæсæрыл, мартъийы мæйы фехъуыст:

– Амард! Ирод амард! Хуыцау ис, Уый ис...

«Ирод» цы у, уый нæ зыдтай. Æнахъинон уынæр бацайдагъ: хъæртæ, кæуын, ахæстытæ, сæ дзаумæттæ сæ уæлæ скъуыдтæ кæнгæйæ, фыр цинæй зæххыл ратул-батул кодтой. Хъахъхъæнджытæ æхстой баракты сæрмæ, нæмгуытæ æхситт кодтой, гилдзытæ зæлланггæнгæ хаудтой зæхмæ. Фæлæ гæрæхтæ никæмæ хъардтой, цыма мæлæт уæвгæ дæр нал ис, афтæ сæм каст.

– Æфсымæр, амард, хъусыс, амард удтæ хæссæг, амард, акодта йæ Йæхимæ. Уый йæ акодта, Уый ис! – ахæст, йæ къухтæ фæйнæрдæм, афтæмæй хъахъхъæнæгмæ фæцæйцыд, цæмæй йæ йæ хъæбысы акæна, йæ цинæй йæ фæхайджын кæна, ныххатыр ын кæна, стæй дзы йæхæдæг дæр хатыр ракура.

Фехъуыст гæрах... Æмæ ахæсты риу тугæй ахъулон... Æнамонд æрхауд йæ фæсонтыл, фæзылд иннæрдæм, йæ уæрджытыл алæууыд, фæстæмæ уæм ракаст… йæ былтыл бандзыг мидбылхудт, æнæуууæнк, æххуысагур мидбылхудт… стæй сындæггай зæххыл йæхи æруагъта:

– Цæмæн? – фехъуыст лæмæгъ хъæлæсы фарст, – Абон... цæмæн... – зына-нæзына базмæлыд йæ сæр æмæ ныссабыр… Фæлæ мидбылхудт фæсмæлæты мыхуырау баззад йæ былтыл.

Æрмæст ма йын дыууæ мæйы баззад йæ хъизæмайраг фынддæс азæй. Æрмæст дыууæ мæйы.

Уымæй дыууæ мæйы фæстæ дæм фæдзырдта ахæстоны хицау. Радта дын мыхуырæвæрд гæххæтт къухбафыстытимæ:

– Дæхиуонтæ сты Казахстаны. Адрис дзы ис: Кустанайы облæст, Мендыгаринскы район, хъæу Боровое. Равдисдзынæ ацы гæххæтт. Уый у дæ сæрибар æмæ дæ билет бынатмæ. Фæндараст. Амондджын у.

Вагзал уыд зындоны хуызæн. Йæ тæккæ дзаг уыд быры змæлдгæнæг, кæуын æмæ кæрæдзимæ хъæргæнæг, худгæ æмæ, иугæндзон кæдæмдæр тагъдгæнæг мæлдзыджыты гуппары хуызæн чи уыд, уыцы адæмæй.

Кæрæдзи æддæг-мидæг ауадысты, стыхстысты лыстæг кæлмыты гуцъулайы хуызæн. Вагæттæ нæ фаг кодта, вагæттæ уыдысты баракты халдих сæ сыстытимæ, хъæдысыстытимæ, смаг æмæ махоркæйы фæздæджы хъæхъхъаг тæфимæ. Адæм хуыссыдысты, ахæстоны баракты куыд хуыссыдысты, афтæ, кæрæдзийыл кæлдтытæй. Ды уæллаг тæрхæгмæ схызтæ, уым чи хуыссыд, уый фæтардтай, æз лагерæй дæн, зæгъгæ, хъæр кæнгæйæ.

Дæ уæлæ уыд лагеры номыримæ ахæстоны æддаг дарæс æмæ хъусджын худ. Уыди ма дæм гыццыл чумæдан махоркæ æмæ газеты лыггæгтæй йæ тæккæ дзагæй. Дæ рифтаджы та – пецыл хусгонд дуры хуызæн хус къæбæртæ.

Вагон цыд, дыууæрдæм ранкъуысбанкъуысгæнгæ, æрлæууыд-иу, стæй та-иу дарддæр ацыд, рухс-иу фæпæртт кодта, фæтардæр, ахуыссыд. Æмæ-иу уæд вагоны хуылфæй райхъуыст хæйрæджы гуыбынæй цæуæгау ниуд.

Бирæ бонты æмæ æхсæвты фæстæ бахæццæ стут Казахстаны зæхмæ. Вагоны зылд иу мæгуыргур, æмæ-иу æнæбары искæуыл куы ныллæууыд, уæд-иу æй, хъæр æмæ тъæппытæ кæнгæ, иуварс атардтой.

– Авæрут мын, – куырдта тæригъæддаг хъæлæсй, – авæрут мын хус къæбæртæ, иугыццыл махоркæ, авæрут мын, уæ Хуыцауы тыххæй.

– Ардæм-ма рацу, дзæгъæлдзу! – фæдзырдтай йæм ды, дæхи бынмæ æрзæбул кæнгæйæ.

Бацыд дæм, хæрдмæ дæм скасти æмæ дæм йæ къух сивæзта. Ды фæкуыддæр дæ. Дзурын дæр нал зыдтай, де 'нгуылдз дын тамако куыд сыгъта, уый дæр нал æмбæрстай.

– Мак-Шарип! – ныхъхъæр кодтай.

Лæг фесхъиудта, иуварс атахт. Йæ цæстытæ рабырыдысты фыр дисæй.

Æргæпп кодтай дæ бынатæй. Йæ тæрттæ йын ацахстай æмæ йæ дæхимæ æрбалвæстай.

– Æлгъыст фæу! – схыр-хыр кодтай ды. – Хæрз æлгъыст фæу! Ацы вагонмæ кæй æрбахызтæ æмæ, аст-фараст азы фæстæ фыццаг цы цæцæйнагыл фембæлдтæн, уый ды кæй дæ, уый тыххæй.

Мак-Шарип скуыдта:

– Алхаст... Алхаст!.. – хъавыд дын ахъæбыс кæнынмæ.

Мак-Шарип йæ мад æмæ йæ фыдæн иунæг лæппу уыд, авд хойы иунæг æфсымæр, цæрæг зæхкусæг. Ды дæ цæстытыл не 'ууæндыдтæ. Фыр дисæй не 'мбæрстай, цы кусыс, уый, хæцыдтæ йыл, нæ йæ уæгъд кодтай,

загъд кодтай, иуулдæр цы уыдтæ, уымæй фестадтæ зæрдæрыст, цытæ бавзæрстай, уый тыххæй æмæ дæ Райгуырæн бæстæйы тыххæй. Цалдæр хатты йæ, хъæргæнгæйæ, ныццавтай, стæй дæхæдæг дæр скуыдтай.

Ды скуыдтай, кæддæры сæрыстыр æмæ хъæздыг лæппу цæмæ æрхауд, уымæ кæсгæйæ… Куыдтай, ссæрибар уæвгæйæ, цæцæйнагæй фыццаг кæуыл амбæлдтæ, уый мæгуыргур кæй разынд, уыл.

Бæстæ дыл атар, арв дыл æрхауд, зæхх йæ цыппартыл алæууыд хъаймæты бонау.

Ницыуал аззад дæ алыварс дунейæ, æрбайсæфт сæрыстыр æмæ сæрибар цæцæйнаджы дуне, ды дæ хъуыдыты табу кæмæн кодтай, дæ бæллицты кæй бахъахъхъæдтай, хатгай-иу ахъуыды кæнын дæр кæуыл нæ уæндыдтæ, уыцы дуне. Уымæн æмæ уыцы мысинæгтæ уыдысты уыцы æндæр цардæй, ды амондджын кæм уыдтæ, уыцы цардæй. Уым та амондыл хъуыды кæнæн нæ уыд.

Фæлæ уæддæр, дæхи коммæ нæ кæсгæйæ, ды мысыдтæ, здæхтæ дæ мысинæгтæм, æмæ дын уый цæрыны тых лæвæрдта.

Бафæлдæхтæ дæ тæрхæгыл, дæ цæстысыгтæй куырм кæнгæйæ.

Ныр та дæ разы лæууыд Мак-Шерип, адæймаджы æнгæс цыдæр. Лæууыд бынæй æмæ хæлæфæй дымдта махоркæ, хус къæбæртæ йæ роны æмбæхста. Ницыуал æм баззад раздæры лæппуйæ… Адæймаджы хуызæнæй. Æппындæр ницыуал. Нæдæр намыс, нæдæр кад.

Ды йæм де уæнгтæ мардæй бакастæ дардæй, дæ мысинæгты арф къуымæй, лагеры талынгæй, дæ Райгуырæн бæстæимæ баст сæнттæй, бакастæ йæм, цыдæриддæр нывондæн æрхастай, уыдон хæрз дзæгъæлы кæй уыдысты, уый нырма ныртæккæ чи бамбæрста, уыцы адæймаджы цæстæй.

Ды ныр цы уыдтай æмæ ма дæ фенын цы бахъæудзæн, уый уыд зындоны æнгæс.

Æбуалгъ дæм каст, куыд ис цæрæн, кад æмæ намыс ферох кæнгæйæ, æрмæст дæ буары монцты уацары уæвгæйæ, Хуыцауыл гадзрахатæй рацæугæйæ.

Æмæ уыцы уысм бамбæрстай: ацы дуне иуулдæр у Карз тæрхон. Алцыдæр ацы дунейы у Карз тæрхон…

*Уырыссаг æвзагæй Безаты Фаризæйы тæлмац*



# МУСА АХМАДОВ

1956

*Фыссæг, поэт, драматург Муса Ахмадов райгуырд 1956 азы. Астæуккаг скъолайы фæстæ фæцис Цæцæн-Мæхъхъæлы паддзахадон университет 1979 азы. Алы рæтты фæкуыста, 2004 азæй фæстæмæ та у литературон-аивадон журнал «Вайнах»-ы сæйраг редактор.*

*У Цæцæны Республикæйы адæмон фыссæг, Кавказы фысджыты Клубы цытджын президент. Хорзæхджынгонд у къорд кадджын номæй.*

*Йæ уацмыстæ тæлмацгонд сты уырыссаг, ирон, францаг, япойнаг æмæ æндæр æвзæгтæм.*

*Муса АХМАДОВ*

# КЪАХЫР, СÆФТ РÆСТÆГ

*Радзырд*

Рæстæгмæ уал æрбынæттон дæн Мæхъхъæлы æмæ дын æнæнхъæлæджы – табу Дунесфæлдисæгæн! – мæ уарзон куыстыл куы фæхæст уаин: цæцæйнаг æвзаг, культурæ æмæ мæ этикæйы Центры разамонæгæй сæвæрдæуыд, – ам мадæлон æвзаджы ахуыргæнджыты дæсныйад хъуыд уæлдæр кæнын, цæмæй уыдон та уыцы предметтæ скъолайы хуыздæр амоной, уый охыл.

Сæ райгуырæн уæзæгæй æгъатырæй кæй фæтардтой, уыдон нæ артдзæстмæ сæхи батавынмæ тырныдтой – æцæгæлон бæстæйы сæ зæрдæты уазал æртад, æмæ-иу махмæ, рагæй кæй нал бавзæрстой, ахæм рæвдыд куы бавзæрстой, сæ удæн æнæкæрон зынаргъ æмæ адджын мадæлон æвзагыл ныхас куы хъуыстой,  уæд-иу сæ цæссыг уадидæгæн æркалд, сæ риуы дзагæй-иу æхцонæй сулæфыдысты – айрох сæ-иу сæ удхайраг уавæр; мæнæн æмæ-иу ме ’мкусджытæн та зæрдæбын арфæтæ куы кодтой, уæд та мæм-иу ногæй-ногмæ фæзынд мæхи цæсты дæр мæ сæрыстыргæнæг хъуыды: «Ацы тыхст æмæ уырыд заман, мæнæй аразгæ цы у, уый кæнын, цæмæй мæ адæмы удысконд ма аива фыддæрмæ, тавын мæ туг-ме стæг дзыллæйы  æргъæвст зæрдæтæ, сæ ныфс куыд нæ асæтта æмæ сæ цæмæй уырна сæ бæллиццаг фидæн…»

Гъемæ дын иубон, уыцы хъуыдытæй уæнгрог уавæры куы уыдтæн, уæд мæ иу тынг бафæндыд мæ райгуырæн бæстæмæ, иу тынг, æмæ йæ куыд зæгъон!

Алы хæцæнгæрзтæй æфхæрд, алы бæллæхтæй саузæрдæгонд, йæ хъизæмар йæ сæрты кæд æнхъæвзта, арвмæ асинтæ ’вæрдта фыр рыстæй, уæддæр зæрдæнцой лæвар кодта лæгæн йæ фыдæлтæй йын баззайгæ зæхх. Дардмæ дæр, о…

Мæ фæллад суадзон, зæгъгæ, ме ’мбæлттæн куы ской кодтон, уæд мæ рæстырдæм бамбæрстой. Сæ иу фенхъæлдта: «Æвæццæгæн, Налцыкк кæнæ Кисловодскмæ у дæ арæзт, тынг хорз». Иннæ мын амоны: «Кæд къахкъæлæттыл арæхсыс, уæд Эльбрусы къуылдымтæм сараз дæ ных». Æртыккаг æй цæхгæр алыг кодта: «Нæ дæ ’вдæлы дæ зæрдæйыдзæбæхæн ралли-баллитæм, бон – дыууæ боны баулæф æмæ дæ куысты уæлхъус æрлæуу – хъуыддаг дæ уый домы!»

Æз сын куы загътон, тæккæ райсом мæ изæрæй фæстæмæ ардæм хъæуы, зæгъгæ, уæд æртæйæ дæр фæджих сты. Æппынфæстагмæ сын куы басастæн, мæ зæрды Грознайы кæй ис мæ фæллад суадзын, уæд та сыл худæг бахæцыд. Цытæ, дам, лæхурыс, уый та куыд, æмæ Грознайы дæ фæллад суадзыны фæнды бацæуай, уырдыгæй, йæ амал кæмæн уыд, уыдон куы фæлыгъдысты, йæ амал кæмæн нæу, уыдон та уымæ куы бæллынц, уæд?!

Фæуагътон сæ сæ дызгъуын-мызгъуын хъуыдытимæ æмæ адардтон мæ фæндаг.

Горæты астæу лæхъир цъыфы бын фæцис, азмæлæнтæ дзы нæ уыд фистæгæй. Фæлæ мæнæн та ардæм æнæ цæугæ нæй: ам уыдысты æртæ журналы редакцитæ дæр. Цы агъуысты бакъуым сты, уый фыдтæй-тыхтæй бацалцæгтæ кодтой, фæлæ-иу къæвда бонты сæ цар тæдзын райдыдта, æмæ-иу уæд сæ сæрмæ æмдыхæй æрвцъæх кæттаг ныттыгътой – æппæтдунеон гуманитарон куыстуæтты æххуысы хай… Фæлæ сæ уый ницабæрæг ирвæзын кодта уарынтæй.

Зымæг йæ тыхы бацыд, æз куы фæзындтæн, уæд. Мемæ æрбаластон чысылгомау пьесæ журнал «Орга»-йæн, цалдæр æмдзæвгæйы «Стелада»-йæн, ноджы ма цæттæ уыдтæн журнал «Вайнах»-æн интервью раттынмæ дæр, кæнæ кæцыфæнды газетæн дæр (дæс – иуæндæс цыдæр ма уыдысты), кæд сæ искæй бахъæуой мæ зæгъинæгтæ, уæд.

Уыцы сфæлдыстадон фæндтæй фæзæрдæрог дæн, хъæуа-нæ хъæуа мидбылты худтыл, хъазæн ныхæстыл-иу схæцыдтæн, фæлæ-иу редакциты кусджытæ, æмпъероджынтæ нæ кæимæ хуындæуы, уыдон цæмæдæр гæсгæ мæ зæрдæйы уæлтæмæн ахастыл нæ цин кодтой. Æмхуызонæй дæр уыцы зæрдæсаст уыдысты, хъуынтъыз, фæлладхуыз æмæ сомбонæй æнæрай – раст ма сæ йæ мидбылты дæр ничи худти. Æз мæ удæй бацыдтæн, уæдæ сæ уыцы æнтъыснæг, æрхуым увæрæй куы фæиртасин, фæиппæрд кæнин, мæхи хъæлдзæг дардтон, цырен ныхас кодтон – бынтон дзæгъæлы: цыма сæ алкæмæн дæр йæ род йæ хуылфы амард, уый хуызæн уыдысты, се ’рхæндæг равг нæ ивта…

Мæнæн кæмдæр хъыг дæр ма фæцис: ау, зæгъын, æз цытæ нæ бавзæрстон, уыдон ахæмæй цыфыддæртæ федтой?! Æз цы бæллæхтæ, цы фыдракæндтæн нæ уыдтæн æвдисæн? Хæсты удхалæнтæ, дæ ахсджиæгтæй фæхъæуæнтæ, тыхмитæй нæ чи баззад иуварс – ничи: кæуыл йæ хæдзары мидæг æрхауд йæ арвы хай, кæуыл – æцæгæлон рæтты, хъызт уазал цатырты, кæйдæр кæвдæстæ æмæ хуыдæтты, алы

хъылма лагерьты – алы бæстæты хардзæй конд… Мах æмбар стæм, æмхуызон нæ ссæнды йæ быны æвирхъау уавæр. Куы фæхицæн стæм кæрæдзийæ, ууыл дзæвгар рæстæг куы аивгъуыдта, уæд, уанцон нæу, бацин кæн нæ фембæлдыл уал боны фæстæ сæрæгасæй, уæлдайдæр та уымæн, æмæ сæргуыбыр æмæ уæнтæхъил куы уай, уæд нæ царды æууæлтæй иу дæр тæхудиагдæр нæ фæуыдзæн!

Айдагъ ме 'мном, мæ фарслæууæг куы фæуид, ууыл архайдта. Уыцы иугæндзон дзырдта: «Алцы дæр хорз у, не 'ппæт дæр адæммæ равдисынмæ бæззæм».

Иннæтæй мын иу уайдзæфгæнæгау куы бакæнид:

– Дæ хъуыддæгтæ, куыд дæм кæсын, афтæмæй зæрдæзæгъгæ уæлбыл кæнынц – æгæр цардхуыз хъæлдзæг дæ…

– Хуыцауæй разы, ницæмæй дæн хъæстаг. Не 'ппæтæн дæр нæ амонд хæрæгыл бады: удæгас стæм, нæ райгуырæн зæххæй нæ фæхауæццаг нæ иу дæр. Хур аныгуылы, хур скæсы. Фыдбон аивгъуыйдзæн, æмæ та цард йæ дзæбæх гаччы сбаддзæн.

– Сæкæр ахæр, иугæр афтæ кæд уыдзæн, уæд, – загъта, цыдæртæ чи фыста, уый.

О, фæлæ редакцийы иуахæмы хъæрæй худын дæр фæцыд. Æз уыцы рæстæг бадтæн кæйдæр фыссæн стъолы тигъыл æмæ мæ пьесæйæн йæ кæройнаг рæнхъытæ мысыдтæн, фæлæ мæ сæрмæ хъæугæ дзырдтæ нæ цыдысты, æмæ, æвæццæгæн, æнахуыр тыхстхуыз райстон.

Чидæр мын сæ йæ къух ме уæхскыл æрæвæрдта:

– Цæй сагъæссаг фæдæ – цы кусыс?

– Æз ома? Мæнæ мæ пьесæйæн кæронагурæг дæрдтыл зилы мæ сæр…

Æмгуыппæй ныккæл-кæл кодтой, чидæриддæр дзы уыд, уыдон, раст цыма æз артæнтæдихтæгæнæн худæг исты срæцыгътон, уыйау.

– Уæллæхи-биллæхи, сфæлдыстадон фæллой кæнын дзы дæуау æмбæлы: дуне фæиннæрдæм уæд, дæ алыварс худæнт æмæ хыл кæнæнт, хæст йæ цæхæры бацæуæд, бомбæтæ рæмудзæнт – ды дæ фыссыны уацары дæ! – дзырдта иу халассæр фыссæг.

Хъазтхалæг – гæбæр дымæг нæ разындтæн: уадз, æмæ кæдæй-уæдæй зæрдæпарахатæй худой, уой хъæлдзæг. Æз та пьесæйæн кæронбæттæн ныхæстæ рагæй агуырдтон, рагæй кодтон дзырддзуан. О, раст у, иттæг раст: уыцы æууæлты дæ алыварс цыфæнды дæр куы цæуа, уæддæр дæ хъуыды йæ катайæ нæ цух кæны, цы йæ хъæуы, цы ныхæсты баст, ууыл бамбæлæд, æндæр (æцæг, хæрзхъæд, иударон ихсыдтæ ма уæнт – æз та

зæрдæхæццæгæн уацмыстæ цыма нæ нывæндын), кæй зæгъинаг у, хæст, хæлддзаг пырхытæ хæдзар – уыдæттæ мæнæн дæр мæ тугхал сты, мæ улæфт мын къуыхцы кæнынц, нæ мæ уадзынц, цæмæй бынтондæр сфæлдыстады амæттаг суон, уый, кæд хъастхъыллистгæнæг никуы вæййын мæ уавæртæй, уæддæр… Гъемæ ’ппæт уыдæтты тыххæй дæр, стæй ма бирæ цæйдæрты тыххæй дæр мæ дзыхыл ныххæцыдтæн, ахæмæй сын мур дæр ницы загътон, фæлæ фæуыргъуыйау дæн, худæджы хос сын цы фæуыдаид, уый зæгъын мæ фæсонæрхæджы дæр куынæ уыд ацы хатт, уæд сыл худæг цæмæн бахæцыд, зæгъгæ. Ома уый уæд мæ мидзæрды ахъуыды кодтон: «Ацы хабар дæр та хæсты азар у, цардмæ сын сæ цæстæнгас аивта, бирæгъ-лæгтæн сæ зонд дæр фæцудыдта, æмæ уымæн фесты раст фæззыгон бонау: куы ныттардзæсгом вæййынц, куы та исты мæнг æфсонæй дæр кæс, æмæ худæгæй бакъæцæлтæ сты – релаксацийыл куы фæхæст уаиккой, уæд хорз уаид, ома, нывтæ куы кæниккой, куы зариккой, куы кафиккой, сæхи истæмæйты куы ирхæфсиккой, куы дзæбæх кæниккой бынтон æндæр хъуыддæгтæй…»

Фæлæ та мæм уый фаг мадзал нæ фæкаст – фæстаг рæстæг психологæй дæр акуыстон, æмæ мæм ахъаззагдæр фæкаст, цæмæй сæхимæ ’рцæуой, сæхи æрæмбарой фыццагау, уый охыл дины зарджытæ кæной! Уый сын басгуыхдзæн сæ базырсаст мидуавæрæн хуыздæр хосгæнæг – æвдадзы хос, æвдадзы!

Уыйбæрц ницыма аныхæстæ кодтам, афтæ æризæр. Редакцийы кусджытæ фæцоппайаг сты: сæ фыссинæгтæ ’рдæгыл фæуагътой æмæ фæцæуæг сты фæйнæрдæм.

Æз æмæ ме ’мном нæ ных базармæ сарæзтам исты хæлц, хойраг балхæныны зæрдæйæ. Мусайы бинонтæ нырма Адыджы уыдысты, ам сæ хæдзар мæноны хуызæн фæхæлддзаг, фæлæ йæм ме ’рдхорд куыддæртæй базылд, æнæрайы цæрынæн бæззон уал æй скодта. Удуæлдай сфæлдыстадон куыст кодта, раст арвылбон дæр кæнæ радзырд фыста, кæнæ миниатюрæ (адон хуыдта «Нысантæ»). Йæ туг кæй фыхт, æвæллайгæ фæллой кæй кодта, уый мын фехсызгон, ныфс мæ бауагъта, æз дæр иуахæмы кæй фæкуыстхъом уыдзынæн, уымæй.

Ме ’мном балхæдта физонæггонд карк, мæнæ йæ гриль куы хонынц фæсарæйнагау, стæй алы донцæрвтæ: уырыдзыйы, цæхæрайы, къабускайы æмæ ма бирæ цыдæртæ.

– Цас карджындæр кæна лæг, уыйас æй алы халсартæ хæрын фылдæр хъæуы… Æвдадзы хос кæрдæджытæ, пысыратæ, – дзырдта мын, тындзгæ уадæй цæугæйæ.

Тагъд-тагъд æхсæвæр скодтам, цай бацымдтам лимонимæ, уый хæдфæстæ ма ме 'мном ноджыдæр дыууæ сойын цырагъы ссыгъта – уат фæрухсдæр… Зæронд диваны нывæрзæны ‘рдыгæй – баз, батъæппытæ йæ кодта, афтæмæй йæ æрæвæрдта.

– Ам-ма уал дæхи æруадз, мæ хæлар.

Йæхæдæг мæ акомкоммæ 'рбадт, стъолыл йæ размæ скъоладзауы цалдæр тетрады равæргæйæ, – раст ма иу-ссæдз азы размæ дæр афтæ фыста, чырæтæ тетрады хуызивд сыфтыл.

– Æмæ дын чидæр æмбисæхсæв æрбахойдзæн дæ дуар, – райдыдта хъæрæй кæсын.

Цыма уаты æдзæмæн фæлидзынæй тарст, уыйау каст æнæстъæлфгæ уæзбын хъæлæсæй: фæлæ-иу, раст зæгъгæйæ, йе 'взаг хатгай фæныхсæгау кодта, æмæ-иу уæд йæ иугæндзон хъæлæсыуаг фæкъуыхцытæ (æвирхъау фыдракæндты тыххæй кæм фыста, уырдæм-иу куы бахæццæ, уæд-иу йæ зæрдæ, хъæрзгæ, срæхуыста). Радзырдмæ хъусгæйæ, мæ цæст æхсæвы тармæ дардтон: ме 'ргом кæцырдæм аздæхтон, уыцы рудзынгыл æмбæрзæн нæ уыд, æмæ мæм хорз зындысты кæрт æмæ уынг дæр – рухс сæ кодта, газы хæтæлы скъуыдæй цы арты 'взаг ирвæзт, уый.

Сахатырдæг фæкаст йæ радзырд, афтæ дын мит уарын райдыдта. Миты гæлæбутæ арты рухсмæ куыд тахтысты, куыд зилдух кодтой, уымæ куыд кастæн, афтæ мæм мæ зæрдæ сдзырдта, цыма уыдон дæр радзырды ритм ахстой æмæ йæм кафæгау кодтой. Кæд æм æз дæр æрмæстдæр хъусгæ кодтон æмæ йын йæ текстæн йæ мидис афтæмæй æмбæрстон, уæддæр мæ цæстыты раз уыцы ирдæй сыстадысты не 'рыгон дуджы нывтæ.

Алы уалдзæджы райдиан дæр-иу ме 'мном атындзыдта цардамал Уæрæсейы чысыл горæттæ æмæ хъæутæм, æмæ-иу фæззæджы фæзынд, зæхх-иу халас æвæрын куы райдыдта, уæд. Фыццагдæр-иу кæй бацагуырдта, уый – мæнæ мæн.

Уыди райдзаст хурджын фæззыгон бон. Фæссихор, рагæй дæр мæ ахуыр куыд уыд æмæ суанг абон дæр куыд у, афтæ дын, нæ сæрдыгон чысыл хæдзары мæхи диваныл æд чиныг æруадзгæйæ, арæдзæ-мæдзæ кодтон. Тыргъты уынæрмæ сонтæй фехъал дæн.

– Мæ хæлар, кæд бон-сихорафон фынæйыл дæ, уæд ма цæргæ та кæд кæнинаг дæ?! – фæзынд нæм, бæстæ йæ сæрыл сисгæйæ, Муса.

– Мæ хъысмæт мын цы снывкодта, цæмæй мæ у бараевдауинаг, уый мæм куыдфæндыйæ дæр æрхаудзæн… Де 'рбацыд та фарнимæ уæд…

– Не 'рхаудзæн, нæ, ахæм æнæмæтæй уæлгоммæ хуысгæйæ, – хъæлдзæгæй худти ме 'мном. – Фидæн аз дын мемæ æдзæугæйæ нæ уыдзæн – ды дæр исты мамæлайы къæбæр уæддæр бакусай!..

Æмæ æцæгæйдæр, иу-дыууæ хатты сфæлтæрæнтæ кодта мæн дæр йемæ акæнын, фæлæ та-иу алы æфсæнттæй мæ амонд нæ ацыд.

Куыд стæм, цы стæм, уыдæттæй мæ уæлæнгæйтты куы афарста, уæд, йæ цайы агуывзæ дæр æххæстæй нæма бацымдта, афтæмæй мæ хынцфæрстытыл схæцыд: цы ис ногæй аивад æмæ литературæйы, ам куы нæй, уæдæй фæстæмæ, цавæр ног чиныг рацыд, чи уæ цы ныффыста, куыд сты йæ хабæрттæ театрæн, сæ царды уавæртæ нæма фæнывылдæр сты фысджытæн, не 'мгæрттæй та чи фесгуыхт, чи фæразмæцыддæр? Æмæ мæ бирæ 'ндæр цæмæйдæрты уыд фæрсæг. Æз ын тынг разæнгардæй дзуапп лæвæрдтон, алцæуыл дæр къæхтæ æмæ къухтæ 'фтаугæйæ, ирддæр ахорæнтыл нæ ауæрдгæйæ.

Уый фæстæ нæ фæндаг дардтам Грознамæ, бабæрæг-иу кодтам редакцитæ, Фысджыты цæдис, чингуыты рауагъдад, уазæгуаты цыдыстæм зындгонд фысджытæм. Изæрæй та-иу уазæг – Хуыцауы уазæг – уыдтæн ме 'мномы хæдзары – уæд цардысты æмдзæрæны чъылдыммæ, кæнæ та-иу балæууыдыстæм Алхазуровойы дæр.

Уæддæр-иу, мæнæ абонау, ме 'мном мæнæн диванмæ баз баппæрста, мæ уæлхъус-иу сбадт æмæ уыцы иугæндзон уæзбын хъæлæсыуагæй каст йæ радзырд скъоладзауы чырæтæ тетрады фыстæй, йæ сæйрагдæр мæт уыд ритм нæ фехалын, хъуыдыйады азæлдыл сагъæс – уый та гуырд йæ риуы æрфыты, фæлæ-иу уæддæр æмæ уæддæр хаттæн фæкъуыхцы: схъуырмæ-иу знæтуылæн æнкъарæнтæй…

Гъемæ та мæнæ ныр дæр мæ ныхмæ бады, ссæдз азы размæ-иу куыддæриддæр уыд, афтæ та йæ радзырд кæсы, рудзынджы æдде та миты гæлæбутæ цадæггай ратæх-батæхыл систы. Æмæ уæдæ ницы аивта æппындæр. Кæд фæстаг дæс азы хæсты арт æмæ фæздæджы ныгъуылдæй азгъордтой, уæддæр, æппæтдæр куыд уыд, афтæмæй баззад. Ме 'мном фысдзæн æмæ мын кæсдзæн йæ уацмыстæ; кæрæдзиимæ арæх æмбæлдзыстæм, зæрдæбынæй цин кæндзыстæм иннæ цæцæйнаг фысджыты уæлахизтæ-сгуыхтытыл; кæрæдзи-иу бакъуым кæндзыстæм: «Æмæ ды уый æмæ уый бакастæ?»; уазæгуаты та цæудзыстæм Чанта кæнæ Мескетамæ, изæрыгæтты та, хур хъæды бæрзонддæр бæлæсты

цъуппытыл куы  ауындзæг кæна, куы дзедзырой, уæд зардзыстæм: «Дороги, дороги, синие дали»; схорзæхджын уыдзыстæм Нобелы номыл премийæ: фыццагдæр – æз, стæй та – ме ’мном – Муса Бексултанов. Уый нæ йæхæдæг равæрдта ахæм рады, æз æнæтæригъæд дæн ам…

Кæрæдзи кæй уынæм æмæ зæрдæйæ-зæрдæмæ æргом ныхасы кæй бацæуæм, æмхъуыды, æмзонд кæй стæм, иу нæ иннæйы сгуыхтыл бæрæгбоны цинау цин кæй кæны, æвдадзы суардон Хильдехаройы, фæткъуытæ нæ уарзон поэты дыргъдонæй Котар-Юрты, хосгæрст Варандаты, къæрцгæнаг арты алфамбылай Эшал-Хатойы, кæсагахсын Терчы – нæ удхос мысинæгтæ. Алцыдæр та афтæ уыдзæн, сæрæгас кæй стæм, æнæниз – сæйрагдæр уый у…

Боныцъæхтыл уынгмæ куы рацыдтæн, уæд кæсын, æмæ бæстæ урс-урсид адардта – мит æнæвгъау ныууарыд, алцы йæ урс хъæццулы бын банорста, раст-иу дзы мæ фадхъултæм аныгъуылдтæн, мæ къахыдарæсы хъустæм ома. Куыдфæстæмæ арв фæсыгъдæгдæр, ныйирд æрвцъæх сæгъы цæстау – мигъы фæскъау дæр ыл нæ уыд. Тæккæ ахæм уыдисты мæ хъуыдытæ дæр, автобусы фæстæмæ Мæхъхъæлмæ куы цыдтæн, уæд. Нæхимæ фездæхын мæ фæндыд æмбойны, цæмæй та фæцæрæццаг уон нæ зынаргъ мысинæгты фæрцы.

Уæд æз нырмæ сагъæссаг нæ фæдæн иу хъуыддагыл, омæ куыд нын фæкъахыр, куыд дзæгъæлсæфт фæчындæуыд нæ царды бонтæй, куыд нын сæ фæдавдæуыд. Уый мæм куыдфæстæмæ бæллæхдæр æркаст нæ дæрæнгонд хæдзæрттæй, нæ бынтыбын ис-бисæй, ссарæн кæмæн нал уыд, уыцы къухфыстытæ, чингуытæ, нывтæ, фыстæджытæй… Хæзнаты-хæзнадæр циу æмæ нæ цы амырхтæуыд, цæмæй фæхъуыдыстæм, уый – рæстæг!

О Дунесфæлдисæг!

Чи ма уа уыдонæй къæрныхдæр, цъаммардæр – рæстæг хæлæттаггæнджытæй, йæ давджытæй! Адæймаджы нымад бонтæй, йе скасты-ныккасты рæстæгæй!

Æбуалгъдæр фыдракæнд мæм ницы кæсы: нæ сæ зонын, нæ мæ зонынц, чи дæ æмæ цы дæ, чи сты æмæ цы сты, цы мæрддаг, фæлæ æнæнхъæлæджы фæзынæнт æмæ дын цы цыбырдым дуг лæвæрд у арвæй, уый фæкъахыр кæнæнт, мацы сын ракæн фыдæй, афтæмæй. Уыдон дæр мæлын кæй хъæудзæн æмæ Хуыцауы раз дзуапп дæттын, уый сæ ферох уæд сæ цыдæр ницæйаг нысаны сæраппонд. Дæ цыфыддæр знæгтæ сты, æрмæст сын дæ бон та мисхал дæр ницы у! Мæнæ фыдæрцыд! Сæ артмæ

дын дæ зынаргъ рæстæг калынц, æндзарынц дæу хуызæтты рæстæгыл дæр сæхи пайдайæн, айдагъдæр сæхи, ноджы ма уымæ тырнынц, цæмæй тъымы-тъымамæ сæ къонаты артдзæстыты саусыгъд кæна дæ рæстæг, уыдон та цæмæй фыр цинæй хæрдмæ хауой, уыдоны хъул сах бада æдзух.

О, фæлæ Артæн йæхи гæнæнтæ-фæндæгтæ ис, йæхи мидис-кондуаг, куыд Хуыцауы иннæ диссæгтæн дæр, афтæ: Дон, Дымгæ, Боны ахастæн. Æнхъæлдтой, æмæ сын арт æрмахуыр, коммæгæс суыдзæн, уисæнгæнæг, фæлæ фыдæнхъæл фесты, сæ фын сæ фæсайдта: змæстытæ амидингæнджытæн сæ дзæвгар фылдæр хай йæ амæттаг баисты арты, сæхи сæртæ дзы басыгъдысты; чи ма сæ аирвæзт, уыдон та рахау-бахау кæнынц уымæл, хъуынавæрд иу лæгæтæй иннæмæ.

Фæлæ уый де 'фхæрд удæн сой нæу, нæ дын мынæг кæны дæ дудгæ-судзгæ рыст: цы рæстæг дæ адавтой æмæ арты хай кæй бакодтой, уымæн раздахыны амал нал ис, ницы хуызы.

Цы дын загъдæуа, рæстæг! Алцыппæт дæр дæ мидæг цæуы: сæрдыгон бонивайæн, стъалытæ куы ахуыссынц æмæ тар фыццаг куы фæбæзджын вæййы, стæй сабыргай рухсæй-рухсдæр куы фæкæны; сæумæйы сатæг уæлдæфæй æнхъæвзт дыргъдæттæ; йæ фынæйæ хъалгæнæг æрдзы хъæлæстæ; фæсхох ныгъуылдæй фæстиатгæнæг хур; лæджы сагъæссаг хъуыды: «Мæнæ та нæ цардæй иу бон фæтары»; зырнæджыты схъиугæ уасын фæззæджы æмæ сызгъæринхуыз-зынгдзæф сыфтæры згъæлд; рæхснæг чызджы егъау цæстыты æхсгæ фæкаст, парчы дæ размæ куы фæвæййы, уæд; хурыскастыл уды хъизæмарæй рантысгæ зарæг, уайсахат гæххæттыл кæй афыссыс, стæй дæ хæлæрттæн кæй бакæсыс, уый; дæ фыдæлты уæзæгыл цæсты рухс æмæ зæрдæйы сой уазджытæ; дæ удхайраг æмæ 'хсызгон фыдæбæттæй цы райдзаст, зæрдæйы рухс нысæнттæм тырныс, уыдон; изæртæ, боны уынæр цадæг- гай мынæгæй-мынæгдæр куы фæкæны, уæд; æхсæвырдæм сыфтæрты сусу-бусу; сау зæхх æмбæрзæг миты гæлæбутæ. Цы фыдмитæ дын ракодтой, рæстæг, тæригъæд циу, хатыр, уый чи нæ зоны, уыдон!

Зæрдæ нылхъывта.

– Ма ку, зæрдæ! – загъын ын æз. – Хуыцауыл æууæндæг лæгæн нæ фæтчы тъизын. Æмæ уæдæ, поэт куыд загъта, афтæ хъуамæ уа:

*Бон фæцардтæ – хон æй амонд,*
*Æризæр дыл – хъæздыг дæ.*
*Сæумæйыл дæ зæронд куыст фæу,*
*Æмæ уæд базонай уарзт æмæ кад.***

Мæ сæфт рæстæгыл – кæйдæр азарæй, – афтæ раджы нæ райдыдтон сагъæс кæнын. Авд азы размæ та йыл, хæст Грознайæ æддæмæ куы ранхъæвзта республикæйы арæнтæм, æппындæр нæ хъуыды кодтон – мæнæ уæд горæтмæ куы ссыдтæн.

Ныр æй се ’ппæт дæр æмбарынц, бахъардта сæм, кæй сæ ныггаффутт чындæуыд, уый. Фенхъæлдтаис, зæгъгæ, иумæйаг бæллæх адæмы кæрæдзимæ бангом кæндзæн, кæрæдзи хуыздæр бамбардзысты, фидаудзысты. Фæлæ, цæмæдæр гæсгæ, хъуыддаг афтæ нæ рауад. Иуæй-иутæ бынтон скатайаг сты, сцоппайаг æмæ хæлофæй æххæст кæнынц, нырмæ сæхицæн скæнинаг хæсыл цы нымадтой, уыдон æмгуыппæй – талф-тулфæй цæрæгау. Сæ рæстæг дзæгъæл сæфт кæй фæкодта, ууыл нæ разы кæнынц, нæ сæ фæнды ууыл басæттын. Нæ сæ уырны, æмæ сæ уымæй размæйы амондджын цардæн раздахæн кæй нал ис, фарон цы мит атад, уыйау. (Æмæ уыйадыл фæхæст сты ахæм зондыл, æмæ, дам, «дунейæн фидæн нæй». Æрмæстдæр ма дæ фæсивæд фæцардхуыз, фæныфсхаст кæнынц сæ ахастæй дунемæ: сомбон дæм цы ’нхъæлмæ кæсы, уый у фæстæмæ фæкæс-фæкæс, цы дын бантыст дæ удæн хæрзты бацæуын, уыдон нымайын æмæ бирæ цæуылдæртыл фæсмон кæнын. Æмæ, уæдæ, абон цæр æххæст цардæй!). Иннæтæн та сæ тохы сæр у, къухты цыфæнды нымæтын ехсы фæрцы дæр бафтæн цæмæн нæй, уый: дæ дзæгъæлы сæфт рæстæг, царды къахыр бонтæ фæстæмæ раздахын, цæмæй дæхи æмæ ма искæй хъысмæт дæр хуыздæр фæндагыл саразай.

Сæ иу мын æргомæй дæр ма загъта, зæгъгæ, дам, ссæдз азы размæ ды кæйдæр бынат ахстай, хъуамæ, дам, ды ма уыдаис «Прометей»-ы*** разамонæг, фæлæ – уый…

Æмæ ахæмтимæ цы кæнгæ у? Психологи куыд амоны, афтæмæй, уыцы уавæры чи бахауы, уыдон сты рынчынтæ. Æз, куы ма йæ загътон раздæр, уыцы наукæйы цыдæртæ бамбæрстон. Æмæ сæ низы, сæ психозы бæрæггæнæн ном у – царды æцæгдзинад зыгъуыммæ уынын æмæ хатын. Уыдонæн ныффыстон сæрмагондæй нымад рæнхъытæ:

*Цы дыл фидыдта, уыцы хъæзтытæ ныууадзгæйæ,*
*ды сабийæ тырныдтай стыр уæвынмæ – Рæстæг*
*адугъ кодта, ды та ма йæ баййафын хъавыс,*
*Зæронд куыдзыл хъæвдыны хъустау фидауынц*
*дæуыл дæр æвзонджы митæ. Æррайæн æмдзæгъд*

*дæр дын æхсызгон у. Ау, ахæм зын у бамбарын, ивгъуыд боныл хур кæй не скæсдзæн, знонæн раздахæн кæй нæй? Æви ды, дæ цæстытæй цы уыныс абон, уый ферох кæнынмæ бæллыс? Фæлæ нæй рæстæг ахæм хъæзтытæй хъазынæн – цыбыр у рæстæг. Бацархай ууыл, цæмæй ды бынтон цæстæфтыд ма фæуай...*

– Бæргæ, бæргæ, дæ зондмæ дын хъусæг куы уаид, – æрбалæууыд ме 'вварс Муса, цай хъавгæ хуыппытæ кæнгæйæ.

Йæ кусæнуаты Мыхуыры Хæдзары бадæм, цай цымæм, ничи нæ хъыгдары – кусæг дзы нал баззад, сæ фæрныг къонатæм ахæлиу сты.

– Ницæимæ ис абарæн, æвзонг лæппутæй-иу куыд бахæлар вæййынц, уый сын зæры бон дæр фидар куы вæййы, уæд уымæн, – загътон æз.

Ме 'мном мемæ сразы:

– О, раст дæ, афтæ у…

Зонын æй, мæхицæй йæ уæддæр зонын, æмæ, йæ царды бонтæ кæйдæр азымæй кæмæн фесæфтысты давды фæуæгау, уыдонмæ алы уысм дæр ныр нымады у, уымæн æмæ ма сын хъуамæ бирæ цыдæртæ бантыса скæнын. Рæстæджы знæт, фыцгæ уылæнтæ нæ сæ уæлныхты фескъæфынц, афтæмæй та ма нын ахсджиаг ныстуантæ ныуuадзын æмбæлы нæ фæстагæттæн.

Фæлæ уый дæр куыд не 'мбарын, уый, æмæ аргъ кæй нæй мæнæ ацы сахатæн дæр: де 'взонг бонты хæларимæ удæнцойæ бад, цадæггай цай цым, æхсæв йæ барты куыд цæуы, уымæ æнæдзургæйæ кæс, удæй-удмæ æдзæмæй дæр кæрæдзи æмбаргæйæ (ссæдз азы дæргъы афтæ баввахс стæм кæрæдзийæн, æмæ нæ раст иу иннæйы хъуыдытæ дæр ахсы), æмæ та дæхинымæры батабу кæн Дунесфæлдисæгæн.

Цæугæдон æлхынцъ кæнын куыд нæ комы, афтæ рæстæг та – бацауазын…

*Уырыссаг æвзагæй Гусалты Барисы тæлмац*

* Муса Бексултановы радзырды сæргонд
** Поэт А.Мамакаевы рæнхъытæ
*** Цæцæйнаг æрыгон фысджыты къорд



# АДАМ АХМАТУКАЕВ

*1961*

*Райгуырд 1961 азы Урус-Мартаны районы хъæу Алхан-Юрты. Поэт, прозаик, публицист, тæлмацгæнæг, фыссы цæцæйнаг æмæ уырыссаг æвзæгтыл. Фараст чиныджы автор. Йæ уацмыстæ тæлмацгонд сты уырыссаг, ирон, азербайджайнаг, балхъайраг, белорусаг, казахаг æмæ таджикаг æвзæгтæм. Архайдта бирæ литературон форумты.*

*Йæ куысты тыххæй йын лæвæрд æрцыдысты Цæцæны Республикæйы Сæргълæууæг æмæ Парламенты, Белоруссийы информацийы министрады, Цæцæны, Уæрæсейы æмæ Белоруссийы фысджыты цæдисты хæрзиуджытæ. Цæцæны Республикæйы интеллектуалон центр «Æвзист уыджы» премийы лауреат.*

*Уæрæсейы фысджыты æмæ журналистты цæдисты уæнг, Кавказы фысджыты клубы цæцæйнаг хайады сæрдар.*

*Адам АХМАТУКАЕВ*

# КÆЙ АХХОСÆЙ У А ДУНЕ ГАФФУТТ

## ДЫ БАМБÆРСТАЙ

Зæрватыккæн йæ уд, йæ дзæцц – фæллой,
Йæ лæппынтæн, мæгуыр, сæ сæр – сæ кой.

Тыхсы йæ цотыл бон-изæрмæ фыд –
Хæрдæй куыд уой æфсæст æмæ рæвдыд.

Сæ ахстоны бын сагъдауæй лæууын.
Мæ сагъæсты зæрватыккау тæхын.

Æрмæстдæр иунæг амондмæ тырнын –
Мæ сабитæн къæбæрамал кæнын...

* * *

Мæй-рæнхъ æхсæвыл æппары йæ рухс.
А `хсæв мæ скодта æрхæндæгæй буц.

Ралæууыд райсом, æрцыди сæумæ,
Сау сагъæс арвæй æрхызти мæнмæ.

Дуне æрбарухс, нæ фенцон мæнæн,
Катайы ахæсты, оххай, фæдæн.

«Дуне куы сæфы, цы кæнон, æна?»
Дзуаппыты чырын æхгæд у нырма.

Сабион фынтæй фыдбæллæх тæрсы –
Мады аргъау мын ныфсæнцой хæссы.

Фæлæ куы фæци мæ аргъæутты рад, –
Радта æргом дзуапп ас лæгæн мад:

«Сидзæр куы баййафай искуы фыдæй, –
Исчи дæу цардвæдыл хондзæн фæрнæй,

Фæлæ куы айса мæн искуы адзал,
Мады цæссыг дын куы нал уа, куы нал,
Чи ма дæ хиздзæн рын-сонæй, бындар,
Сæфдзæн дæ дуне, дзыназдзæн дыл арв...»

Гъемæ уæдæй нырмæ фиппайын æз,
Мады зæрдæхсайд куыд кæны æххæст.

Ичъи-æрхæндæг ныххæцы мæныл,
Нал цæуын, оххай, æдæрсгæ зæххыл.

Мæй та æхсæвыл æппары йæ рухс,
Ногæй та свæййын æрхæндæгæй буц.

Ралæууы райсом, æрцæуы сæумæ,
Сау сагъæс арвæй æрхизы мæнмæ.

## ХЪЫСМÆТ МÆ ДОМЫ

Æнæрцæф саби, сонт уыдтæн мæ рады,
Æнæмæт æмæ царбæллон, зындзырд.
Мæ карз фыдыл-иу бацардыдтон мады, –
Ныккæна мын мæ фыдуæгтæн хатыр.

Мæ хъуыдыйы дæр никуы уыди, райсом
Зыгъуыммæ кæрцау рафæлдæхдзæн цард,
Хъысмæт мæ домдзæн, уон цæмæй фæразон,
Зынвадæтты дæр ма кæнон æнкъард.

Цыдысты азтæ, къахдзæфтæ нымадтон,
Мæ мад мæ фыдыл не сивта йæ уарзт,
Йæ артдзæстмæ мæ дудгæ зæрдæ тавтон,
Нæ ахуыссыди цалынмæ æваст.

Нæ фæдæн цух æз амæндтæй, фыдбонтæй.
Ныр кардзыд дæн. Дзымандытæ сты даргъ.
Хъысмæт мæ домы, рох къонайы ногæй
Куыд ыссудзон фæндагамон цырагъ.

# МÆ ФЫНТЫ СУСÆГГАД

Æбуалгъ аргъæуттæй, раг дугтæй, мæ бон,
Мæнмæ мæ рох фын бавзиды æргом.

Кæй аххосæй у а дуне гаффутт, –
Æлгъыст – йæ ном, æнæзæгъинаг уд...

Æцæгдæр ахæм замантæ æрцыд,
Кæм чындæуы æлгъыст иблисæн цыт?

Рæхджы уыдзæн уæлахиздзау фыдуд,
Рæстуд дзыллæтæн бакайдзæн сæ уд?

Куыд ныффидар ис йе `лдарад уæддæр,
Мыййаг нæм ис тæригъæдтæ æгæр?

Æрцæуы азты сасирæй луæрст
Рæстады – нæ, зылыны рухс æрмæст?

Уый у сæ рухс куырм ничитæн æрмæст,
У тутт ныфсытæй йемыдзаг сæ цæст.

Хæссынц æдзух фыдæх æмæ фыдтас,
Кæнынц æгад Пехуымпары ныхас.

Дзæгъæл фосау кæд сæфт ыстæм, уæддæр
Мæнг ныфсытæй куыд разила нæ сæр?

Нæма `мбарын, фын у æви æцæг, –
Куыд райхъал уон?.. Уæззау мын у, хъæлæкк...

# ИУНÆДЖЫ РИС

О иунæджы рис!.. Чи зоны, куыд у,
Мыййаг, уый мæйы рухс тынтæй быд у.

Ысты кæд уыцы рухс тынтæ, мыййаг,
Фыдæвзæгтау дæ хъысмæтæн сæйраг...

Мæ ныхмæ – рудзынг, дзидзи дары мад...
Ысты хъæбулæн рухс тынтæ дæр рад*...

Тæдзынц йæ удмæ мады `хсырау кæд, –
Куыннæ йын уыдзæн уыцы хæрд æгъгъæд!..

Сæудар-ирдгæ мын банызта мæ фын,
Ныффæлурс мæй дæр, банорста йæ тын.

Æваст ныннæрыд радио – æрра!
Кæны мæ хъус йæ хабæрттæй къуырма.

Мæ ныхмæ – рудзынг. Зæрдæ цинæй рад,
Хъæбулмæ худти мидбылты йæ мад.

Нæ цары та ныннииуы уад, кæуы,
Уым рох авдæн – æвæгæсæг – лæууы...

# АУУОН

Куы араст вæййын хуры ныхмæ, уæд
Мæ ауунæн мæ чъылдыммæ – йæ фæд.
Фæсвæдмæ, оххай, адзæгъæл дæн, цы, –
Мæ ауон – разæй, хаты мæм, хæцы...

* Рад (дыгурон ныхас) – амоны «цин», «хъæбулы цин».

# ФЫРТ ÆМÆ МАД

Лæппуйæн сси æнуд сахар зынаргъ,
Хæххон хъæумæ йæ нал хæссы йæ къах.
Кæны ныфссастæй утæхсæн йæ мад:
Куы `рцæуид ма йæ боны рад, йæ рад!

Йæ фырт, йæ иунæг разынди зындзырд,
Æндæр фæндагыл раджы уый фæцыд.
О замана, цы йын кæна гыцци, –
Йæ ног ахстон ын адджындæр фæци.

Æрхуымты мад йæ царды хал хæссы,
Фæлæ уæддæр хъæбулы фарс хæцы.
Нæ йыл уадзы къæм абадын æппын,
Нæ йæм уадзы уый иу азым хæссын.

Фæхаста йын æй карз хъысмæты цалх, –
Хæххон хъæумæ йæ нал хæссы йæ къах.
Куы фæразид, куы уаид ын фадат,
Фæцæуид æм уæд фистæгæй дæр мад...

Фæлæ йæм, охх, цæуыны хъомыс нæй, –
Лæууынц йæ хостæ бандоныл цæндæй.
Æфхæрд сынтæгæн хъалагъур лæууынц,
Мæрдонæнхъæл æм джихауæй кæсынц...

Хъæбулæн – охх! – сахары цард – нывгонд,
У мадæн та йæ удæртау тæссонд.
Кæйдæрты `вджид йæ мæрдæгъдау уыдзæн...
Ыстыр Хуыцау рæстаг тæрхон хæсдзæн...

*Уырыссаг æвзагæй*
*Мамыкъаты Хъазыбеджы тæлмац*



# СУЛИМАН МУСАЕВ

*1972*

*Ахъаззаг курдиатджын фыссæг, тынг хæларзæрдæ лæппу Сулиман Мусаев райгуырд 1972 азы цæцæйнаг хъæу Алхазуровойы. Астæуккаг скъолайы фæстæ бацыд Цæцæны университеты филологон факультетмæ æмæ йæ æнтыстджынæй фæци каст.*

*Куыста уырыссаг æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæгæй, 2006 азæй фæстæмæ та у литературон-аивадон журнал «Вайнах»-ы прозæйы хайады редактор.*

*Кавказы æмæ Уæрæсейы къорд журналы мыхуыргонд цæуынц йæ уацмыстæ – кæм тæлмацгондæй, кæм та – уырыссагау йæхи фыстæй. Раивтой йын сæ тæтæйраг, абхазаг, балхъайраг, удмуртаг æмæ ирон æвзæгтæм.*

*У журнал «Вайнах» æмæ æндæр каджджын премиты лауреат.*

*Йæ зынгæдæр чиныг уал у æмбырдгонд «Брелок» – рацыд Мæскуыйы 2012 азы.*

*Æнтысæд ма йын ног уæлахизтæ.*

*Сулиман МУСАЕВ*

*Радзырдтæ*

# КЪОМСИЙЫ АД

*Мæ фыдыфсымæр Нурдийы номарæн.*
*Æртæаздзыдæй æххормагæй амард, йæ*
*чысыл ингæн æвæдæй фесæфт Кустанайы*
*æгæрон быдыры...*

– Нани, – Мовли баздæхт йæ мадмæ, – мæнæн æххормаг у. Мад ын уыцы сахат йæ хæлафыл хуыдта ног æмпъузæн. Фæуагъта йæ куыст, сыстад, райста алюмин къус æмæ йын дзы чысыл кастрункæйæ – уæларт ма лæууыд, æркодта «хъæрмхуыппы» фæстаг къоппа – айдагъ доны фых хъæбæрхор, алы кæрдæджытæй хъацæнгонд. Мовли йæ уайтагъд фæдæле ласта æмæ алырдæмты аракæс-бакæс кодта: цы ма ахæра, ахæмæй йæ цæст ницæуыл æрхæцыд. Мад ын йæ хæлаф иуварс æрæвæрдта, зæронд бæмбæджджын йæ уæлæ ’рбакодта æмæ фæраст, Мовлийæн ныффæдзæхсгæйæ:

– Лæппумæ дæ цæст фæдар, æз хъомдонмæ цæуын – йæ тæккæ афон у дуцынæн...

Нурди сади. Кæд ыл а фæззæджы æртæ азы сæххæст, уæддæр йæ къæхтæ йæхи бар нæма уыдысты – ома цæуын нæма райдыдта. Мæнæ ма æнæфæразгæ куы уыд, уæд-иу йæ цыппæртыл бырыд, ныр та фæлдæхтæй лæууы, йæ сау цæстытæ разил-базил кæнгæйæ, æмæ хатгай схъæрзы. Скæуид-иу, фæлæ уый дæр йæ бон нæу, хъаруйы цъыртт æм нал баззад.

Мовли фæтардзæсгом: нæ уарзта йæ кæстæр æфсымæримæ мидæгæй бадын. Уынгмæ тырныдта, уым хъаза йæ казахаг, немыцаг æмæ уырыссаг æмгæрттимæ. Уæд дзы, хъазгæ-хъазын, æххормаг ма кæй у, уый дæр æрбайрох вæййы. Уæвгæ та йæм хæрын æдзухдæр цæуы. Искуы уæвгæдæр æфсæст уыдис, ахæм бон йæ зæрдыл нæ лæууы Мовлийæн. Куыдфæнды уа, цыфæнды уа, уæддæр-иу хæдзары йе стонг истæмæй фæсайдта – мæнæ абонау: мад куы цы æрбахæссы йæ куыстæй, куы – цы, науæд та сæ сыхæгтæй ракуры.

Мовли бандоныл слæууыд æмæ уынгмæ рудзынгæй кæсы, стæмхатт разилы йæ фынæй æфсымæрмæ, байхъусы йын йæ хъæрзынмæ

æмæ та йæ цæстытæ æддæмæ ныццæвы. Хурбон у. Ræуæг дымгæ куы раулæфы, уæд та рыг сисы, ныздухы йæ. Ауутоны йæхицæн æнцад-æнцойæ хуыссы куыдз.

Уалынджы Мовли ауыдта комендanty бæхыл бадгæйæ. Лæппу йæхи бааууон кодта – æндæрæбон Нурди февзæрдæр, æмæ сæ мад куыстмæ нæ ацыд. Гъемæ сæм уæд ацы комендант фæзынд æмæ загъд-замана самадта, йæ къухтæ-иу сцагъта, йæ сæт-иу калд, афтæмæй. Чысыл фæстæдæр Мовли хъавгæ акаст уынгмæ æмæ йæ куы федта, комендант кæй адард тæргæ бæхыл, уый, уæд дарддæр æдасæй хъахъхъæдта, æдде цытæ цæуы, уыдон. Далæ дзаг къæртатимæ æрбаивгъуыдта Совлен, сæ сыхаг казахаг чызг. Лæппуйы комдæттæ уадидæгæн æруадысты: уыдонмæ, ай-гъай, уыдзæни, Мовли зыдæй цы акомдзаг кæнид, уый.

Фарон уалдзæг дын бады сæ кæрты æмæ рауил-бауил кæны йæ иунæг хъул.

– Мишкæ! – айхъуыст чызджы хъæлæс, уымæ дзурæг. Йæ сæр фæхъил кодта, æмæ – Совлен. Уый йæ хызын зæххыл æрæвæрдта, цыдæр дзы systa æмæ Мовлимæ æрбадаргъ кодта цыдæр сырхварс къоригонд. Цы уыдис, уый нæ зыдта лæппу æмæ фæдыгъуырццæг, скатайаг.

– Айс æй, айс, æфсæрмы ма кæн, – æмæ йын æй йæ къухты фæсагъта чызг.

– Бузныг, – тыхамæлттæй йын сфæрæзта раарфæ кæнын, Совлен та, куыддæр æнæбарыгомау, фæлладхуызæй йæ мидбылты бахудгæйæ, systa йæ хызын æмæ сæхимæ фæцæуæг.

Мовли цыппæрвадæй йæ мады цур балæууыд – уый сæнæрттæй арт кодта пецы, æмæ йæм йæ лæвар бадардта:

– Нани, ай цы у, ай?

Мад æм фæзылд, дисгæнгæ йæ афарста:

– Кæм æй райстай, кæм дын уыд?

– Совлен мын æй радта.

– Фæткъуы хуыйны уый…

– Фæткъуы-йа? – Мовли дыргъмæ сысмыста. – Æмæ хæрынмæ та бæззы?

– Бæгуыдæр! Хуыцау дзы фæразы уæд Совленæй. Хæргæ кæн.

– Æмæ дзы дæхицæн дæр, нани, ралыг кæн.

– Бузныг, мæн нæ хъæуы, – загъта мад æмæ, йæ цæстытæ ’мбæхсгæйæ, рæвдзгомау азылд арты ‘рдæм.

Мовли фæткъуы æрхæмц кодта, йæ цæстытæ ацъынд ласта – уымæй хæрзаддæр йæ комы никуыма ницы уыд.

Изæрæй, фæткъуыйы æппытæ хæргæйæ, – фæткъуыйæн йæхи æнæхъæн бон фæкомдзæгтæ кодта, ауæрста йæ циныл, лæппу бафарста:

– Æмæ фæткъуытæ чи скæны æмæ сæ цæмæй скæны, куыд?

Мад бар-æнæбары бахудти:

– Ничи сæ скæны, къухæй кæнгæ не сты – бæлæстыл æрзайынц.

– Æмæ уæд уыцы хуызæнæй мах бæлæстыл цæуылнæ зайынц? – зæрдиагæй ныддис кодта лæппу.

– Уыдон алы мыггаг бæлæстыл нæ зайынц, æрмæстдæр сæхионтыл, фæткъуы бæлæстыл æрзайынц, ахæмтæ та ам нæй. Фæлæ нæхимæ та, Кавказы, цас ис, цас! Ноджы цы сойджынтæ сты, цы! – Мады зæрдæ ауынгæг, йæ цæстытæ æрæхгæдта, тыхамæлттæй баурæдта йæ хъæрзын, стæй тæхудыгæнгæ загъта:

– Æцæг дзæнæтон бæстæ у нæхи Кавказ, æцæг! Цынæ дыргътæ нæм ис, цынæ: фæткъуытæ, кæрдотæ, абрикостæ, чылауитæ, къомситæ дæр ма!

Мовли хъæлæсыдзагæй ныххудти:

– Нани, цытæ дзурыс уый?! Къомси та куыд хъуамæ зайа бæласыл?! Сыкъаджын куы у, дынджыр, даргъкъахджын! Бæлас æй нæ бауромдзæн, æрсæтдзæн…

– Мовли, дзырд къомсийæн цæцæйнагау дыууæ нысаниуæджы ис: иу ран дыргъ фæамоны, æндæр хатт та – стур, гал кæнæ хъуг. Хъуыры кæд сæдзы къомси, уæддæр тынг хæрзад у. Уæлдай адджындæр та вареннæйæ вæййы. Æллæх, мæ комыдæттæ æруадысты…

Мæнæ ныр Мовли рудзынджы цур бады æмæ йæ фæнды, къомсийы ад йæ зæрдæйыл куы сæмбæлид, уый. Фæлæ – куыдæй сæххæст уа йæ бæллиц, къомсийæ хъæстæ дæр куы никуы фæцис, уæд?..

Йæ дыууæ хæлары ауыдта – немыцаг æфсымæртæ Сашкæ æмæ Яшкæйы. Цыппар фæндаджы тигъмæ лæууыдысты.

Кæд æфсымæртæ уымæй, Мовлийæ, зынгæ хистæр уыдысты, уæддæр йемæ арæх хъазыдысты. Йæ фынæй æфсымæрмæ æхсгæ кастæй фæкаст æмæ æнæ сыбырттæй феддæдуар, азгъордта йæ хæлæрттæм, бæгъæввад къæхтæй тæвд бæзджын рыг змæнтгæйæ. Æфсымæртæн сæ алкæй къухы дæр уыд фæйнæ дзулы карсты, ставд ссад цæхх сыл зæрстæй, афтæмæй. Лæппутæ йын цыдæртæ дзырдтой, æрмæст сæ Мовли та нæ хъуыста, уый фæкъуырмагонд тæвд дзулы адджын тæфæй; ноджы ма-иу йæ хæлæрттæ сæ хæйттæ уыцы зæрдиагæй куы ныррустæ кодтой, æмæ-иу дзулы хъæбæр куы схæмц-схæмц ластой!

Ракурын йæ цæсгом нæ хъæцыд. Æппынæрæджиау ын æфсымæрты хистæр йе ’ххормаг цæстытæм кæсын нал бафæрæзта – æрсаста йæ карсты ’мбис æмæ йæ бадаргъ кодта Мовлимæ – уый йæм фæлæбурдта, уыциу скъæфт æй скодта йæ дзыхмæ, фæлæ æвиппайды Нурди йæ зæрдыл æрбалæууыд, æмæ сагъдауæй аззад, дурдзæфау фæцис. Никæдма уыд уыдонæн сæ хæдзары ног фых къæбæр. Йæ сæры æвæджиауы хъуыды – йæхимæ гæсгæ – фегуырд: мæнæ ацы хъарм дзулæй хорз фендзæн Нурдийы, æмæ уæд уый рабаддзæн, адзæбæх уыдзæн! Уый та низæфхæрд у. Низ та лæгыл æххормагæй, сыдæй мæлгæйæ бахæцы æмæ йæ сбынæй кæны. Уый у дунейы бæллæх, æндæр дзы æвзæрæй ницы ис царды. Ахæм хорзы кæй бацæудзæн йæ сæйгæ ’фсымæрæн, уыцы хъуыдыйæ, иуæй, йæхицæй ныббуц, иннæмæй, йæ зæрдæ æрбауынгæг, æмæ йæ цæссыджытæ æргæр-гæр кодтой.

«Уæд та йæ мæхæдæг бахæрин – куы ничи мæ базондзæн, Нурдийæн æй хæссинаг кæй уыдтæн, уый», – фегуырд йæ маройаг сæры, фæлæ уайсахат æрхудт йæхиуыл æмæ йæ сæрæй уыцы хъуыды федде кодта. Уырыссагау цъæррæмыхстытæй загъта:

– Моя твоя домой бежит! – æмæ фæцагайдта æцæгæйдæр. Куынæ йæм фæлæууон, зæгъгæ, дзул йæ роны амбæхста, æмæ дын йæ гуыбын куы схъуыр-хъуыр кæнид: ай мæ былтыл æхсызгон тæф куы ауади, уæд, цы у, циу, уый йæхæдæг мæ хай цæуылнæ кæны?..

Йæ цæссыгтæй йæхи æхсгæйæ, Мовли йе ’фсымæры ныууыгъта:

– Нурди! Уæ Нурди! Райхъал-ма у – мæнæ ма ’рбакæс, цы дын æрбахастон, уымæ!

Нурди фехъал.

– Гъа-ма, ацы тæвд дзулы карст дæу у, дæу! – Мовли йын æй йæ тæккæ былтæм бахаста. Фæлæ уый æнцад хуыссыд, тых улæфт кæнгæйæ, æмæ диссагмæ кæсæгау каст йе ’фсымæрмæ.

– Айс æй, бахæр æй! Æмæ уæд сдзæбæх уай!

Нурди йæ сæр сдыууæрдæм кодта, нæ мæ хъæуы, зæгъгæ.

– Ахæр, Нурди, ахæр! Æмæ, куы сдзæбæх уай, уæд та фыццагау иумæ хъаздзыстæм. Æмæ уæд нæ нани дæр æппынæдзух йæ цæссыг сусæг-æргомæй нал згъалдзæн, Нурди.

Нæй, ницы уад йæ лæгъстæйæ. Уый нæ, фæлæ ма Нурди иннæрдæм дæр азылд æмæ уынæргъыдта, хъæрзыд: зын ын уыди Мовлийы кæуындзаг хъæлæсмæ хъусын…

Дыууæ боны аивгъуыдта. Суанг изæргæрæттæм Мовли хъазыд йе 'мбæлттимæ, хъæуы æдде цы цад уыд, уый былгæрæтты. Сæхимæ куы фæзынд, уæд ракæс-бакæс кæны æмæ йæ цæст нæ хæцы йе 'фсымæрыл. Мад æнкъардæй бадти, йæ къух йæ роцъомæ сбыцæу кæнгæйæ.

– Нани, æмæ Нурди та цы 'рбаци?

– Нурди аивгъуыдта, – саст хъæлæсæй загъта мад.

– Уый та куыд ома аивгъуыдта? Кæдæм?

– Уæ фыдмæ…

– Æмæ Нурди йæ къæхтыл слæууыд, цæуын райдыдта?! – Мовли йæ мадмæ æнæууæнк цæстытæ сарæзта.

– Афтæ, афтæ… – Мад йæ арм йæ цæстытыл æрхаста.

– Æмæ уæд ды мæн цæмæ гæсгæ нæ ауадзыс мæ фыдмæ, æз згъоргæ дæр ма куы кæнын? – Мовлийы скæуынмæ æфсон йеддæмæ нал хъуыд.

– Æмæ уæд æз та зыбыты иунæг уон, мæн æххуысгæнæг нæ хъæуы? Ды ныридæгæн дæр стыр дæ, фæкæсынхъом сдæ… – Мад æм хæстæгдæр æртæ æд цъар фых картофы бакодта, æрæвæрдта йын йæ разы æхсыры агуывзæ. – Æрбабад æввахсдæр, скомдзаг кæн…

– Нæ дæ ныууагътаин иунæгæй, цы хуызы дæ ныууагътаин, – йæ мады зæрдæ балхæныны охыл загъта, иннæрдыгæй та йын æхсызгон фæци, стырыл æй кæй нымайы, уый. О, нæ баззадаид мад æвæгæсæгæй, кæй зæгъын æй хъæуы, фæлæ йæ йæ фыды фенын дæр тынг куы фæндыд, уæд та ма йæ 'рмæст иунæг хатт бабæрæг кæнын, хуызæй цы хуызæн у, уый базонын…

– Ма йыл мæт кæн, Нурди фæстæмæ раздæхдзæн, куыддæр чысыл фæнывылдæр уа, афтæ. Ныр та ма æнæфæразгæ у.

– Æмæ нæ фыдимæ иумæ зындзысты?

– Уæдæ, уæдæ! Æнæмæнгæй…

Æхсæвы Мовли кæйдæр æнæзонгæ хъæлæстæм фехъал. Хъæццулы бынæй йæ сæр радардта: дыууæ сылгоймаджы, иуы дæр дзы уымæй размæ никуы федта.

– Хуыцау ын дзæнæтæй хай бакæнæд, Басирæт! Йæ ныхыфыст афтæ рауад, гæнæн ницы ис, – дæрзæг хъæлæсыуагæй дзырдта сылгоймæгтæй иу.

– Ныфс мæ дзы уыд, Мовлийы фарсмæ балæудзæн, зæгъгæ, – мад йæ цæстытæ йæ уæлармæй асæрфта. – Ныр ын нæдæр æфсымæр нал ис, нæдæр фыд… Арвы бын зыбыты иунæгæй аззад, мæ фæрстæ йын фехæлой.

– Афтæтæ ма дзур, Басирæт, – сдзырдта дыккаг ус дæр. – Æппæт дæр Хуыцауæй аразгæ у, æмæ йæ иунæгæй нæ ныууадздзæн. Уый нæ алкæй дæр хъахъхъæны, нæ ныфсы цæджындз у…

– Аллах мын цы тæрхон рахæсса, æз æппæтимæ дæр разы дæн арфæйагæй, – йæ риуы арфæй ныуулæфыд мад.

– Хуыцау дæ фæныфсвидар кæнæд. Быхсыны сæр, дам, сындз у, йæ бын та – сой. Уый дæ рох ма уæд…

– Дзæнæты буцгæнинаг уазæг æй фæкæнæд Дунесфæлдисæг, – устытæ сыстадысты æмæ се ’ргом дуары ‘рдæм сарæзтой.

– Бузныг уын! Хуыцау уæ барæвдауæд, – мад сæ фæдыл къæсæры онг акаст, уайтагъд фездæхт, фынджы уæлхъус чысыл бандоныл æрбадт æмæ йæ боннымайæнтæ systa.

– Нани, – сынтæгыл æрбадт Мовли, – æмæ Нурди Кавказмæ аивгъуыдта?

– Цы, цы? – мад хæрдмæ фæхауд.

– Мæнæ æрдæбоны устытæ афтæ загътой, Нурди, дам, ныр уым ис – дзæнæты. Ды та иудадзыгдæр афтæ фæдзурыс, Кавказ дзæнæт у, зæгъгæ. Зæххон дзæнæт…

– Æцæгтæ дын фæдзурын, – мад æм бацыд æмæ, йæ лæппуйы йæ уæрджытыл сбадын кæнгæйæ, йæхи хъæдын тъахтиныл æруагъта. – Нурди Кавказмæ ацыдис, о.

– Æмæ нæ фыд дæр уым ис – Кавказы?

– О, уый дæр уым ис, уым, – йæ кæуындзæг тыхныхъуырд акодта Басирæт.

– Æмæ уæд мах цы фæстиат кæнæм, цæуылнæ фæцæуæм уырдæм, мæ фыд æмæ Нурдимæ?! Афтæ мын куы дзырдтай ноджы, зæгъгæ, уым, уыцы цæттæ дзæнæты, алыхуызон дыргътæ зайы – фæткъуыйæ зæгъай, кæрдойæ, чылауитæ æмæ стæй уыцы йедтæ… къомситæ дæр…

– Мах дæр рæхджы фæраст уыдзыстæм уырдæм… Кавказы бæстæм. Æнæмæнгæй фæцæудзыстæм… Хуыцауы фæндæй…

Цъус фæстæдæр Мовли мады фæлмæн уæрджытыл афынæй, ноджы ма йæ уый сабыргай узгæ дæр кодта авдæны узагау.

… Æмæ Мовли фестад Кавказы, йæ алыварс иууылдæр цъæх-цъæхид адардта. Нурдиимæ бæлæсты бын хъазыдысты иу уæрæх æрдузы: дидинджытæй дзы – гауыз, хъæдабæ кæрдæг та раст сæ уæрджытæм хæццæ кодта. Нурди уыди бынтон æнæниз, фыдуаг митæ кодта, сæрбихъуырæйттæ,

стæй-иу худæгæй бакъæцæл. Сæ мад æмæ фыд та бæлæсты бын сатæджы бадтысты. Алырдыгæй дынджыр дыргътæ зæхмæ æртасыдысты – сырхытæ, буртæ, æрвцъæхтæ… Мовли йæ мадмæ базгъордта æмæ йæ тыхстхуызæй афарста: «Нани, æмæ уыдон та кæцытæ сты – къомситæ, зæгъгæ, кæй хуыдтай, уыдон?» Ныййарджытæ хъæлдзæг ныххудтысты, сæ цæсгæмттыл амондджын адæмы æууæлтæ хъазыдысты, рухсæй æрттывтой. «Мæнæ дæ тæккæ сæрмæ зайынц, – фыд йæ къух сивæзта æмæ дыууæ сырхбын бур дыргъы æртыдта, дæтты сæ йæ фыртмæ. – Иу дзы дæу, иннæ та Нурдийы».

Мовли дзы уымæн йæ хай куы радта, уæд йæхион ныххæмц кодта. Æмæ – æцæгдæр: къомси уыд хæрздæф, æнахуыр хорз ад кодта, раст ногфых тæвд дзулау…

## МЕ ’ФСЫМÆР, МÆ СЫРХЦЪАР ÆФСЫМÆР

Стыр залы тæккæ къæсæрыл сдыууæрдæм дæн, бацæуон мидæмæ – ма бацæуон, зæгъгæ. Экономикæйы тыххæй дзы дзурдзысты, æмæ уый та мæн æппындæр никæцырдыгæй æндæвта. Иннæрдыгæй та ма уый дæр, æмæ уымæй размæйы ахуырты бастадтæн. Иучысыл ма аракæ-бакæ кодтон, стæй асинтыл уæлдæр ссыдтæн – зымæгон дыргъдон хуынд, æмæ дзы сау æнæсæкæр къофи райстон.

Цырæгътæ ирдæй судзынц, алкæдау дзы музыкæ хъуысы, мидæггоз дыууæ лæппуйы бильярдæй хъазынц. Мæ къофиимæ кæм æрбынатон уон, зæгъгæ, стъолтæй иумæ бацыдтæн. Змæлæг дзы, зæгъæн ис, æмæ ничи уыд. Хицæнæй бадт иу саулагъз лæппу, йæ сау-сауид сæрыхъуын уæхсчытæм хæццæ кодта. Мæнмæ гæсгæ, кубæйаг у.

Ардæм хуынды ’рбацыдысты уырыссагау фыссæг фæсивæд алы рæттæй – Советон Цæдисæй чи фæхæдбар, уыдонæй, фæлæ дзы фæсарæнты минæвæрттæ дæр уыд – Чехи, Франц, Австри… Знон ма дзы индиаг лæппуимæ дæр фæзонгæ дæн.

Кубæйаг кæй фенхъæлдтон, уый мæм йæ къух батылдта, бахудти хæларау. Æз йæ фарсмæ сбадтæн, кæд мæ тынг нæ фæндыдис, уæддæр: цæуыл дзырдтаин йемæ? Фидель Кастройы тыххæй? Кæнæ та Хемингуэйы уацмыстыл, мæ зæрдæмæ уыйбæрц куынæ цæуынц, уæд? Бирæтæй уæлдай… Æви Гуантанамойы ахæстон уа нæ ныхасы сæр?..

– Хорз цæрай! – мæ къух æм бадаргъ кодтон.

Фестад, райста мын æй, загъта:

– Ас-саламу алейкум!

Хус, тæвд къух. Ме сæфт уынын уымæл къухтæй. Æз дæр ын пысылмон дзуапп радтон:

– Ва-алейкум ас-салам! Ды дæр экономикæмæ ницы бар дарыс, нæ дæ бафæндыд ахæм лекцимæ байхъусын?

– Гъæй кæнæд! – йæ къух цæхгæр ауыгъта. – Уыцы иу дзæнгæда цæгъдынц æмæ цæгъдынц, – уырыссагау сыгъдæг дзырдта, цы чысыл акцент бæрæг дардта йæ ныхасыуаджы, уый та мæ зæрдæмæ цыд.

– Æцæгдæр афтæ у. Афтидæй йæ ривадмæ ракал-бакал кæнынц…

Иуцасдæр æдзæмæй абадтыстæм.

– Сулиман, – æнæнхъæлæджы мæм мæ номæй куы сдзурид. Æз куы фæуыргъуыйау дæн, фæкуыддæрау, уæд бахудт æмæ мын ме ’фцæгыл ауыгъд хъæбыхы æрттиваг цыппæрдигъонмæ ацамыдта:

– Бэйджик!

Æз дæр ныххудтæн æмæ та йæм мæ къух дæттын:

– Гъемæ уæдæ базонгæ уæм лæгæй-лæгмæ: Сулиман!

– Хосе. Хосе Гонсалес Мексикæйæ. Фæлæ ма мын æндæр ном дæр ис… Мæ фыды номæй та…

– Мексикæйаг дæ?! – нал æм байхъуыстон йæ дыккаг номы тыххæй. – Æз та дæ кубæйаг фенхъæлдтон…

– Нæ, мексикæйаг дæн. Цоцил… – фæбæлвырддæр кодта, кæцон у, уый.

– Цо… Уый дæр Мексикæйы иу адæмыхатт у?

– О: индейаг цоцилты знæмæй.

– Индейаг?! – ныццымыдис дæн æз бынтондæр. – Уый дын гъе! Фыццаг хатт уыныг удæгас индейаджы!

– Нырмæ та йæ ’рмæстдæр мардæй федтай?

Æмхъæлæсæй ныккæл-кæл кодтам.

Ацы ног зонгæ мын мæ мысинæгтæ сфæйлыдта, мæ зæрдыл мæ рагбонтæ ’рбалæууыдысты, цы бирæ чингуытæ бакастæн, уыдоны архайджытæ удæгæстау мæ цæстыты раз фегуырдысты: Оцеола, Текумсе, Понтиак, Таучунко Витко, Татанка Йатанка… Индейаг фыссæг Сат-Окы уацаутæ «Сусæг фæдтæ» æмæ «Цæхджын къæдзæхты Зæхх»… Ирокезтæ, апачитæ, дакотатæ… Хъæддаг бæх мустанг, тыгъд быдыр

прери, æфсæддон фæрæт томагавк… Югославайнаг актер Гойко Митич цы киноты хъазы, уыдон…

– Хосе, æмæ уырыссаг æвзаг та афтæ дзæбæх куыд базыдтай?

– Æз сæрмагонд скъола фæдæн, уырыссаг æвзаг дæр кæм амыдтой, ахæм. Стæй уырыссагау дæр дзæвгар чингуытæ бакастæн. Мæ фыд та Советон Цæдис æнахуыр уарзтæй уарзта, советон бæстæ кæй ныддихтæ, уый йын стыр зæрдæнизы хос фæцис. Ноджы ма нæ хæдзары уыйбæрц цыдæртæ уыд советон нысаниуæгтимæ, æмæ, æвæццæгæн, ам уыйас никæмæ уыдаид – алы вымпелтæ, значоктæ, къæлиндартæ. Мæ мад ма-иу йемæ загъд-замана дæр самадта уый фæдыл, – Хосе мидбылты бахудт, уыцы мысинæгтæ йæ зæрдыл куы ’рбафтыдысты, уæд. – Фæлæ мæ фыд къæрттæй цъула не ’ппæрста. Цы ном ма мыл сæвæрдта мæ ноггуырдæй, уый дæр дзы мæнæ нæу!

– Уæд цы?

– Ильич! Афтæмæй йæхæдæг та коммунист нæ уыд. Фæлæ йæ зæрдæмæ та тынг цы нæ фæцыд, цæмæй фæизгардзæрдæ, уый та… Троцкийы куыд амардтой, уый.

Æвирхъау мардæй йæ чи амардта – Рамон Меркадер, – уымæн та Советон Цæдисы Геройы сызгъæрин стъалы радтой Советон Уæрæсейы. Террористæн…

– Уыдон, Ильич, политикæйы бызгъдуангонд чъизи æмæ тугæйдзаг хабæрттæ сты, фæлæ дæуыл дæ дыккаг ном æппындæр нæ фидауы – Ильич Мавзолейæ ралæбурдзæн, цы мæ хынджылæг кæнут, зæгъгæ.

– Ды худгæ кæныс, Сулиман, фæлæ дзы æндæр хынджылæг куынæ кæниккой. О, мах раздæр цардыстæм, Чьяпос, зæгъгæ, ахæм штаты, фæлæ, мæ фыд куы амард, уæд мæ мадимæ æрбалыгъдыстæм Мехикомæ. Ам ахуыр кодтон, базонгæ дæн уырыссаг стыр литературæимæ – бирæ чингуытæ мæм ис абон дæр нæхимæ – Пушкин, Тургенев, Толстой, Достоевский, Чехов… Æппæтæй уарзондæр та мын сты Пушкины æмдзæвгæтæ. Стæй Лермонтов дæр иттæг тынг цæуы мæ зæрдæмæ… Йед… Цæуон, зæгъон сын, цæмæй ма нын къофи скæной. Исты ма дæ хъæуы йемæ?

– Бузныг, ницы…

Уайсахат фæстæмæ фæзынд. Æмæ дын мæ афарста не сфæлдыстадон хъуыддæгтæй:

– Дæу тыххæй дзырдæуыд?

– О.

– Æмæ – куыд?

– Цыма мæ ницы ахæмæй загъдæуыд. Куыд у дæ хабар та?

– Райсом уыдзæн мæ рад. Скъоладзау фестадтæн, цæмæй стъæлфын-тæрсын, уый мæхæдæг дæр хорз не 'мбарын. Ахæм форумы æз фыццаг хатт дæн…

– Фысгæ та цытæ кæныс?

– Æмдзæвгæтæ, – мексикæйаг бынтон никъкъæмдзæстыг, цыма, цы не 'мбæлы, ахæм худинаджы хъуыддагыл хæст у, уыйау. – Ныфс мæ ис кæмдæр, æцæг поэзи сты ме `мдзæвгæтæ, зæгъгæ. Куыд вæййы, уый дын цы дзурон, фæлæ уæддæр… Бадыс, хъуыдыты ацæуыс дард кæдæмдæр, нырхæндæг вæййыс, ницы бæрæг бæллæх дыл æрцыд, æрмæст зæрдæ афтæ нылхъивы, сриссы æмæ… æмæ алы рæнхъытæ сæхи 'гъдауæй гуырын райдайынц… Æз испайнагау фыссын, фæлæ интернеты Филатовы фонды тыххæй куы базыдтон, уæд ме 'мдзæвгæтæй уырыссаг æвзагмæ раивтон, æрбарвыстон сæ, æмæ… – фæхъус, цыма исты азимаг уыд, уыйау.

– Дæхи хæрынмæ куы 'рцыдтæ, уанцон нæу! Алцы дæр уыдзæн, хуыздæр зæгъæн нæй, афтæ, – æз ын ныфсытæ 'вæрынмæ фæдæн. – Дæхæдæг ма дæхиуыл дæр худдзынæ… О, цыма та ног ном райсинаг дæ, афтæ куыддæр цыма загътай – Хосе номыл не 'рвæссыс, нæ цæуы дæ зæрдæмæ?..

– Хорз ном у Хосе, уартæ ма оперæ «Кармен»-ы дæр ис, фæлæ хъуыддаг уый мидæг ис, æмæ… æмæ… – Сгаргæ кастæй мæм æрбакаст, цы зæгъа, ууыл фæхуддзынæн, æви куыд, зæгъгæ. – Мæйы размæ æз спысылмон дæн æмæ мæхи хъуамæ схонон Абдуллах – ома Аллахы цагъайраг…

– Цы, цы?! Цыдæр цоцил æмæ – пысылмон?!

– Куы йæ базыдтон айфыццаг, мæ хуыздæр хæлар Хуан спысылмон, уый, уæд æз дæр… Уымæн ныр йæ ном Хуан нæ, фæлæ Осмæн у. Фыццаг æм рафыхтæн фыр мæстæй, уый та куыд, цавæр ислам дæ хъæуы, уыдон террористтæ куы сты, хъæддæгтæ, уæд ды та!.. Бирæ мæ нал хъуыд йæ фæнæмынмæ. Фæлæ мæм уый мæсты дæр не сси, æнцад мæм хъуыста, куы-иу сæмбæлдыстæм, уæд мын раздæры хæларау салам лæвæрдта, цыма не 'хсæн æппындæр ахæмæй ницы 'рцыд, уыйау. Стæй дын базыдтон, махонтæй ма бирæтæ исламы дин кæй райстой, уый. Сылгоймæгтæй дæр… Хиджаб дарын райдыдтой. О, о! Цы ныббæгъгъæтт кодтай дæ цæстытæ?

Æз уæддæр мæ хъустыл не 'ууæндыдтæн: Мексикæ, индейæгтæ

æмæ – ислам?! Ноджы, дам-ма сæм, Мæккæ-Мæдинæмæ чи фæцыд, Чабæмæ, ахæмтæ дæр фæзынд… Фæзынд сæм мæзджыттæ, медресетæ!

Уый та мын дарддæр дзырдта:

– Иуахæмы базары хæрхæмбæлд фæдæн Хуан-Осмæнимæ. Бонхорз ын загътон. Уый мын æхсызгонæй дзуапп радта.

– Дæ дины тыххæй ма мæнæн дæр радзур, – æрхатыдтон æм.

Уый фæйнæрдæм аракæс-бакæс кодта. Цъус фалдæр уыд чысыл ресторан. Фæрсæгау мæм æрбакаст:

– Уæд та бацæуиккам? Уым аныхæстæ кæндзыстæм.

Æз ромы дыуухæ сыкъайы райстон, фæлæ Осмæн цæхгæр ныллæууыд, мæнæн, дам, нæ фæтчы карз нозт, кока-кола мын райс.

Уыцы изæр мын радзырдта, Аравийы куыд быңдурон кодта ислам, Джабраил куыд сæмбæлын кодта зæххон адæмыл æнусты-æнусондæр чиныг Хъуыран, куыд сыгъдæг æмæ æнæтæригъæдджынæй цардысты фыццаг халифтæ. Уæдæй фæстæмæ арæхæй-арæхдæр æмбæлдыстæм. Иуахæмы йæм сæхимæ дæр бафтыдтæн, уырындыхъыл бадтыстæм йæ уаты. Осмæн йæ къух сивæзта хæрдмæ æмæ чингуыты тæрхæгæй – цары тæккæ бын къулмæ фидаргонд уыд, – иу чиныг æриста, рафæлдæхта йæ æмæ уыцы сæрыстыр, хъалхуызæй загъта:

– Ай Аллахы фæстаг фæдзæхст у! Æз ныридæгæн кæсын дæр зонын араббагау, фæлæ тæлмац кæнынмæ уыйбæрц рæвдз нæма дæн, хъуамæ рæхджы фæцарæхсон.

Æз чиныг, аргъуыцгæнгæйæ, райстон æмæ ницымбарæг цæстытæй кæсын æнахуыр рæнхъытæм. Цас дæргъвæтиндæр сæм кастæн, уыйас тынгдæр мын мæ зæрдæ змæстой, æнæзонгæ ’нкъарæнты ахасты бахаудтæн, ноджы ма, мæ риуы æрфыты райгуыргæйæ, тыхджынæй-тыхджындæр кодтой, мæ сæрымагъз скатай, уæдæ ай цы уа, зæгъгæ, цы мыл амбæлд. Æмæ мæхицæн лæгъстæтæм фæдæн, о, Хуыцау, мацы мын уæд, зæгъгæ, мæ зонд ома ма фæцудæд. Стæй дын æвиппайды, æнæнхъæлæджы мæ зæрдыл æрбалæууыд иу таурæгъ – хæрз саби ма уыдтæн, афтæмæй мын æй мæ фыдыфыд радзырдта. Æз мæ удаист цæстæнгас Осмæнмæ сарæзтон…

Уый фæтæрсæгау кодта, афарста мæ:

– Циу, цы дыл амбæлд æмбойны?

– Ницы мын у, мацæмæй мын тæрс, – ралæмæрстон мæхицæй.

Уæдмæ лекци фæцис, æмæ адæм стыр уатæй æддæмæ ивылын райдыдтой. Бирæтæ дзы, мах кæм бадтыстæм, уырдæм схызтысты.

Бæстæ араллойæ байдзаг: худын, хъæрæй ныхас, чызджыты удаист хъыллистытæ… Мæ къофи уæдмæ ’руазал, æмæ йæ уæддæр бацымдтон. Дæс-фынддæс минутмæ хъуамæ райдыдтаид спектакль – мæн æй фæндыд фенын, бакæсын æм.

– Цæуæм æм? – фæрсын Хосейы.

– Нæй мын гæнæн, – æмæ йæ дзыппæй телефон систа, æркаст рæстæгмæ. –Ламаз кæныны афон æрхæццæ.

Æз фефсæрмыйаг дæн: ламазы æмгъуыд мын уый æрлæууын кодта мæ зæрдыл, уый, цъæхæй рæгъæд пысылмон. Æмæ йын мæхи растгæнæгау загътон:

– Цом мæнмæ. Джаммаат-ламаз скæндзыстæм.

Ламазы фæстæ æз мæ боннымайæнтæ райстон, уый та, Цæцæнæй мемæ цы журналтæ ’рластон, уыдон фæлдæхта.

– Иу-дыууæ мын дзы нæ раттис? – фæрсы мæ.

– Табуафси! Æхсызгон дæр ма мын уыдзæн, нæ журнал нын суанг Мексикæйы дæр кастæуы, зæгъгæ! – хъазгæйæ фæкодтон æз.

Стæй уазалгæнæнæй «Фантæ» райстон, дыууæлитрыуатон, адджинæгтæ æрæвæрдтон æмæ чысыл фынг диванмæ хæстæгдæр æрбахæр-хæр кодтон. Агуывзæты ахуырст, хъацæнджын дон куы ’ркодтон, уæд æй бафарстон:

– Цавæрдæр таурæгъы кой дæм уыд, дæ фыдыфыд дын æй…

– О, о, – Хосе фæхъуыдыдзаст, цалдæр хуыппы уал скодта æмæ æрмæстдæр уæд райдыдта:

– Йæ уд, йæ дзæцц уыдтæн æз дадайæн. Сабийæ æдзух уый фарсмæ хуыссыдтæн. Æдде-иу æй, сыгъдæг арвы бын ердженыл хуысгæйæ, бaййардтон: «Æмæ боныгон та стъалытæ цæуылнæ зынынц?», «Æмæ хур та æхсæвыгæтты цы фæвæйййы?», «Æмæ гæлæбутæ дзыхæй дзурын зонынц?» Мæ алы фарстæн дæр та-иу мын дада исты аргъау ракодта, мæ фарсты хæдуæлвæд сæ-иу æрымысыд. Тынг зонынджын зæронд лæг уыд. Иуахæмы дын, нæ тæккæ фынæйæ куыд уыдыстæм, афтæ тымыгъ сыстад, æмæ уæд уый уатмæ балыгъдыстæм. Арв æмæ зæхх кæрæдзиуыл нал ауæрстой, денджызы уылæнтæй зæхх æнкъуысыд, сæ уынæргъын махмæ дæр хъуыст, фæлæ дадайы уаты уыд æвæджиауы сабыр, æмæ дзы мур дæр ницæмæй тарстæн. Уыцы бон сихорæй æз мæ фыдимæ уыдтæн нæ сыхаг чысыл горæты æмæ дзы фыццаг хатт негры федтон. Æнцой нал зыдтон, мæхицæн бынат нал ардтон, изæр

кæд ралæудзæн, зæгъгæ. Æмæ та куы æризæр, уæд дадайы бафарстон:

– Æмæ адæмæй иутæ морæхуыз цæмæн сты, иннæтæ та – урс, абон кæй федтон, уыцы лæг та сау-сауид уыд…

Дада иуцасдæр ницы дзырдта, стæй йæ лулæ сдымдта æмæ мын уæд ратаурæгъ кодта… Раджы кæддæр, дам, испайнæгтæ дæр нæм нæма фæзындысты, афтæмæй ма нæ зæххытыл цардысты æрмæст Цоцил, Цельталь, Чоли æмæ 'ндæр индейаг знæмтæ. Уалынджы дын нæм фæзындысты цыдæр æнахуыр хæддзутæ. Æрбаленк кодтой æртæ науыл. Махонтæ сæ дардмæ куы федтой, уæд сæ фæтарстысты æмæ хъæдты сæхи тарфдæр рæтты бафснайдтой, æрмæст былгæронмæ хæстæг цырддзæстыты ныууагътой. Уыдон кæсынц æмæ цы уынынц: наутæ былгæрæттæм хæрз хæстæг æрбацыдысты, æнцад ныллæууыдысты. Æмæ дын дзы фыдвæллад адæм, сæ къæхтыл ма тыхтæй-фыдтæй лæууыдысты, бызгъуыртæ дарæсы, зæхмæ хизын райдыдтой. Нæ адæм уыдæттæ куы базыдтой, уæд фæныфсджын сты æмæ дæлæмæ 'рцыдысты, денджызмæ 'ввахсдæр. Уыцы хæддзутæ та иууылдæр куы ныууагътой сæ наутæ, уæд, рацудбацудгæнгæйæ, иу ран цæлхдымбыл баисты рæнхъгай-рæнхъгай æмæ дын цыдæр æнахуыр митæ кæнынц: сæ уæрджытыл æрæнцой сты æмæ сæ сæртæй зæххыл андзæвынц, афтæ æргуыбыр вæййынц, æркувынц. Уæдмæ сын махонтæ нуазыны дон æмæ хæринæгтæ хæссын байдыдтой – стыр арфæйагæй сын сæ истой. Сæхиуыл куы фæхæцыдысты, чысыл сæ тыхы цæуынц, зæгъгæ, афтæ бавдæлдысты сæ наутæ цалцæг кæнынмæ. Фæлæ сын, куыд æмбæлы, æвæццæгæн, афтæ нæ рæвдз кодтой. Уæдмæ махонтимæ хæлар дæр ма баисты. Иу лæппу сæ-иу рæстæгæй-рæстæгмæ, бæрзонддæр цы бæлас уыд, уый цъупмæ сбырыд æмæ цыдæр хætæлæй денджызмæ фæлгæсыд – бæрæг уыд, кæмæдæрты ма 'нхъæлмæ кæй кæсынц, уый. О, сæ цалцæг зæрдæзæгъгæ куынæ уад, уæд сæ иу науæй иннæ дыууæ наумæ алы дзаумæттæ хæссыныл фесты…

Тымыгъ фæсабыр, дада йæ лулæйы ног тамако нæмын райдыдта, æмæ та цъус фæстæдæр йæ хъæлæс чысыл хæххон доны зарæгау-хъырнæгау кодта. Цыма æз йæ цуры нæ дæн æмæ уымæ нæ хъусын, уыйау йæхицæн дзурæгау йæ таурæгъ дарддæр нывæзта:

Æппынфæстаг, сæ куыстытæ куы фесты, уæд иубон, сæ нау æмæ фæндзай лæджы ныууадзгæйæ, сæ фæндаг цæгатырдæм адардтой. Сæ балцы агъоммæ бынæттон цæрджытæн цыдæртæ балæвар кодтой, уыимæ иу ахæм ссад, æмæ йæм зынг куы бадардтаис, уæд-иу арвы

цæфау ныггуыпп ласта, схæцыд-иу. Се ’мбæлттæй чи баззад, уыдон сæхицæн халагъудтæ скодтой æмæ цæрынтæ-хæрынтæ байдыдтой, уыцы æрхуымæй-иу денджызы тыгъдадмæ кастысты, афтæмæй. Фæлæ сæм ничиуал фæзынд, æмæ уым цæргæйæ баззадысты мыггагмæ.

Куыдфæстæмæ бынæттон адæмы бирæ цæуылдæртыл сахуыр кодтой, табу æмæ кувын Иунæг Хуыцаумæ кæй æмбæлы, уый сын амыдтой. Хицæн цæрджытæ сæ коммæ бакастысты, уыдонау кувын райдыдтой. Ноджы ма сыфтимæ дзурынмæ дæр фæцарæхстысты – ома, сæ чингуытæ сын райдыдтой кæсын. Рæстæг цыд. Бирæ азтæ аивгъуыдта. Æмæ та дын иуахæмы денджызы наутæ фæзынд. Фыццаг хæддзутæй уæдмæ ægac ничиуал уыд, суанг ма сæ цотæй дæр, фæлæ ма сæ зæйцæй бирæтæ сæ зæрдыл дардтой сæ фыдæлты. Ацы наутыл фæзындысты испайнæгтæ. Райдианты сæхи хорз дардтой, хæларзæрдæйæ, стæй, куыд бинонығдæр кодтой, афтæ фæуæлбикъон сты, фæгуырымыхъхъ. Сæйрагдæр сæ цы хъуыд, уый – сызгъæрин. Семæ ’рбацыдысты сауджынтæ дæр, æндæр кой сæм нæ уыд, æмæ, дам, уæ удыбæстæйыл хъуыды кæнут мæрдты ‘рдыгæй. Фыццаг хæддзуты байзæддæгтæ сæм дины чингуытæ равдыстой, Иунæг Хуыцауæн табу кæнын амынд кæм цыд, уыдон, æмæ сауджынтæ мæстæй рафыхтысты. Испайнæгтæ арты хай кодтой уыцы чингуытæ, сæ коммæ-иу чи нæ каст, уыдоны та æгъатырæй мардтой. Иуæй-иутæ сын сæ дин райстой, иннæтæ хъæдты сæ сæр бафснайдтой. Нæ рагфыдæл дæр сразы испайнæгты уырнынадыл. Чингуытæ куыд сыгътой, афтæ дзы иу сыф иуварсмæ атахт, æмæ йæ уый систа, бафснайдта йæ…

– Бахъæц-ма, – æмæ дада уырындæхъы бынмæ балæсыд, зæронд чумæдан дзы раласта, систа дзы хъæдын къопп, сфæлдæхтытæ йын кодта, йæ мидæг цытæ, уыд, уыдон æмæ мæм æрæджиау, чи сбур, ахæм сыф æрбадаргъ кодта, йæ кæрæттæ арыд уыдысты, сыгъдтытæ. Æз æй райстон æмæ йæ сойын цырагъмæ хæстæгдæр бахастон.

Фæлæ мæм уыцы уысм дада сдзырдта:

– Мæнæн æппæт адæттæ радзырдта мæ фыд, уымæн та йæ фыд, æмæ афтæ фыдæй-фыртмæ хастам нæ бастдзинад нæ рагфыдæлимæ. Æз æй, Хосе, дæ фыдæн дæр радзырдтон, фæлæ мæм уый йæ хъус не ’рдардта, нæ йæ хъæуынц абон дæр фыдæлтыккон хабæрттæ. Гъемæ сæ мæнæ дæуæн ратаурæгъ кодтон, кæд нырма хæрз чысыл саби дæ, уæддæр – чи йын цы зоны, Удхæссæг мæ уæлхъус кæд фегуырдзæн, уымæн. Мæн цæмæндæр уырны, ды куыдфæндыйы цæстæй кæй нæ

акæсдзынæ нæ ивгъуыдмæ, уый… Фыдæнхъæл дæ куынæ фæуин…

Дада – Мигель æй хуыдтой – мæйы фæстæ ахицæн. О, Хуан мæм цы Хъуыран равдыста, уый быдау фыстытæ æмæ сыгъдтытæ сыфы дамгъæтæ уыдисты æмхуызон. Уый фæстæ ма йæ бæргæ агуырдтон, фæлæ йæ мæ фыд, æвæццæгæн, басыгъта, дада куы нал уыд, уæд…

Ам æм æз нал хъуыстон, цытæ ма дзырдта Хосе, уыдæттæм, мæ буар сисбын авæрдта, мæ сæр та гуыв-гуывæй байдзаг, уыйбæрц хъуыдытæ дзы схъомпал сты: мæ зæрдыл æрбалæууыд нæ журнал «Вайнах»-ы сæйраг редакторы кусæн уат. Фарон нæм цыдæр æбæрæг æфсонæй рауад быцæуаг ныхас Ног Гвинейы хъæддаг знæмты тыххæй. Æз папуасты фарс рахæцыдтæн, уыдон, зæгъын, фæстæзад кæй сты, уый сæхи азым нæу, уымæн æмæ сæм пысылмон дины кусджытæ нæ бафтыдысты…

– Нæ, ды раст нæ дæ, – не сразы мемæ Ахмадов Муса. – Куыд загъд ис цытджын сыгъдæг Хъуыраны, уымæ-ма байхъус. Аллах зæгъы: «Мах нæ пехуымпарты арвыстам алы адæмтæм дæр». Дæ зæрдыл-ма æрлæууын кæн, æдæппæтæй цал уыдисты пехуымпартæ, уый.

Зæронд лæгтæй арæх цы нымæц хъуыстон, уый загътон:

– Сæдæ дыууын цыппар мины.

– Тынг раст. Аллах æппæт адæмтæн фадат радта, гæнæнтæ сарæзта, цæмæй удыбæстæйæ хайджын уой æнусон царды.

Æмæ, ау, уыдонимæ, Мæхæмæт-пехуымпар дæр уыдаид, ау? Нæ, уый сын, цы ’взаг не ’мбарынц адæм, ууыл йæ дины ахадындзинад нæ амыдтаид, Хуыцауæй арфæгонд уа!

…Кæддæрты бакастæн иу бæзджын чиныджы: Тарик ибн Заед, арабба г балхон, Африкæйы иу хай куы басаста æмæ, абон Марокко кæм ис, уырдæм куы балæгæрста, Атлантикæйы фурды былгæрæттæм, уæд æрзоныгыл æмæ ныттабутæ кодта: «Уæ Аллах! Ма ратт бæллæх! Æз Дын ард бахордтон, Дæ Дзырд дын æппæт зæххы къорийыл дæр кæй ахæлиу кæндзынæн, уый тыххæй. Фæлæ мын ацы фурд ахæм цæлхдур у мæ фæндагыл, æмæ йын куыд ахизон йæ сæрты, уый мын бацамон!»

Бæстæ ныррухс, æмæ йæм Пиренейы æрдæгсакъадах разынд – арабтæ-берберты æфсад бацахста Испани æмæ Португали, Гибралтар кæй хуындæуы, уый та у балхоны ном зыгъуыммæтæгондæй – Джабал аль Тарик – Тарикы хох.

Туркаг адмирал Пири Райсы картæ дæр ма мæ цæстыты раз фегуырд цыма: бæрæггонд ыл сты Цæгат æмæ Хуссар Амырык, суанг ма Антарктидæ дæр. О, стæй Колумб дæр, йæ балцы хæдразмæ дзæгъæлы

не ‘рвыста йæ рæстæг Константинополы…

Мæ хъуыдытæ раргом кодтон Хосейæн.

– Нæ, нæ, уыдон араббæгтæ дæр æмæ туркæгтæ дæр нæ уыдысты. Дада афтæ дзырдта, уыцы хæддзутæн тæнæг зачъетæ æмæ уынгæг цæстытæ уыд, зæгъгæ.

– Цъындгомау цæстытæ?! Малайцæгтæ?

– Нæ зонын… – Хосе хъуыдыты ацыд, стæй мæ бафарста, – Ды искуы фехъуыстай ахæм ном – Ма Чжэн Хэ?

Цæмæй мæ бынтон æнæфенд ма схона Хосе, уый охыл гæды ныхас загътон:

– Цыма кæддæр мæ хъустыл æрцыд…

– Чжэн Хэ уыд дæрдтыл хъуыстгонд денджызтæ сгарæг. Цыппæрдæсæм – фынддæсæм æнусты цард. Йæ номы фыццаг хай – Ма – амоны Мæхæмæт-Магомет. Афтæ хуыдтой китайаг пысылмæттæй бирæты. Император æй дуне науты сæргъы сæвæрдта – тынг егъау армадæйы, тынг! – æмæ йæ арвыста ног бæстæтæ базонынмæ. Гъемæ кæд сæ иу хай уыдысты уыцы хæддзутæ…

Мæ уаты дуар байгом – æрбацыд ме ’мдзæрин Влад Барнаулæй – ноздзæф, æмæ уайтагъд йæ хуыр-хуыр ссыд. Хосе ма фæстаджырдæм афтæ:

– Фæнды мæ китайаг æвзаг базонын, кæд сын сæ рагзаманты фыстытæй хъуыддагæн исты бæрæг базонин. Фæлæ тынг зын ахуыргæнæн у…

Фæсæмбисæхсæв уыдаид, афтæ хицæн кодтам:

– Цæй, Хосе-Абдуллах, – хæрз фынтæ-иу фен!

– Ассаламу алейкум, злой чечен!

– Ва-алейкум ас-салам, мæ сырхцъар æфсымæр!

– Соммæ уал, мæ фæлурсцъар æфсымæр!

– Уæвгæ та нæ дыууæйы дæр ам сауцъартæ хонынц!

Æмхъæлæсæй хъæлдзæг ныххудтыстæм.

Хуыссæг мæм нал æмæ нал цыд æмгæрон. Мæ цæстытыл уадысты дынджыр наутæ, хуры ‘рдæм ленк кæнгæйæ, æмæ ’хсарджын денджызонты дымгæхост цæсгæмттæ…

*Уырыссаг æвзагæй ГУСАЛТЫ Барисы тæлмац*



# РОЗÆ МЕЖИЕВА

1974

*Журнал «Вайнах»-ы поэзийы хайады редактор. Каст фæци Цæцæн-Мæхъхъæлы паддзахадон педагогон институт (дæсныйад «Сывæллæтты психологи æмæ педагогикæ»), уый фæстæ – Цæцæны паддзахадон университеты историон æмæ филологон факультеттæ (журналистикæйы хайад). Куыста газет «Молодежная смена»-йы публицистикæйы хайады редакторæй, журнал «Вайнах»-ы, газет «Университетский вестник»-ы уацхæссæгæй.*

*Фыссы æмдзæвгæтæ, прозæ, публицистон уацтæ. Хуссар федералон зылды Æрыгон фысджыты форумы (Ростовы облæст, ст. Вешенская), Цæгат Кавказы æрыгон фысджыты æмæ критикты 2 æмæ 3-аг æмбырдты (Майкъоп æмæ Хъæрæсе-Черкесси), Æрыгон фысджытæ æмæ критикты Х æппæтуæрæсеон форумы (Липки) архайæг. Йæ поэтикон æмæ прозаикон уацмыстæ мыхуыргонд цыдысты журналтæ «Вайнах», «Нана», «Дон» æмæ «Минги-Тау»-ы (балхъайраг æвзагмæ тæлмацгондæй).*

*Розæ Межиева*

# ИВГЪУЫДМÆ БАЛЦ

## КАССАНДРÆЙЫ ХЪАРÆГ

1

Додойаг мын дæ, Илион,
Мæ сахар,
Сыгъзæрины тылд.
Ацы маст раздæр зыдтон,
О, мæ бон,
Хъусæг мæм чи уыд!
Мастæй мæ цæстытæ – тар.
Тасæй тынгдæр ныттар сты.
Троя – нæ хуыздæр сахар.
Судзы нып!
Йе сæфт æмбарыс ды?
Æви у рох. Аполлон
Бирæгъ дæ дæлфад куыд лæзæрди?
Уарзгæ, дæуыл уый куыд узæлди?
Троя, Приамы фырттæ,
Додойаг, зондæй æгуыдзæгтæ
Дауынц Ахейы кæрдтæ.
Цинæй фæмæлынц сæ хуыцæуттæ.
У сын сæ нывонд æхцон,
Стæй Приамидæйы калд туг.
Цалынмæ мастисæг уон –
Цас нæ фæхъаудзæни цауд дуг!
Сдыгъуырццæг ргзонæг чызг
Сисрæбын бæхты хуыррыттæй,
Барджыты ехсы æрцъыкк,
Трояйæн йе сæфты ‘рцыдæй.

2

Багъæц, ныр де ‘мгъуыд æрхæстæг.
Тагъд дæм хъуысдзæн æвирхъау цау.
Маст æхсидгæйæ, ацæудзæн рæстæг.
Уый æнхъæлцау фæлтæрдзæн зынгау.
Уæртæ цардиппæрд сидзæрты ‘нгас
Феставд дурдзавд мæт æмæ тасæй.
Хæхтыл сагъуыди адæмы тас,
Зæхх ныддæнгæл ис адæмы ризæй.
Арты ‘взæгтæ фæйлаугæ уыныс?
Акæс, сау туг куыд кæны лæсæнтæ.
Кæс, дæ цæстытæн аппар сæ хыз.
Коммæ ма кæс мæнг ныфсы нысæнттæн.
Нæй, мæ зæрдæйы уыйбæрц фыдад
Нæй ссарæн, нæ дзы цæры азар.
Ис дзы удæн ахъазæн бынат,
Фæлæ хатыр – ныр цу, ‘мæ йæ бавзар.
Фæлæ бахъуыды сахат уæддæр,
Дæу тызмæгæй мæ фенын куы фæнда,
Карз фæсмонæй куы хойай дæ сæр,
Уæд цы бар ис дæ удмæ мæнæн та?
Кæд, мыййаг… Фæлæ чи зæгъдзæн раст?
Суон æз хайджын дæ уæззау хъысмæтæй,
Суон нывондæн дæ сæрвæлтау хаст,
Дуджы рыстæй, нæ дзыллæйы мæтæй.
Гъе уæд уылæн æрбакæлид кæд,
Æмæ ме ‘ртхутæг йемæ фæхæссид,
Фарнæн раттид йæ бар æмæ фæнд,
Уæд æрттивид йæ рухсæй сæуæхсид.

# ТАИС АЛЕКСАНДРЫ АГУРГÆЙÆ

*Балладæ*

1

Донхæристæ кæм зайынц æмвæтæн,
Уыцы доны былыл бынуæз,
Æз æркодтон мæ дзыкку-пæлæз.
Æз Менадæйау тугдзых кæм фæдæн.
Уым дзæгъæлдзу мæ уæнгтыл æртыхсти,
Ссæст сæнæфсир мæ къæхты бын тыгъд.
Уым æнхъæлцау мæ зæрдæ куыд рысти.
Уды Геяйæ уацы ныфс уыд.
Ныр цы кæнон – дæ рох мæ фæндыди,
Фæлæ риуы сцырен ис монц,
Уый, фæразонæй кувгæ, бæллыди.
«Раздæх!» - мысыд дæ диссаг фæлгонц.
Рæстæг цыд. Уый фæлмæцыдæй иухатт
Стыр чинарыл æрæнцой уæззау,
Уымæн дзургæ хъысмæты гадзрахат.
«Раздæх!» - сусæгæй дзуры, бецау.
Уый мæ уд дæр куыннæ ‘фтыдта дисы!
Цымæ чи у? Зæгъы йын «Æрцу!»
Фæлæ рæстæг рæстытæ æвдисы:
Æхсæв Хурнысан. Доны был – иумæ…
Æз хæрзайсом фæцыдтæн хъæмæ.
Арвæй стъалытæ хаудтой мæ риумæ,
Мæй мæ дзыккутыл хъазыд, æмæ
Цымæ стъæлфæнты сусæг фæдис
Гъе уæд сусæгад раргом мæнæн.
Уый тæмæссаг æхсæвы уыдис.
Рухс фæрсагæй кæсыныл фæдæн,
Фæлæ рæстæг зыгъуыммæ зылдис.

## 2

Зæрдæ фестъæлфыд, гарз фæфæлдæхти.
Къухы хилтыл сындæггай лæдæрст
Бур хæрздæфгæнаг, къух дзы самæхстис,
Æмæ фергом – цы уыдис æмбæхст.
Ныр мæ цæстысыг калын цæстытæй:
«О, цæмæн, о, цæмæн?». Карз хæрздæф
Уды сагъæстыл тынгдæр бафтыдта,
Хъусты зæлыди туджы цæф.
Ехх, тæхуды мæ риуы туджы ‘нхъæвзт
Ныр куы сног кæнид уды арт.
Уый æнæмæлгæ судзгæ уарзтæфсæст
Тавид хуры уæлæрвты дард.
Уæд фæлладæй æмæ фæлмæцыдæй
Ды æрбадис мæ суадоны цур
Æмæ уарзтæй дæр уым æнæсдзырдæй
Донау баназис, уæд, мæ хур.
Æмæ сæндидзид уарзт дæр ног цардмæ.
Сафтид уалынмæ тынг мæ гарз.
Цæнгтæ дардтон куывды æрвон дардмæ.
Уыд мæ куывды мæ хæлар уаз.
Бæстæ сабыр, мæ зæрдæ фенкъуысти.
Æви дуртæн сæ уазал тæваг,
Æви базырты пæр-пæр фехъуысти,
Æви бæхты къæхты хъæр, мыййаг.
Хъустыл ауад, стæй уæд фæсус.
Фæлæ зæлы мæ хъусты ныхас.
Уый цæрдзæни мæ фæстæ æнус.
Хъуысы уый, у ныр дæр ма æгас.
«О, æрыздæх, нæ дæлвæзты кæрдæг
Ныр æрæмбæрзта фæндаг мæнмæ.
Кадагагур сыл фæцыдтæн мæхæдæг,
Уарзтагур сыл æрцу ды хъæмæ».

3

Æз этрускаг лæппумæ фæкастæн,
Цыма рагон йæ мидбылхудт уыд.
Цас æхцон уыд уый зæрдæйæн, уастæн.
Уыд æнæмæт нæ уæздæтты фырт.
Уыд йæ ныхас дæр рог æмæ хъæлдзæг.
Уыд æвæлмас йæ ныхасы сæр:
«Розæ, зоныс, Хуыцау нын йæхæдæг
Радта цард – уæд æнустæм фæцæр».
Мах æмбæлдыстæм, фондз æнус рацыд.
Цин нæ зæрдæты афтæмæй цард.
Фæлæ иуæн йæ фидæнмæ балц уыд,
Иннæ ивгъуыды бирæ фæцард.
Иухатт федтон уый – баззадтæн сагъдæй.
Ныр кæсын: цымæ уый уа æцæг?»
Æмæ ромæгтæ загътой былалгъæй:
«Нард этрусæгтæ. Чи сæ у лæг!»
Уый ныв кодта каноптæ-хъуырæуттыл.
Раг æнусбонмæ ‘ххæссыд йæ цонг.
Уыд йæ хъуыды æнусон хуыцæуттыл.
Уыцы сахъгуырд – нæрæмон, æвзонг.
Ныр фæмысын мæ рагбонтæ æз.
Раг æнустыл – мæ хъуыды, мæ сæнттæ.
Сты каноптæ мæ сыфты æнгæс.
Ис сыл рагбонты мысæн нысæнттæ.

*Уырыссаг æвзагæй Годжыцаты Неллийы тæлмац*



# ИСА ЗАКРИЕВ

*1968*

*Иса Закриев райгуырд 25 декабры 1968 азы цæцæйнаг хъæу Гой-Чуйы.*

*Астæуккаг скъолайы фæстæ фæцис дыууæ уæлдæр ахуыргæнæндоны – пединститут æмæ экономикон университет. Къорд азы кусы мыхуыры оргæнты. У, йæхæдæг бындур кæмæн сæвæрдта, уыцы газет «Столица news»-ы сæйраг редактор.*

*Иса у Уæрæсейы журналистты æмæ фысджыты цæдисты уæнг. Мыхуыры йын рацыд радзырдты дыууæ æмбырдгонды – «Луисанна» æмæ «Не все оазисы миражи».*

*Иса ЗАКРИЕВ*

# ЛИГЪДÆТТÆ

Бынтондæр сæргой фестæм, афтæмæй мах, нæ бон цы уыдис, уымæй лыгъдыстæм, фæстæмæ нæ фæкæс-фæкæс кæнгæйæ – æз, удаист æмæ нæмыг.

# ИННÆТЫ НЫФС

Салдаты йе ’мбæлттæ Теркæй фæуæлбыл кодтой. Æгас уыд, фæлæ йын йæ хæцæнгарз, худ æмæ йæ иу цырыхъхъ дон фæласта. Йæ дæндæгтæ, уарыны их хæдзары тасмачъи сæр куы хойа, уыйау æмдзæгъд кодтой, зæронд хæстоны бæгъгъæттæй кæсæг цæстыты йæ удаист тарст бацахст. Иууылдæр æнхъæлдтой, уый доны уазал æмæ мæлæтæй фæтарст, зæгъгæ, фæлæ хъуыддаг æндæр цæйдæр мидæг уыд. Уый иу æмæ дыууæ хатты нæ фемдзаст мæлæтимæ, федта, уымæн йæ цæвæг алырдæмты куыд карста æмæ йын куыд арыдта йæ тохæмбæлтты, фæлæ ныр уыд ныфссаст æмæ ссæстау, йæ царды фæтевзæ феддæрдæм, уым та, ивгъуыды та ныууагъта йе ’дæрсгæ уæндондзинад æмæ цардмæ куыдфæндыйы цæстæнгас – куыд йæхи, афтæ кæйдæр цардмæ дæр.

Ныр йæ уд Терчы их доны, сындзытау хуынчъытæгæнæг доны цыма ныддæвдæг.

– Иууылдæр ныл сæхи андзæрстой æхсæз æмæ дыууиссæдз чызгæй, – ризгæ хъæлæсæй дзырдта дард кæдæмдæр салдат. – Уыцы рæсугъд иблистæ, тыхджын, ныззæгæл ныл-иу сты. Æппæт къанвой дæр хъæдты басты сæрæй цæугæдонмæ семæ ассывтой. Сæ цъæхснаг хъæлæстæ фæндарасты хъарæгау уыдысты, алæмæттаг хæрзаив æрыгон хъæлæстæ.

Æмæ сæ цæстытæ та? О, уыцы цæстытæ куы федтаиккат! Мæлæтыл былалгъгæнæг, тарст циу, дызæрдыг циу, уый нымады дæр кæмæ нæу. Стæй ма сæм хардзау дæр каст, мæрдтæм сын семæ æппæты дæр акæнын кæй нæ бантысдзæн, уый. Кастысты мæнмæ, иннæрдæм мæ хызтысты, мысын мын кодтой мæ сабидуг.

Сæ иуы къухтæ мын мæ хурх ныххъывтой, стджыты хъыррыст фæцыд – куыд дзы фервæзтæн, уый нал хъуыды кæнын, цы ’гъдауæй…

Ау, ииуылдæр æмхуызонæй фæмард сты?!

Нæ, уый тæригъæд хъуыддаг у, уый раст нæу…

Салдатмæ кæуын цыдис, фæлæ йын дзы ницы уад, цæссыг йæ коммæ нæ каст.

## ХАСАНЫ ФЫРТ

Уалдзæг. Æхсынцъыйы бæлæстæ урс арт фестадысты – дидинæг калдтой. Дыууæ лæджы Грознайы уынгтæй иуы фæцæйцыдысты. Сæ размæ фæцис, иу-дæс-дыууадæс азы кæуыл цыдаид, ахæм лæппу, йæ цæстытæ та – ас лæджы æнкъард цæстытæ. Лæгтæй йæм иу фæсидти.

– Кæй лæппу дæ, кæ?

– Хасаны…

– Хасаны-йа! Æмæ уый мæ рагон æрдхорд куы у! Зæгъæн куыд нæй, ахæм хорз лæг у дæ фыд, æмгарджын, ноджы зонды къуыбылой, уæздан. Зын сахат иу æмæ дыууæ хатты не ’рбалæууыд мæ фарсмæ. Мæнæй, Мурадæй-иу ын зæрдиаг саламтæ ратт. Æнæмæнг æй бабæрæг кæндзынæн а дыууæ боны…

– Хорз, табуафси, æрбацу нæм…

Куы адæрддзæф сты лæппуимæ кæрæдзийæ, уæд дыккаг лæг фæрсы Мурады:

– Чи у Хасан та, чи?

– Мæгъа…

– Æмæ уæдæ уый цы уыд?

– Лæппуйы цæстытæ цæхæр куыд скалдтой, уый нæ федтай, нæ? Ныр йæ цæсты йæ фыд уæлдай кадджындæр уыдзæн.

Цæмæй Мурады зæрдæ ма срисса, уый тыххæй йын лæппу не схъæр кодта, йæ фыд Хасан афæдзы размæ кæй ахицæн, уый.

## КАЁННÆ БУМ-БУМ!..

– Нæ Хдишкæ фыццаг ныхæстæ загъта, – сылгоймаг æнкъардæй бахудт.

– Тынг хорз. Æмæ уæддæр цы загъта? – бафарста йæ йæ иудзонгой лæг.

– Каённæ бум-бум…

– Ома, колоннæ бум-бум, æндæр уæдæ цы?..

– Танчыты колоннæ та ’рбацæуы, зæгъгæ, нæ фæдзурæм фæстаг бонты – бадардта йæ йæ зæрдыл…

– Гæрæхтæй тынг фæтарст.

– Куынæ фæкъæзæнæг уаид…

Цæугæдоны сæрты цы хид сцалцæг кодтой, ууылты цæугæйæ та йæ гуыр-гуыр цыд ног колоннæйæн…

## ЙÆ УД, МÆ ХÆДЗАРÆН ЙÆ УД

Куыддæр мын гæнæн æмæ амал фæцис, афтæ мæ хæдзары хæлддзæгтæ бабæрæг кодтон. Йæ алыварс дæр – дæрæн агъуыстытæ. Срæмыгъд иуварс цы бетонæйгонд фундаменты фарс асхуыста, ууыл мæхи æруагътон.

Уый та, йæ чъылдым мæм сарæзта, афтæмæй бады. Цæфтæ, рæдывдтытæ алырдæмты, сонтдзæф, зæгъæн ис, æмæ дзы зонды хъæр нал баззад, цытæ бавзæрста, уыдоны фæстиуæгæн. Йæ уд, мæ хæдзарæн йæ уд у.

– Бахатыр кæн. Ницы бацис мæ бон скæнын…

– Мацыуал зæгъ. Æз алцыдæр æмбарын, хорз æмбарын.

– Æмæ ма лæууы дæ зæрдыл, хæдзар куыд арæзтам, уый? Нæ сыхæгтæ нæм бур æлыг къахынмæ фæкастысты, сызмæстам æй хъæмпимæ æмæ дзы самандуртæ скодтам. Мæ мадыхо нын цæттæ рудзгуытæ ’рбаласта, мæ фыд та – хæдзары сæр æмбæрзæн æрмæг.

– Куыннæ, куыннæ – рох мæ ницы кæны. Амондджын бонтæ, хорз рæстæджытæ уыдысты. Фæлæ мæ нæмгуытæ æмæ бомбæты схъистæ ныссыхырна кодтой, нæ мыл бацауæрстой. Хæдзары хъæдын дзаумæттæ мæ фæстæ сæхи æмбæхстой алы къуымты. Хæдтæхджыты уынæргъын, бомбæты æхсидт æмæ срæмыгъд – феррамæ-иу мæ бирæ нал хъуыд. Мыстытæ дæр фæлыгъдысты сæргойæ. Æмæ йед та… куыд хуыдуг кодтон мæрдты смагæй, сæ хъылма тæфæй, уый та, уый?.. Æппынфæстагмæ танк йæ даргъ хæтæл рудзынгæй æрбацæвы, фехсы, кæд ма мæ мидæг исчи удæгасæй баззад, зæгъгæ, æмæ та къулты уæлдæйттæ фæйнæрдæм фæхæссы. Стæй та пъадвал дæр афтæ…

Федзæм стæм, аивгъуыйæм та нæ мидхъуыдыты уырдæм, уыцы бонтæм, кæрæдзи уарзон бонтæм, мæнæ-иу æцæг амондджын цы дуджы уыдыстæм, уырдæм, о…

– Æз дæ ногæй дæ къахыл слæууын кæндзынæн…

– Уый та куыдæй? Дур мæ дурыл, хъæд мæ хъæдыл куы нал баззад, уæд. Дæу æндæр хæдзар хъæуы, ног…

– Мæн ды хъæуыс, ды! Ног мæ не 'ндавы…

– Нæ, нæ! Ам æвирхъау мысинæгтæй йæ тæккæ дзаг у. Æнцой дзы не ссардзынæн. Стæй дæ сабитæ дæр – уыдон алцыдæр иттæг тынг æнкъарынц. О, хæдæгай, куыдтæ мын сты?

– Мысынц дæ адджынæн.

– Ау, лæууын ма сæ зæрдыл? Хæстæй уæ сæр куы 'фснайдтат, уæд ма бынтон чысылтæ уыдысты.

– Ныр æй зонынц уыдон дæр, лæгæн йæхи хæдзар хъуамæ уа, уым та – уд, хæдзары уд.

– Нæ, мæнæн мæ бон нæ бауыдзæн ам баззайын. Хæст фæнык цы хæдзæрттæ фестын кодта, уыдоны удтимæ мæнæн дæр æдзæугæ нæй. Мæ фæстиаты сæр та уымæн уыд, æмæ ма дæу фенон, зæгъон дын, хорзæй баззай, зæгъгæ. Амондджын дзы-иу ут фыццагау.

Мæ хæдзары хæлддзæгты астæуæй æнæнхъæлæджы урс гæлæбу стахт, цадæггай тылдта йæ базыртæ æмæ атайæгау кодта бынтыбыны сæфт хъæуы æдзæм уæлдæфы.

*Уырыссаг æвзагæй Егары тæлмац*



# ЛИДИЯ ДОВЛЕТКИРЕЕВА

*1974*

*Литературæиртасæг, цæцæйнаг æвзагæй тæлмацгæнæг. Иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ каст фæци Цæцæны паддзахадон университеты филологон æмæ юридикон факультеттæ. Уый фæстæ йæ дæсныдзинад фæбæрзонддæр кодта А.С. Пушкины номыл Уырыссаг æвзаджы паддзахадон институты, «Уырыссаг æвзаг, куыд фæсарæйнаг», зæгъгæ, ахæм дæсныйадмæ гæсгæ. Нырыккон литературæйы теорийæ йын цы æрмæджытæ рацыд, уыдоны тыххæй 2011 азы ссис «Литературон газет»-ы лауреат. Нырыккон уæрæсейаг литературæйы уавæрыл цы литературон-критикон æрмæджытæ ныффыста, уыдоны тыххæй йын Фысджыты мæскуыйаг цæдис саккаг кодта А.П. Чеховы номыл майдан.*

*Йæ литературон-критикон æмæ публицистон уацтæ (æдæппæт сæдæйæ фылдæр) мыхуыргонд цыдысты ахæм газеттæ æмæ журналты, куыд «Дружба народов», «Знамя», «Октябрь», «Литературная Россия», «Литературная газета», æндæр федералон мыхуыры фæрæзты, стæй Саратовы, Краснодары, Налцыччы, Ростовы цæуæг литературон журналты. Архайдта цæгаткавказаг æрыгон литераторты æмбырдты, стæй фæсарæнты (Австрийы), Хæдбар Паддзахæдты Æмхæларады, Уæрæсейы æрыгон фысджытæ æмæ критикты форумты. Социалон-экономикон æмæ интеллектуалон программæты фонд æй фæхуыдта, афтæмæй журнал «Континент»-ы сæйраг редакторы хæдивæг, критик Е. Ермолин æмæ премиы «Большая книга»-йы лауреат Л. Юзефовичимæ иумæ Кавказы æрыгон фысджытæн амыдта мастер-класстæ Дагестаны, Цæгат Ирыстоны æмæ Цæцæны республикæты.*

*Лидия ДОВЛЕТКИРЕЕВА*

# БИРÆГЪЫ ФÆЛГОНЦ ЦÆЦÆЙНАГ СФÆЛДЫСТАДОН ЗОНДАХАСТЫ

*Уац*

Адæмыхæттытæ сты алыхуызон, алкæмæн дæр дзы ис, йæхædæг йæхи иннæтæй цæмæй хицæн кæны, ахæм æмбарынгæнæнтæ. Уыцы хæдхуыздзинадæн йæ бындур сты, æвзаджы чи баззад, адæмон культурæйы уыцы бæрæггæнæнтæ æмæ амонæнтæ. Сæ иу у бирæгъы фæлгонц. «Дунеон символты» системæйы уый ахсы сæрмагонд бынат. Уыцы символтæм хауынц, зæгъæм, Мад, Куырыхон Хистæр, Дон, Хæдзар æмæ а.д.

Бирæгъы фæлгонцыл сæмбæлæн ис бирæ адæмыхæттытæм, æмæ алкæмæн дæр уыцы фæлгонцæн ис йæхи нысаниуæг, адæмæн сæ культурæйы бындуртимæ æмæ се 'гъдæуттимæ баст чи у, ахæм.

«Алы адæм табу кæмæн кодтой, уыцы хъахъхъæнæг сырдтæ сын уыдысты, дуне базонынмæ æмæ йæ бамбарынмæ цы цæстæй кастысты, уымæн йæ этникон бындур, стæй-иу уый фæстæ уыцы сырдты фæлгонцтæ аивадон-эстетикон хуызы фæзындысты национ литературæйы» [5]. Ахæм сырдтæй иу у бирæгъ. Ацы тугдзых сырдæн адæймаг аргъ кодта йæ дæсны цуаноны миниуджытæм гæсгæ. Бирæгъы фæлгонцыл сæмбæлæн ис славяйнаг, туркаг æмæ «арктикæйæг» адæмтæм, европæйаг таурæгъты та æвдыст цæуы, йæ хуыз раив-баив чи кæны, суанг адæймаджы хуыз чи райсы, æрымысæггаг ахæм таурæгъон сырдæй [2]. Славяйнæгты фольклоры сæмбæлæн ис «æвзæр» ахæм сырдтыл, – уыдон мардтой адæмы, давтой фос, – стæй «хорз» сырдтыл дæр. Хорзыл банымайæн ис, уырыссаг аргъау «Сказка об Иване-царевиче, Жар-птице и сером волке» [3], зæгъгæ, уым цы бирæгъ ис, уый. Ацы аргъауы сæйраг хъайтарæн бирæгъ у йæ уынаффæгæнæг æмæ йе 'ххуысгæнæг дæр.

Индоевропæйаг аргъæутты дæр амæй-ай хуыздæр æмæ хъæбатырдæр хæстонты барстой бирæгъимæ [6:16] – стæры цæугæйæ, уыдон дæр бирæгъау уыдысты хъæбæрзæрдæ, карз æмæ хъæбатыр цуанонтæ.

Фос дарынæй чи цард, незаманты уыцы адæмы рагон аргъæутты дæр бирæгъ æвдыст цыд, куыд тугдзых сырд, уыцы хуызы. Рагон чырыстæттæм бирæгъ уыд хæйрæджы хуызы æмæ цыд дины ныхмæ. Рагон бердзенæгты æмæ ромæгты дунейы та бирæгъ у табуйаг сырд: сыл-бирæгъ схаста Римы бындуæвæрджытæ – æфсымæртæ Ромул æмæ Ремы, уымæ гæсгæ йын ам ис ныййарæджы сурæт. Туркаг адæмыхæттытæм – киргизтæм, алтайæгтæм, саха (якуттæм) – бирæгъ у сæ рагон фыдæл. Уымæй уæлдай, туркаг аргъæутты сæмбæлæн ис ахæм цаутыл, æмæ таурæгъон бæгъатыр куы фесты бирæгъ, кæнæ та бирæгъ – таурæгъон хъæбатыр. Бирæгъ æндæр удгоймаджы фæлгонцы куы бацæуы, ахæм цаутыл сæмбæлæн ис «арктикон» адæмы дзыхæйдзургæ сфæлдыстады дæр.

Цæрæгойты дунейы минæвар бирæгъ у, кæрæдзимæ ныхмæвæрд чи сты, ахæм миниуджыты хицау: иуæрдыгæй, у тугдзыг, хъæхъхъаг, хъæбæрзæрдæ хъæддаг сырд, иннæрдыгæй та – сæрибаруарзаг сырд, æрмахуыр чи нæ кæны, ахæм, æмæ уымæй хицæн кæны «сырдты паддзах» – домбайæ. Йæ сыл-бирæгъыл, стæй, цы бынаты цæра, ууыл уый йæ зæрдæ никуы сивдзæн, хъомыл кæндзæн йæ лæппынты æмæ сæ никуы ныууадздзæн. Хъæбатырдзинад у йæ миниуджытæн сæ хуыздæр, уымæн æмæ, цыфæнды хæсты куы бацæуа, уæддæр йæ хъарутыл нæ бацауæрддзæн æмæ йæ кæронмæ æнæ ахæццæ кæнгæйæ нæ ныуадздзæн. Бирæгъ ницы хуызы бавналдзæн холымæ, æмæ уый дзурæг у йæ сыгъдæгдзинадыл… Уымæ гæсгæ алы адæмыхатт дæр йæ зонындзинæдтæм æмæ йæ хицæндзинæдтæм гæсгæ бирæгъы фæлгонцы бавæры æвæрццаг кæнæ æппæрццаг миниуджытæ.

Цæцæйнаг сфæлдыстадон зондахасты бирæгъ у сæйрагдæр символтæй иу, уымæн æмæ райгуырæн бæстæйыл æмæ хæдбардзинадыл тохы историон уавæртæ цæцæйнæгты æркодтой уымæ, æмæ сæрибар ссис сæ бæрзонддæр нысан. Уымæй уæлдай, мингай азты дæргъы сæм цы удварны кодекс æрфидар, уым хи (хицæн адæймаджы) сæрибардзинад алкæддæр æвæрд цæуы цардæй æмæ удварны хæзнатæй бæрзонддæр. Дзырд «сæрибардзинад»-æн йæ ахсджиагдзинад цæй мидæг ис, уый амонынц цæцæйнаг æвзаджы бындурон уагæвæрды формулæтæ: *«Марша вог1ийла»! – «Приходи свободным!»* (арфæ кæнгæйæ), *«Марша 1ойла!», «Марша г1ойла!» – «Живите свободно!»* (фæндараст кæнгæйæ). Фынæй кæныны размæ адæймаг йæхицæн арфæ ракæны: *«Марша ви-*

*жийта, марша г1овтийта» – «Лечь свободным, встать свободным!».* Æмбалæн, зонгæйæн, хæстæгæн арфæ кæнгæйæ, пайдагонд цæуы дзырд *«маршал»*-æй, дзырд *«маршо»*-имæ («сæрибар») сын ис иу уидаг: *«Маршал ло»! – «Передай привет!»* Адæймаг цæмæй адзæбæх уа, уый фæдыл ын цы арфæ кæнынц, уым дæр ис уыцы уидаг: *«Дала маршал дойла!» –* комкоммæ тæлмацæй: *«Пусть Всевышний освободит!»*, ома, адзæбæх дæ кæнæд.

Фæлæ цæцæйнаг адæмон фыссæг Муса Ахмадов раст зæгъы: «Сæрибардзинад уый нæ амоны, æмæ адæймагæн ис алцы кæныны бар. <…> Сæрибардзинад адæймаг хъуамæ æмбара уыцы хуызы, æмæ, йæ фарсмæ цы адæймаг ис, уый дæр кæй у йæхи хуызæн сæрибар, æмæ, алчи йæхи сæрибардзинад куыд хъахъхъæны, афтæ хъуамæ хъахъхъæна иннæйы сæрибардзинад дæр». [1:20].

Цæрæгойты дунемæ сæ цæст даргæйæ, цæцæйнæгтæ сæ рагфыдæлты миддуне æмæ зондахастыл æнцой кæнгæйæ, дзырдтæ «бирæгъ – сæрибардзинад» иумæ фидар сбастой. Ныййарæг мад, уымæй арæхдæр та ныййарæг фыд, йæ сывæллонмæ, рæвдаугæйæ, дзуры бирæгъы номæй: *«Сан борз ю хьо!» – «Ты мой волк!»* Зæрдæйы фæлмæн æнкъарæнтæ æргомæй æвдисын цæцæйнæгтæм аив нæу, æмæ уымæй цæцæйнаг æвзаг хицæн кæны уырыссаг æвзагæй, уымæ гæсгæ сывæллонмæ дæр дзурынц «волчонок» нæ, фæлæ «волк» кæнæ та *«берзан к1еза» – «щенок волка».* Хъазгæмхасæнты сывæллонæн уадзæф кæнгæйæ, фыдæн йæ бон зæгъын у: *«Ма борз хира яц хьох!» – «Не быть тебе волком!»* Ахæм æмæ ма дзырдæн йæ æндæр хуызтæй дæр ис спайдагæнæн, сывæллонимæ ныхас кæнгæйæ. Уыцы дзырдтæ сæрызонды æрфидар вæййынц удварны бындурты хуызы æмæ амонынц хъæбатырдзинад, хъару, ныфс, цæрдæгдзинад, хæдбардзинад. Афтæмæй ацы миниуджытæ рæзгæ адæймагæн свæййынц йæ царды сæйраг нысантæ.

Сывæллон цæмæй æхсæнады аккаг бынат бацахса æмæ удвары хуыздæр миниуджыты хицау суа, уымæн хорз ахъаз у адæмы дзыхæйдзургæ сфæлдыстад, стæй ма фразеологи дæр, уымæн æмæ уым бамбырд сты адæмæн сæ удварн, удыхъарутæ æмæ тыхтæ.

Цæцæйнаг фольклоры зындгонддæр уацмыс у *«Узам турпала Нохчо».* Цæцæйнаг æвзаджы дзырд *«турпал»* амоны *«хъæбатыр»*, æмæ цæцæйнæг ләппутыл ацы ном арæх æвæрынц. Уæдæ цæцæйнаг дзыхæйдзургæ сфæлдыстады дæр уый у ном – афтæ хуыйны цæцæйнаг

знæмы рагфыдæл. Этноним *«нохчо»*-йæ цæцæйнæгтæ хонынц сæхæдæг сæхи. Ацы дзырд кæцæй равзæрд, уый бæрæг нæу. Йæ равзæрды тыххæй цы алыхуызон хъуыдытæ ис, уыдонæй сæ иумæ гæсгæ йæ бæттынц пехуымпар Ной, зæгъгæ, уый номимæ. Иннæ хъуыдымæ гæсгæ та баст у цæцæйнаг дзырдимæ *«нох»* – *«плуг»* («гутон»).

Турпал Нохчо у цæцæйнаг фольклорон рагфыдæл. Цæцæйнаг лиро-эпикон жанр *«узам»*-ы бирæгъ æмæ домбай сты æвдисæнтæ цæцæйнаг адæмы райгуырдæн. Уымæ гæсгæ ахсджиагдæр миниуджытæ сты хъæбатырдзинад, лæгдзинад, сæрибармæ уарзондзинад. Ацы дыууæ сырды сæхи æвæрынц иннæтæй бæрзонддæр: *«Когда щенилась волчица, / в ту ночь нас мать родила; / в то утро под рычание льва дали нам громкие имена./ Мы, чеченцы, отца Турпала сыны...»* [8:250].

Цыфæнды фольклорон тексты дæр ис сæмбæлæн, сæйраг хъайтары сырдтимæ куы фæбарынц, ууыл. Цæцæйнаг фольклоры тыххæй куы дзурæм, уæд уым æвæрццаг персонажы арæх абарынц бирæгъ æмæ домбаимæ: *«Волка смелее был, льва был быстрее, / Всех превзошедший отвагой своею / таха-чеченец»* («Илли об Умаре, сыне Тахи»). [8:66].

Лæгдзинад, хъæбатырдзинад, мæлæтмæ æнæуынондзинад, фыдыбæстæмæ уарзондзинад, уæздандзинад – ацы миниуджытæ æппæтæй хуыздæр æвдыст цæуынц цæцæйнаг æмбисæндтæн сæ рæсугъддæртæй иуы – «Борз» («Бирæгъ»). Мæрдты райгасы тæрхоны бон Хуыцау зæхмæ рарвыста уаддымгæ. Уый фæлдæхта къæдзæхтæ, хус кодта денджызтæ, зæххытæ та доны бын фесты. Адæймагæй, сырдæй – се ‘ппæт дæр лыгъдысты стыр бæллæхæй, алчидæр агуырдта, йæхи кæм бамбæхса, ахæм ран. Æрмæстдæр бирæгъ нæ фæтарст. Сонт дымгæ йын йæ царм астыгъта, стджытæ разындысты, туг фемæхст. Фæлæ бирæгъ йæ бынатæй змæлгæ дæр нæ фæкодта. Цы йын лæвæрдта ахæм хъарутæ? Ацы фарстæн бирæгъ йæхæдæг дætты ахæм дзуапп: *«Цы зæххыл лæууын, уый мæнæн у мæ Райгуырæн, æмæ мыл цыфæнды бæллæх куы æрцæуа, уæддæр æй никуы æмæ ницыхуызы ныууадздзынæн».* [8:262]. Афтæмæй, дзырд *«бирæгъ»*-æн уæлдæр цы нысаниуджытæ ранымадтам, уыдоныл ма ис бафтауæн – *«райгуырæн зæхмæ уарзондзинад»*, ома, райгуырæн бæстæ у иу, æмæ йе ‘ппæт зындзинæдтæ æмæ æппæт фыдæвзарæнтæ дæр дих кæнын йемæ. Хæстон, экономикон æмæ æндæр аххосæгтæм гæсгæ XXI æнусы цæцæйнæгтæ апырх сты дунейыл, фæлæ, кæмфæнды куы цæрой, уæддæр сæ мæрдты ныгæнынц æрмæстдæр сæ

райгуыраен заеххыл. Ацы цау метафорæйы хуызы æмбарын кæны, XIX æнусы Кавказы хæсты æрмæстдæр цæцæйнæгтæ афтæ карзæй цæмæн тох кодтой сæ зæххытыл, уый. Бынтон фесæфынæй сын уыд тæссаг, уæддæр нæ састысты, сæ хъарутæ кæдмæ амыдтой, уæдмæ.

«Илли» – афтæ хуыйнынц цæцæйнаг хъайтарон зарджытæ. Уыдонæн сæ хъайтары арæх абарынц бирæгъимæ. Фæлæ уыцы абарсты цы хъуыды бавæрынц, уый алкæд иухуызон нæ разыны. Зæгъæм, «Илли о сыне вдовы и князе Монце» – ацы ран фæлхат цæуы ахæм абарст: *«Словно волк матерый перед стаей, впереди дружины мчится князь»* [8:7]. Кънйаз Монцæ у æнахуыр персонаж: иуæрдыгæй, у сæрæн, æхсарджын, йæ цардæн нæ тæрсгæйæ, йæ фæстæ хоны йе ‘фсæддонты, цæмæй мæгуыртæн исты самал кæной æмæ уыдон сыдæй ма амæлой, уый тыххæй. Æмæ, кънйазы бирæгъимæ баргæйæ, илланча (ома, кадæггæнæг) нæ размæ хæссы йæ уыцы уæздан миниуджытæ. Иннæрдыгæй та, кънйаз цæуы цæцæйнаг иллиты сæйраг хъайтар – сидзæр мадæн – йæ иунæг фырты ныхмæ. Афтæмæй та уый у адæмон идеал *«къонах»* – кады аккаг хъайтар, кънйаз та йæ хæсты быдыры мæлгæйæ уадзы. Уыимæ, хъæбатыр лæппуйы йæхи къордмæ цæмæй æрбасайа, уый тыххæй йын, цыма йæ ныййарæг у, уыйау кæны ахæм ныхæстæ: «Обучу тебя, как волк волчонка». Æмæ йæ уыцы ныхæстæй йæхиуыл æууæндын кæны. Уый у, бирæгъы дыууæрдæм фæлгонц иу персонажы куы разыны, уымæн стæм цæвиттон: хъæбатыр Монцæ – хинæйдзаг Монцæ.

«Илли о Черном Ногае», зæгъгæ, ацы зарæджы хъæбатыр лæппуйæ – Ногъайы дæсаздзыд фыртæй – æппæлынц афтæ: *«...волком поджарым казался он – волком как будто и был маленький сын Ногая»*. [8:26].

Ногъай æндæр адæмыхатты персонаж кæй у, уый бæрæг дары йæ фыды номæй – ногъайаг. Иллийы сюжетмæ гæсгæ, Сау Ногъай йæ гыццыл фырты уадзы балцы 60 цæцæйнаг кантимæ («кант» цæцæйнагау у «лæппу»). Ууыл та 15 азы цæмæй рацæуа, уый онг ма йæ хъæуы иу-фондз азы рæзын (фольклорон æгъдаумæ гæсгæ, адæймагæн йæ кар комкоммæ амынд нæ цæуы, амонынц æй æндæр хуызты æмæ афтæмæй æмбарын кæнынц, нырма сывæллон кæй у, уый; цæцæйнæгтæм ис намысы кодекс («къонахалла»), æмæ цæцæйнаг зондахастмæ гæсгæ уыцы кодексы аккаг домæнтæ бавдисæн ис, лæппу йæ лæджы кары куы бацæуы, уæд; уыцы кары та бацæуы, 15 азы йыл куы сæххæст вæййы,

уæд. 60 барæджы йæ фæстæ фæуагъта, афтæмæй лæппу фæтардта бæхты рæгъау, фæлæ, рæгъау чи хъахъхъæдта, уыцы куыйтимæ йæ бахъуыд тохы бацæуын, æмæ дзы уыцы тохы сæфы æртæ цæппузыры. Уыцы цæппузырты сæфт масты æфтауы йæ ныййарæг фыды, æмæ, йæ дзырд цæмæй сæххæст кæна, уый тыххæй хъуамæ амара йæ уарзон хъæбулы. Йæ ныййарæджы фыдæнхъæл чи фæкодта, уыцы лæппуйы хъысмæты тыххæй иллийы хъайтар (кадæггæнæджы дзыхæй) зæгъы ахæм ныхæстæ: *«Мне ж дорога одна – волком поджарым скитаться, крова и пищи искать!»* [8:27].

Ацы илли у цæцæйнаг фольклоры ирддæр æмæ диссагдæр цæвиттон, æмæ дзы ис цымыдисаг скъуыддзаг: иу иннæмæй хъалдæр, афтæмæй 60 канты æрыздæхтысты хъæумæ, уым та Сау Ногъай уæдмæ йæ кард сцыргъ кодта. Уыдон йæ разы сæ уæрджытыл æрлыууыдысты, сæ сæртæй сæ худтæ систой (чи никуыма уыд, ахæм хъуыддаг!) æмæ сæ бынатæй змæлгæ дæр нал кодтой. Ацы цыбыр зæрдæагайгæ скъуыддзаджы кадæггæнæг æвдисы цæцæйнæг сахъгуырдтæн сæ уæздандзинад – æхсарджын лæппуйы мæлæтæй аирвæзын кæныны тыххæй уыдон сæ къæхты бын ныккодтой сæ сæрыстырдзинад. Æндæр адæмыхаттæй чи у, уыцы гыццыл хъæбатыры тыххæй 60-æй дæр амæлынмæ сты цæттæ, ахæм бæрзонд аргъ кæнынц хъæбатырдзинадæн, æнæрастдзинад та сæхицæн аккагыл æмæ сæрмæхæссинагыл нæ нымайынц. Афтæмæй, кадæджы хъайтары бирæгъимæ баргæйæ, Ногъайы фыртæн йæ удыхъæды хуыздæр миниуджытæ – лæгдзинад, æхсар, сæрæндзинад, æвзыгъддзинады фæрцы æвдыст цæуынц цæцæйнæгтæн сæ удыхъæд, сæ миддуне.

Зæгъын хъæуы уый, æмæ дзырд «бирæгъ»-æй цæцæйнæгтæ пайда кæнынц куыд сæхи хъайтарты æвдисгæйæ, афтæ – иннæ адæмыхæттыты – ногъайæгты, авайрæгты, кæсгæтты, уырыссæгты хъайтарты дæр æмæ уымæй æвдисынц, уыдонæн дæр сæ удыхъæды хуыздæр миниуджытæн стыр аргъ кæй кæнынц, уый.

Ныры онг дзырдтам æрымысæггаг персонажты тыххæй. Фæлæ-иу цардæй ист историон адæймæгты удыхъæды хуыздæр миниуджытæ дæр кадæггæнджытæ арæх абарстой бирæгъы миниуджытимæ. *«Словно матерый волк»* – ацы дзырдбастыл арæх сæмбæлæн ис цæцæйнаг дзыхæйдзургæ сфæлдыстады. Зæгъæм, «Узам Хаджи-Мурата Жайского (Аварского)»-йы ис ахæм ныхæстæ: *«...в тройном окруженье <...> схвачен, подобно матерому волку»* [8:246].

Кæнæ, зæгъæм, хъайтар-бæгъатыр Тинин Вюсу – уый уыд, æцæгæй чи цард, ахæм адæймаг, ууыл дзурæг сты историон документтæ, уыимæ, вайнахты кадджытæ дæр. Уыцы кадджытæ, куыд сæ фехъуыстой, афтæ сæ сæ рæстæджы ныффыстой уырыссаг ахуыргæндтæ: майор Власов æмæ И. Попов 1856 азы æмæ 1870 азы [8:366]. Кадæг «Хъæбатыр-бæгъатыр Тинин Вюсу»-йы топонимикон фæрæзы фæрцы амынд цæуынц, Тинин Вюсу йæхæдæг æмæ йæ фыдæлтæ кæм цардысты, уыцы бынæтты нæмттæ: Нашхой, Цонторой (историон административон-географион топонимтæ). Ам дæр ис бирæгъы кой: *«Он жил в горах на самом высоком месте, которое называлось «Вершина, где воет волк».* Йæ миниуджытæм гæсгæ Вюсу у æхсарджын рæсугъд лæппу, адæм æй уарзынц æмæ йын кад кæнынц. «Высота» амоны рæсугъддзинад, уæздандзинад; «бирæгъ» – хъæбатырдзинад. Вюсуйæн йæхи та барынц «хох»-имæ æмæ «бирæгъ»-имæ.

О, фæлæ, вайнахты адæмон-поэтикон сфæлдыстады ацы цæрæгойæн цы аргъгонд цæуы, уым цæцæйнаг фольклор иртасджытæ бафиппайдтой цавæрдæр ныхмæвæрддзинад. Бирæгъимæ абарст героикон зарджыты у стырдæр æппæлд. Иуæй-иу таурæгъты æмæ аргъæутты та бирæгъ у, йæхицæн бафсис æнхъæл чи нæу, ахæм зыд æмæ æдылы цæрæгой. [8:360]. Афтæ, бирæгъ тугдзых æмæ цъаммарæй, лæмæгъдæрыл йæ тыхтæ æвзарæг цæрæгойæ æвдыст цæуы цæцæйнаг æмбисонды: *«Будешь овечкой – волки тут как тут»* [10:66], йæ гуырымыхъхъ тых та – иннæ æмбисонды: *«Нет волка без зубов».* [9:191].

Фольклорон архетиптæй (рагондæр хуызтæй) арæх пайдагонд цæуы аивадон литературæйы. Фысджытæ дзы пайда кæнынц чиныгкæсæгæн уацмысæн йæ мидис хуыздæр бамбарын кæныны нысанимæ.

Афтæ, алы адæмыхæттытæ кæрæдзимæ ныхмæвæрд миниуджытæ бирæгъæн кæй дæттынц, уымæн ис бæлвырд цæвиттонтæ, зæгъæм, Чингиз Айтматовы роман «Плаха»-йы. Фыссæгæн йæ национ культурæйы Цъæх Бирæгъæн кæнынц стыр кад æмæ йæ нымайынц тюркаг адæмты рагфыдæлыл. Бынтон æндæр у бирæгъ Валентин Распутины повесть «Живи и помни»-йы. Айтматовы «Плаха»-йы Акбарæ у Ныййарæг мад, Æрдзы Куырыхондзинад, йæ бирæгъты балыл уый йæ зæрдæ никуы сивдзæн. Распутин та йæ уацауы хъайтар Алексей Гуськовы нывæнды адæймаг-бирæгъы сурæты æмæ уымæй æвдисы, уырыссаг адæмы цæстæй акæсгæйæ, бирæгъ цы миниуджыты хицау у, уый – тугдзых, хъæхъхъаг, зыд цæрæгой, адæймаджы цыфыддæр знаг.

Фольклорон ахорæн хуызтæй дзырды дæснытæ кæй фæпайда кæнынц се сфæлдыстады, ахæм цæвиттонтæ ис цæцæйнаг литературæйы дæр. Муса Бексултановы радзырд «Волк»-æн йæ мидис æххæстæй арæзт у зындгонд цæцæйнаг таурæгъы бындурыл, ис дзы æрмæстдæр иу цалдæр хицæн аивадон фæзилæны. Рацыд уаддымгæ, æмæ бынтондæр аивта бирæгъæн йæ зондахаст, йæ миддуне. Хуыцау ын байста, цæцæйнаг удыконд бамбарынæн афтæ ахсджиаг чи у, йæ уыцы миниуæг – *«доьналла»*. Уый амоны, куыд хицæн адæймаджы, афтæ, æмткæй райсгæйæ, цæцæйнаг адæмы миниуджытæ – фæразондзинад, лæгдзинад, фидардзинад, хиуылхæстдзинад. Хуыцау цыдæриддæр зындзинæдтæ ратты, уыдоны ныхмæ сæ бон у фидар фæлæууын. Таурæгъ фыст æрцыд 1995 азы, хæстон цаутæ Цæцæны сæ тæккæ карзы куы уыдысты, уæд. Фыссæг баиу кодта хæст, йæ алыварс пырх æмæ дæрæнгæнгæ чи цæуы, уыцы уаддымгæимæ. Бирæгъы та бары цæцæйнаг адæмимæ – уыцы стыр фыдбæллæхы фæстæ буарæй дæр, удварнæй дæр уый ссис æнæхъару. Тыхмийы цард, уæлдæр ранымад миниуджытæ хорзæрдæм нæ ахадынц адæмы зондахастыл, сæ миддунейыл.

Туг кæй аххосæй ныккалд, уый аккаг æфхæрд кæй баййафдзæн æцæг дунейы, ууыл фыссæг йæхæдæг дæр не 'ууæнды, фæлæ Бæрзонд тæрхоны раст уынаффæйыл йæ зæрдæ дары. Хуыцау бирæгъæн зæрдæ æвæры, æнаххос адæмы туг чи ныккалдта, уыдон æнæ æфхæрдæй кæй нæ баззайдзысты, уымæй. Афтæмæй, цæцæйнаг фольклоры зындгонд уацмысы ахæм аивадон хуызы фæрцы æвдыст цæуы, цæцæйнаг адæмы ногдæр историйы цы бæллæх æрцыд, уый.

Раздæр чи нæма уыд, аивадон ахæм фæлгонц куыд райгуыры æмæ куыд рæзы, стæй авторы национ зондахаст æмæ йæ миддуне ууыл куыд ахадынц, уый хорз æвдыст цæуы Муса Ахмадовы пьесæйы дæр, хуыйны «Волки». Ныхас дзы цæуы, цæцæйнæгты сæ цæрæн бынæттæй куы сыстын кодтой æмæ сæ дард бæстæм куы арвыстой, уыцы цаутыл. Драмæйы хъайтартæ сты, НКВД-йы кусджытæй сæ райгуырæн хæхты йæхи чи æмбæхсы, цæцæйнæгты уыцы гыццыл къорд. Сæйраг хъайтар Бердæн йе 'мтуг адæм хъизæмæрттæй цагъды кæнынц æцæгæлон бæстæйы, æмæ йе стырдæр бæллиц у сæ маст сын сисын. Берд йæхæдæг йæхи иу кæны, уаддымгæйæ чи нæ фæтарст, уыцы бирæгъимæ. Уымæй уæлдай пьесæйы ис «Абырæджы зарæг»-æй скъуыддзаг, æмæ уыцы ран дæр абырæг йæхи иу кæны бирæгъимæ. Бирæгъ, куыд национ

символ, афтæ аивадон уацмыс кæны хъæздыгдæр, йæ фæрцы адæймаг хуыздæр æмбары цæцæйнæгтæн сæ психологи, сæ миддуне.

Афтæмæй, æвзаджы фæрцы, цæцæйнæгты миддуне бамбарынæн бирæгъы фæлгонцæн ис стыр нысаниуæг, æмæ амоны цæцæйнаг адæмæн сæ лæгдзинад, фидар удыхъæд æмæ сæрибаруарзаг зæрдæйы ахаст…

**ЛИТЕРАТУРÆ:**


1. Ахмадов М. Цæцæйнаг традицион культурæ æмæ этикæ. – Грозна: Журнал «Вайнах»-ы библиотекæ, 2006. – 208 ф.

2. Гачев Г. Дунейы национ фæлгонцтæ. – М.: Советон фыссæг, 1988. – 445 ф.

3. Литературон хрестомати. Лукоморье. – Тюмень: Чингуыты рауагъдад, 1997. – 325 ф.

4. Попов Ю.И., Цымбалистенко Н.В. XX æнусы Ямалы литературæ. Литературон-критикон уацты æмбырдгонд. – Салехард: дæсныдзинад бæрзонддæр кæныны институты рауагъдад, 2001. – 89 ф.

5. Соколова З.П. Сырдты фæлгонцтæ алыхуызон динты. – СПб.: Лань, 1998. – 285 ф.

6. Тресиддер Д. Символты дзырдуат. М.: 1999. – 16 ф.

7. Хазанкович Ю.Г. Бирæгъы фæлгонц адæмон сфæлдыстады æмæ литературæйы: архетипы фарста. //https://cyberleninka.ru/article/n/arhetip-volka-v-folklore-i-literature

8. Цæцæйнаг фольклор. Т.1 /Сарæзтой йæ Исмаил Мунаев, Абдулхамид Хатуев. М.: Цæцæйнаг литературæйæн æххуысы фонд, 2009. – 371 ф.

9. Цæцæйнаг фольклор: Сарæзта йæ, разныхас æмæ йæм æмбарынгæнæнтæ ныффыста Ш.А. Джамбекова. – Грозна: Цæцæн-Мæхъхъæлы полиграфион-рауагъдадон иугонд «Чиныг», 1991. – 592 ф.

10. Цæцæйнаг-уырыссаг дзырдуат. Йæ саразæг А.Г. Мациев. – Грозна, 2010. – 655 ф.


*Уырыссаг æвзагæй Дедегкаты Зæлинæйы тæлмац*



# САЛАМБЕК АЛИЕВ

*1977*

*Райгуырд 1977 азы. Иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ каст фæци Цæцæны паддзахадон университеты филологон факультет журналистикæйы дæсныйадыл. Прозаик, публицист, тæлмацгæнæг. Йæ уацмыстæ мыхуыргонд цæуынц газет «Грозненский рабочий», журнал «Вайнах», интернет-журнал «Пролог», Цæгат Кавказы фысджыты уацмысты æмбырдгæндтæ «Вкус айвы», «Бег времени»-йы, Уæрæсейы æмæ ХПÆ-йы æрыгон фысджыты форумы хатдзæгтæм гæсгæ уагъд æмбырдгонд «Уæрæсейы æрыгон литературæ»-йы. Цæгат Кавказы æрыгон фысджыты æмбырдты архайæг. Литературон-аивадон журнал «Вайнах»-ы сæйраг редакторы хæдивæг.*

*Саламбек АЛИЕВ*

# ФÆИВГЪУЫЙЫ СЕМÆ ÆНÆХЪÆН ÆНУС…

*Уац*

Рæстæг кæддæриддæр алыхуызон хæссы. Уыимæ, æдзух иу фæлтæрæй иннæмæ цæуæг хъуыды «раздæры рæстæджытæ нал сты», зæгъгæ, уый æдзæм уайдзæфæй баййафы ивгъуыйæг дугыл «уæлахизгæнæг», ног уылæнæй йæхи хæрдмæ ‘ппарæг æрыгæтты «цæдисы». Лермонтовы ветеран æмдзæвгæ «Бородино»-йы хъастгæнгæ зæгъы, ома, «Ай-гъай, уыдис лæгтæ нæ бонты, / Ныр нал ис ахæм сахъ хæстонтæ: / Бæгъатыртæ – бæгуы!», æмæ йын уый, иуæрдыгæй, кад æмæ рад у, фæлæ иннæрдыгæй та, чиныгкæсджытæ кæмдæр фæуыргъыйау вæййынц. Цæмæй разы нæ дæ, зæронд, ныры фæлтæрæй?! Мах бæгъатыртæ цæуылнæ стæм?!

Историйы алы фæзилæныл дæр хабар фæлхатгонд цæуы, «фыдæлты» æмæ «сывæллæтты» быцæу ног æмæ ног сцырен, скарз вæййы. Чи нæ бафты зæрæдтæй уæззау сагъæстыл:

*Æнкъардæй æз кæсын нæхи фæлтæрмæ!*
*Йæ фидæн – æнæ нысан ‘мæ тар…*

*М. Лермонтов. «Сагъæс»*

*Рæстæджытæ! Æгъдæуттæ! Цæй зын сæм у кæсын,*
*Æнахъинон хъуыддæгтæ кæнынц дывæр мæ зын.*

*Эдгар По. «O tempora, o mores!»*

Уæддæр æмæ уæддæр та, изæрдалынгты йæ къах æдзух истæуыл къуырæг адæймаджы уавæр бавзаргæйæ, «сывæллæттæ» сразы вæййынц «фыдæлты» фæлтæрддзинады рæстмæ уагимæ. Уæдмæ сæхиуыл азтæ рацæуы, æмæ «фыдæлты» рæнхъыты балæууынц, аккаг царды бындур хистæртæй райсгæ зонд кæй у, уый бамбаргæйæ. Ныфсæвæрæн хъуыды, фæлæ мæ рахизын фæнды, уыцы ныфс чи асæтты, ахæм хатдзæгмæ – æрвылаз нæ, фæлæ алы бон æмæ сахатæй-сахатмæ дæр ацы мæнг дунейæ ацæуынц, нæ республикæйы цæрджытæй «баккхий нах» кæй хонæм, уыдон.

«Баккхий нах» тæлмацгондæй, «стыр адæм», зæгъгæ, уыцы мидис исы, æмæ хистæр фæлтæры минæвæрттæм хауы. Фæлæ ахæм тæлмац уæддæр бынтон раст нæу, уымæн æмæ ма цæцæйнаг «баккхий нах» у æндæр дуг, дунемæ æндæр ахаст, характертæ æмæ хъысмæттæ æвдисæг, семæ чи фесæфдзæн, дзыллæйы ‘хсæн æрмæст мысинаджы хуызы чи баззайдзæн, ахæм философийы æмбарынад. «Баккхий нах» – уый у æндæр рис æмæ сагъæс, æндæр фезмæлдтæ æмæ акценттæ, æндæр юмор æмæ цардмæ æндæр цæстæнгас. Цæцæйнæгты уæды фæлтæры сæйрагдæр хицæндзинад та у, сæхиуыл XX æнусы 1944 – 1957 азты депортацийы хъизæмæрттæ кæй бавзæрстой, уый.

* * *

Фæцæуынц не ‘хсæнæй, ноджы карздæрæй зæгъгæйæ, ацыдысты. Стæмтæ ма сæ баззад. Уыцы фыдбонты тыххæй нын йæ бон радзурын кæмæн уыд, уыдонимæ нæ ныхас кæронмæ нæ фæци, бирæ цаутæ бæстон æвзæрст не ‘рцыдысты. Уымæн, æмæ сын æнусмæ цæрæг æнхъæл уыдыстæм. Нæхицæн дæр – афтæ, кæд æдзух нæ урссæр зæрæдты ныгæнæм, уæддæр.

Мæ райгуырæн хъæуы дæргъæй-дæргъмæ уынджы, сывæллонæй кæнæ æрыгонæй депортаци чи бавзæрста, уыдонæй иу дæр нал баззад. Иу дæр нал! Знон кæнæ æндæрæбон дæр ма нæ фарсмæ уыдысты, сæ куырыхон ныхæстæ сын хъуыстам, зианы æгъдауы сæ уыдтам, дуа кодтой, цырты цур цыппарæрдыгæй бадгæйæ, Хъуыраны аяттæ кастысты, абон та сæхæдæг ингæны къæйты бын сты. Æмбарын, нæ ныййарджытæ дæр кæй ацыдысты, сæ размæ æмæ сæ фæстæ дæр, суанг Хъаймæты Боны онг, зиантæн æнæ ‘рцæугæ кæй нæ уыдзæн. Нæхæдæг дæр уæлæуыл кæм баззайдзыстæм, фæлæ, дæ цæстыты раз, сæ фæдонтæ ма бирæ рæстæг кæуыл æнцой кæндзысты, ахæм бындур сæвæрæг къæдзæхæнгæс таурæгъон фæлтæр рæстæджы фæлмы куы ныгъуыла, уæд дæхи сидзæрæй æнæ банкъаргæ нæ фæуыдзынæ.

* * *

Аивадон литературæйы дын исты куы ‘нтыса, уæддæр дæм хатт цæхгæр фарст æнæ сæвзæргæ нæ фæуыдзæн: «Кæм бахъуыд ацы уæлмонц гуманистон пафос æмæ удцырен? Иу дугæй иннæмæ æрбахизæг

хорз æмæ æвзæры тыххæй зонæнтæ цы ахъаз сты, æвзæрдзинад куы уæлахиз кæны, уæд? Цирхъытæ фæллойгæнæджы кусæнгæрзтæй раивыны хъæппæрис тугкалæн хæстытæн ныххъуырдæн ницы ахъаз æмбæрзæнау кæм у, куы иу, куы иннæ ран фæзынæг алы диктатор дæр фылдæр адæмы ныццæгъдынæн хæцæнгарзыл фæхæст уæвынмæ кæм тырны, уым цæуыл дзурæн ис?

Фæлæ мæнæн литературæ у сæр сæрмæ хæссыны æмæ мысыны фæрæз. Райсæм ма М. Шолоховы роман «Тихий Дон». Не 'мдугон хуымæтæг адæймаг кæнæ профессионалон этнограф куы уа, уæддæр абон хъазахъхъы рагон цардыуаг афтæ бæлвырд æмæ зæрдæмæхъаргæйæ нæ равдисдзæн. Шолохов нын йæ тасуадзæг романы ахæм нывтæ æмæ фæлгонцтæ снывæзта, æмæ XXI æнусы дæр нæ цæстыты раз æххæстæй æмæ уырнинагæй разынынц.

Афтæ æз дæр, куырыхон æмæ сæрыстыр фæлтæрæн «хæрзбон» дзургæйæ, бафиппайдзынæн, цæцæйнаг авторты сфæлдыстадон бынты удæгасæй кæй баззадысты, не 'хсæн чи нал ис, уыдон. Нæ ивгъуыд, нæ дадатæ æмæ нанатæ растынц Абузар Айдамировы, Муса Ахмадовы, Муса Бексултановы, Хасамби Яхъяевы æмæ иннæ фысджыты уацмыстæй. Ныхас кæд аивадон уацмыстыл цæуы, уæддæр сæ фенæн ис бæлвырд историон цаутæ, документалон æвдисæнтæ фыдæвзарæн дугæн, æнаххосæй сæфт хъысмæтты тыххæй хабæрттæ.

* * *

Цæцæйнæгты тыххæй загъд æмæ фыст дæр бирæ æрцыд. XIX æнусы сæ кой кæм æнæуынонæй, кæм зæрдæскъæфты æнкъарæнтимæ цæуы, XX æнус иумæйаг фæлгонцмæ ахæм баххæстгæнинæгтæй нæ фæиппæрд, нæ ныры дуг дæр уыцы хъуыддаджы фæсте нæ зайы. Фæлæ мæ фæнды иу зонды хъуыдымæ аздæхын. Куыд у, афтæмæй, цыбырæй йæ зæгъынмæ нæ тырнгæйæ, æрхæссын. Уымæн, æмæ, мæнмæ гæсгæ, хауы, нымад азты фæстæ «хæрзбон» йе 'ппæт минæвæрттæн дæр кæмæн зæгъдзыстæм, цæцæйнæгты уыцы фæлтæрмæ. Айдагъ уыдоны фæдонтæн зындгонд нæу, уымæн æмæ йæ йæ сæйрагдæр чингуытæй иу – «Архипелаг ГУЛАГ»-ы загъта Александр Солженицын. Загъта, йæхи цæстæй цы федта, æвдисæн цæмæн уыд, уый тыххæй. Хаст адæмы хъизæмайраг цардыы нывтыл фыссы: «Уыди, æнæсым цагъары психологийыл чи нæ

фæхæст, æрмæст иу ахæм адæмыхатт, иугай ныхмæдзурджытæ æмæ тохмæ амидингæнджытæ нæ, фæлæ адæмыхатт æнæхъæнæй дæр. Цæцæнæй зæгъын. Лагерæй алидзджытæм цы цæстæй кастысты, уый федтам. Джезказганмæ хаст адæмæй Кенгираг растады фарс рахæцын æрмæст уыдон афæлвæрдтой. Афтæ дæр зæгъдзынæн, æмæ ам æнæбары æрцæрын кæй бахъуыд, уыдонæй ахæсты уæвæгæн хъæугæ æнæбасæтгæ ныфс æрмæстдæр цæцæйнæгтæм кæй уыд. Иу хатт сæ гадзрахатæй куы фæхауæддзаг кодтой, уæд ницæуылуал æууæндыдысты.

Сæхицæн сарæзтой ныллæг, талынг, тæригъæддаг, къахæй сæ бакъуыр, уæддæр цыма чи ныккалдаид, ахæм хохаг хæдзæрттæ. Сæ хæдзарад дæр афтæ – иунæг бон, иунæг мæй, иунæг афæдзыл æххæссæг, фæстауæрцы дардмæ хъуыды кæныны миниуджытæй иппæрд. Хордтой, нуæзтой, æрыгæттæ ма-иу уæлæдарæсыл дæр батыхстысты. Азтæ цыдысты, фæлæ раздæрау сæ рæбыны æппындæр ницы уыд. Цæцæйнæгтæ хицауадæн козбау митæй сæ зæрдæ балхæнынил никæд архайдтой – æдзух сæ сæр сæрмæ хастой æмæ суанг сæ ныхмæ æргом дæр дзырдтой. «Всеобуч»-ы закъонтыл æмæ скъолайы паддзахадон зонæдтыл не ’рвæссыдысты, хæрзæгъдаудзинад ма фæкайыны охыл сæ чызджыты скъоламæ нæ уагътой, лæппутæй дæр уыцы бар алкæй нæ уыд. Сæ сылгоймæгты колхозмæ не ’рвыстой. Уæдæ сæхæдæг дæр колхозы быдырты нæ куыстой. Фылдæр архайдтой шофыртæ уæвыныл: мотормæ зилыны фидиссагæй ницы ис, хæдтулгæйы цыд сын джигиты, йе скъæрæджы авналæнтæ та уыцы монцтæ суадзыны гæнæнтæ лæвæрдтой. Æниу хуыснæджы монцтæ суадзынмæ æнæ уымæй дæр арæхстысты. Уыдон æрбахастой сабыр, рæстзæрдæйæ хорз фынтæ уынæг Казахстанмæ давыны æмæ стигъыны æмбарынадтæ. Сæ бон уыд фос атæрын, хæдзар фæкъахын, мулк тыхæй байсын дæр. Бынæттон цæрджыты æмæ, хаст адæмæй хицауадæн коммæгæс чи разынд, уыдоны ’хсæн ницы уыйас хъауджыдзинад уыдтой. Сæ цæсты кад уыд æрмæст тохгæнджытæн. Æмæ диссагæй цы кæныс – иууылдæр сæ æмризæджы рызтызты. Никæй бон уыд сæ цардыуаг сын фæивын. Дæс æмæ ссæдз азмæ паддзахады чи ’рфидар, уыцы хицауады бон нæ баци йæ закъонтæм гæсгæ цæрынил сæ бафтауын».

Гъе, ахæм ныхæстæ. Кæйдæр зæрдæмæ цæуынц, кæйдæр зæрдæмæ – нæ. Цæмæйдæр, чи зоны, быцæуаг, фæлæ, мæнмæ гæсгæ, æргом хъуыдытæ – Солженицын цы уыдта æмæ æнкъардта, уый фыста. Бæрæг у, аккаг аргъ кæй кæны, хицауад «йæ закъонтæм гæсгæ цæрынил кæй нæ бафтыдта», «козбау митæй сын сæ зæрдæ балхæнынил чи нæ архайдта», фæлæ «æдзух йæ сæр сæрмæ чи хаста æмæ суанг сæ ныхмæ æргом чи дзырдта», уыдонæн. Ахæмæй баззадысты фидæны дунеон литературæйы классикы зонд æмæ зæрдæйы, абон не 'хсæн чи нал ис, фæлæ ма знон дæр кæй уды рухсæй хайджын уыдыстæм, уыцы адæм. Уыдæттæ хынцгæйæ мын æнцой нæ дæтты иу фарст. XIX æнус. Компьютер. Айфон. Интернет. Социалон хызæгтæ. Информацион хæстытæ. Квентин Тарантинойы радон киноныв. Ныллæгбадт арæзт «Приорæ». Стечкины дамбаца. Тæккæ ногдæр «Камри». 45 см нуар-бицепс. Къордæй сэлфи. Лайктæ æмæ се 'вæрджытæ… Цы нæм æнхъæлмæ кæсы дæрддзæф фидæны, æмæ райсом мах тыххæй та цавæр чиныджы æмæ цы ныхæстæй ныффысдзысты?

*Уырыссаг æвзагæй ТЪЕХТЫ Тамерланы тæлмац*

# ДЗЫРД ЦÆРА

Иутæ чиныгæн йæ хабæрттæ уарзынц, уыдон сæ кæнынц цымыдис кæсынмæ – зæгъæм, детективтæ. Ома, фыссæг цытæ æмæ цæуылтыл фыссы, уыдон сты йæ амидингæнæг, цæмæй чиныгкæсæг чиныг йæ къухмæ райса æмæ йæ кæсыныл сбада уæгъд, æвдæлон рæстæг, уымæн.

Иннæтæ та дзы фæагурынц эстетикон æхцондзинад, дзырды хæрзад – ома, сæйрагдæр сын у, фыссæг цæуылтыл нывæнды йæ ныхас, уый нæ – кæд цыфæнды ахсджиаг вæййынц, уæддæр, – фæлæ, цы ‘взагæй, цас аивадон æвзагæй аразы йæ нывтæ, уый.

Дзырд зоны цин кæнын…Уый, æцæг курдиатджын фыссæджы мадзал куы свæййы йæ хъуыдытæ зæгъынæн, йе ‘нкъарæнтæ равдисынæн, уæд вæййы йæ тæхудиаг бæрæгбон. Ноджы йæ фыссæг æнæнхъæлæджы ахæм уавæры бахауын кæны, ахæм æууæлты йæ сæвæры, ахæм зæрдæзæгъинаг æмбæлттæ йын ссары – ахæм сæрæй-сæрмæ хæссинаг сыхæгтæ, ахæм æмбæлттæ хъуыдыйады мидæг æмдзæринæн, æмæ йыл раст мæйтæ æмæ хуртæ скæсы йæ амонддджынæй.

Фыссæг дæр æрмæст уæд бавзары Хуыцауы лæвар цин йæ фыдæбæттæ-тухитæ-хъизæмæртты сæрмæ.

Кæд Дзырд Хуыцаумæ уыд развæлгъау æмæ кæд æцæджы хъуыддагæн уыд Хуыцау йæхæдæг дæр, уæд айдагъдæр уыцы дзырд – Аивадон Дзырд, дунетæ æмæ лæджы зонд уæрæхтæгæнæг, йæ зæрдæ йын рæвдауæг æмæ дисы ‘фтауæг, мæнæ куыд ис Хуыцауы æвзагæй дзурæн Хуыцауы дзырдтæй, Хуыцаудзырдæй, зæгъгæ!

Йæ бынат сæ чи ссары уацмысы мидæг æмæ йæ чи сфидауын кæны аивадон уацмысты домаг рæнхъыты фыссæджы фæрцы, уыдон схуындæуыд абарæнтæ, эпитеттæ, метафорæтæ, инверситæ æмæ æндæртæ.

Дыууæ хуры мыл скасти, арв ныуææрæх, цард сæрттиваг æмæ та фегом сты – фергом сты йæ цинтæ æмæ бæрзæйдихты гуырæнтæ, æрмæстдæр иунæг рæстдзæвин дзырды фæрцы – уыцы дзырд у хъуыстгонд æмæ хорз зындгонд цæцæйнаг фыссæджы исбон, Канта Ибрагимовы: «Наши доверчивые горы…»

Цынæ бæллæхтæ сыл-иу æрцыд нæ хæхтыл се стырзæрдæ æмæ æууæнкджынæй! Æмæ нын-иу дымгæ куы загъта, дæ сарайы дуæрттæ-ма байтындз, æз дын зыгуым бакалон, зæгъгæ, уæд ын-иу алкæд нæ

загътам, нæхи хъæмп дæр ма нын рассивдзынæ, зæгъгæ… Кæд-иу уый зыдтам, æмæ нæм бирæгъ фысдзармы тыхтæй кæй фæзынд, уæддæр. Уымæн, æмæ нæ туджы ахъардта æмæ дзы ныффидар хохæгты царды фæтк: «Уазæг – Хуыцауы уазæг».

Дзæнæтон царды хæрзиуджытæй нын ныфс бавæрдта Октябрь Ленины разамындæй. Æрмæст дын цалдæр азы фæстæ ацы бæллæхы зонджын лæг куы схатдзæг кæнид: «Мы коренным образом должны поменять свой взгляд на социализм!» – кæд ын дзырдæй-дзырдмæ нæ фæлхат кæнын йæ ныхæстæ, уæддæр сæ тынг хæстæг хæссын.

Фæлæ уæдмæ байрæджы, йæ коммæ ничиуал каст, Сталин ма йын йæ НЭП дæр аивта, æмæ… Æмæ ма байхъусæм Кантамæ, мæнæ йæ роман «Прошедшие войны» - йы цытæ фыссы уырнинагæй, уыдонмæ – æнæ тæлмацæй:

*«… Все поняли, что над Арачаевыми нависла не только кровная месть, но и серп и молот Советской власти. Соседи стали избегать их, боялись с ними общаться, детей не пускали в их двор.*

*…Тогда он не знал, что это все – игры, репетиции Советской власти с народом, что чуть позже аппетиты разрастутся, а способы и методы унижения и уничтожения людей станут более изощренными, массовыми, циничными, и что он, Цанка, все это в полной мере должен будет пережить, перетерпеть и забыть, чтобы не стать зверем.*

*… Счастливыми стали те, кто был никем, точнее был бездельником, пьяницей и распутником…Дельные, трезвые советы считались антинародными, контрреволюционными. Люди терпели, думали, что это все ненадолго, что Советы перебесятся и успокоятся. Но жизнь с каждым днем ухудшалась. Людей отрывали от земли, от сохи, от тяги к труду.*

*…Весной 1929 года в селении Дуц-Хоте не засеяли ни одной десятины земли – нечего было сеять.*

*…Доносчики (люди, пришлые, не имеющие корней) пользовались льготами и привилегиями.*

*… Короче – сеяли меж людьми недоверие друг к другу, подозрительность, стукачество. При этом использовали самые низменные, подлые приемы и методы. Не брезговали ничем – лишь бы превратить людей в скот.*

*Весной 1929 года в Чечню, вслед за Россией пришли нищета, голод, болезни.*

*... Людей обобрали, унизили, обезличили. Терпению масс настал предел. Вновь начались массовые волнения. Стихийные бунты вспыхнули в Шали, Беной, Гойты, Ахчой-Мартане, Алдах, Атагах.*

*... В Шали арестовали пятьсот человек, из них более ста двадцати домой не вернулись. Всего зимой 1929 – 1930 года в Чечне было арестовано не менее 35 тысяч человек.*

*В целом по Чечне для подавления восстания при поддержке авиации и броневиков было задействовано 5 дивизий, сводные отряды Владикавказского пехотного и Краснодарского кавалерийского училищ, 3 артиллерийских дивизиона, 2 полка горных стрелков, 3 эскадрона войск ГПУ.*

*С этого дня власть Советов укрепилась основательно. Поломали хребет народа, но душу достать не смогли».*

Кæд цыфæнды æмæ куыдфæнды уыдис, цæцæн сæттын нæ бакуыдтой, коммæгæс æмæ ‘рмахуыр нæ систы, уæддæр астæустæгсастæй дæр цыдисты хæстмæ иумæйаг знаджы ныхмæ, суанг ма-иу Советон Цæдисы Хъæбатыры ном дæр райстой, кæд сын хæстон хæрзиуджытæ æмæ цинтæ алы къуылымпытæ æмæ зынтимæ лæвæрдтой, уæддæр. Ноджы ма советон дæлбар мыхуыр дæр йæ дзыхыл мидæггоз хæцыд æмæ хъыпп-сыпп дæр не скодта, зæгъæм, Бресты фидар хъахъхъæнджыты ‘хсæн 300 цæцæйнаджы дæр кæй фæмард, стыр æхсарджынæй дзы йæхи лейтенант Айнди Лалаев кæй равдыста, уый тыххæй.

Уæдæ цæдисон æфсæдтимæ Цæугæдон Эльбæйы былгæрон æппæты фыццаг махонтæй сæмбæлд Мовлад Висаитовы бæхджын полкъ – Америкаг Иугонд Штаттæ йæ схорзæхджын кодтой æппæты уæлдæр хæстон орденæй – «Пурпурное сердце». Абдул-Хаким Исмаилов та Кантария æмæ Егоровæн уыд се ’ртыккаг æмбал – Рейхстаджы сæрмæ Уæлахизы тырыса чи æрсагъта, уыдонæн. Æмæ йын кæд чи фехъуыста йæ кой?..

Уæртæ А. Пушкин афтæ куы фыста: «Смирись, Кавказ, Ермолов едет», уæд декабрист, инæлар М. Орлов та æндæр хуызы хъуыдытыл хæст уыд, ам, хæхбæсты уæвгæйæ: «Покорить чеченца и другие народы региона так же невозможно, как сравнять с землей Кавказские горы».

Алы бындурон æфсæнттæ кæмæн уыд, ахæм тых æмæ ма фыдæвзарæнтæ бавзæрстой цæцæн, фæлæ нæй, хицæн адæймагау дæр, басæттæн æнæхъæн адæмæн. Æмæ та уый тыххæй иттæг хорз фæцарæхст йæ романы Хамзаты фырт Канта:

*«... Но родной родник тоже был неумолим. Его силы все прибывали и прибывали, и вот он полностью завладел всем своим руслом, и вода уже не урчала, а звенела, ее голос переливался весело и громко, так, как это было всегда, веками <...> Светало... Горный родник устремился к большим рекам, к большой воде».*

ФÆСФЫСТ:

Уæуу, мæрды рох!

Сызгъæрин талатæ фестинаг Хетæджы-фырт Къоста уартæ кæд æмæ кæд фыста ÆУУÆНКАДЖЫ тыххæй – генитæн цард дæр ницыуал басусæг кæны, адæмы ‘рдыгæй ма сæм-иу, бæргæ, хъусæг куы уаид:

*Мæ мæгуыр Ирыстон! Æрцæуæг æлдарæй,*
*Тыхгæнæг хæддзуйæ дæ ма уæд, ма, мæт?*
*Тыхгæнæг хæддзумæ кæд искуы фæндонæй,*
*Æуужнкагæй раттай, рæстæнхъæл, дæ бар?..*
*Мæ хæлар, мæ уарзон! Ныммæл мын фæсмонæй,*
*Ды искуы хæддзуйæ куы скæнæй æлдар!..*

Фæлæ – ох-хай! – фæсмойнагæй дæр цыма нæ зонд фидардæр нæ кæны, æмæ та уыцы иу дзыхъхъы ныссæттынц нæ цалхы дæндæгтæ…

Гъемæ та нын иу фæсмойнаг дугæй иннæмæ фæтабуйаг вæййы бæхтæрæджы амонд.

*Гусалты Барис*

# ЦÆЦÆЙНАГ АРГЪÆУТТÆ

## УЫЗЫН, ГÆДЫ ÆМÆ КУЫДЗ

Гæдыйы уызынмæ хонæг арвыстой. Нæ бакуымдта уызын гæдыимæ цæуын.

Уæд æм куыдзы арвыстой. Гъемæ ’рмæстдæр уæд æрбацыд уызын хуынды.

Фысым æй фæрсы:

– Цæуылнæ саккаг кодтай, гæды хонæг дæм куы уыд, уæд?

– Куыдз кæуылты æнувыддæр у, æнæсайддæр: гæды алкæй хъæбысы дæр зардзæн, куыдз та коммæгæс айдагъдæр йæ хæлар лæгæн у.

## ХÆЙРÆГ ÆМÆ МОЛЛО

Хæйрæг æдзух, йе ’ккой – хуыйысæр, афтæмæй зылдис хъæуи-хъæу. Чидæр æй фæрсы:

– Иудадзыг демæ дыууæтæнон хъисфæндыр цæмæн рахæсс-бахæсс кæныс, и?

– Куыд цæмæн, куыд?! – фæхъыг æнæфенд фарст хæйрæгæн. – Æз дзы æрмæстдæр уæд фæцæгъдын, молло мæгуыргурæн исты куы ратты, уæд.

– Гъемæ куыд у – арæх дæ фæхъæуы цæгъдын?

Хæйрæг æнкъардæй загъта:

– Æз æппынкъаддæр цæрын фарастсæдæ азы, фæлæ нырма иунæг хатт дæр мæ хуыйысæр ме уæхскæй нæма æристон ахъазыны охыл.

## ÆППÆТÆЙ ТЫХДЖЫНДÆР

Кънйаз йæ фæсдзæуинтимæ фæндагыл фæцæйцыд. Æризæр. Фæсдзæуинтæ йæ фæрсынц, кæдæм æй бахоной æхсæвиуат бакæнынмæ, уымæй.

– Кæдæмдæриддæр уæ фæнды, уырдæм. Æцæг дзы мæнæй тыхджындæр куыд ничи уа, афтæ.

Бахуыдтой йæ, хæстæгдæр цы хохаг хæдзар разынд, уырдæм. Уалынджы дзы мидæгæй дзидзидæй сабийы кæуын райхъуыст. Къняз цæхгæр фæлæууыд, зæгъы:

– Æз уæм афтæ куы ’рхатыдтæн, мæнæй тыхджындæр кæм нæ уа, ахæм фысымуатмæ мæ фæкæнут, зæгъгæ, уæд сымах та…

– Æмæ ам дæуæй хъомысджындæр куы ничи ис, къняз!

– Ис! Саби. Уымæ мæ бардзырдтæ нымады дæр нæ уыдзысты!..



# ХÆЛАР ЗÆРДÆ – ЦÆРГÆБОНТÆМ

*Æмбисæндтæ*

*Уыг боныгон куырм кæй вæййы, уый хуры азым нæу.*

*Бирæгъ æнæ дæндаг куыд нæ фидауы, афтæ зымæг та – æнæ уазал.*

*Фыд кæй бафсæст, уый афтæ нæ амоны, æмæ йæ фырт дæр æфсæст у.*

*Кæхц куы фæфæлдæха, уæд дзы ницы ракæлдзæн, цы дзы уа, уымæй уæлдай.*

*Æфсад уæлахиз дæр иу лæджы руаджы фæцис æмæ састы бынаты дæр иу лæджы аххосæй баззад.*

*Алчидæр йæхи цæгæр сæр ныхы.*

*Хуыссæг дæ куы бынæй кæна, уæд дæ базы мæт нал вæййы; куы бауарзай, уæд æй конд-уындæй нал февзарыс.*

*Сындз йæ тæккæ райдиан дæр сындзæй рæзы.*

*Давон ауæй кодта æмæ цъæх хъæдындзтæ балхæдта.*

*Мадæл сæгъ кæдæм сгæпп ласта, сæникк дæр – уырдæм.*

*Арт æрмæстдæр зынгæй скæндзынæ.*

*Хæстæн ныхкъуырд айдагъдæр хæст дæтты.*

*Мады маст бирæйæ дæр митау атайы.*

*Рæсугъд чызг зæронд къабайы дæр зæрдæисгæ у.*

*Рæсугъддзинад – изæры онг, хæлар зæрдæ – цæргæбонтæм.*

*Фыд хъæдæй кондæй дæр хорз у, мад та – нымæтæй дæр.*

*Зæронд уæрдон цалхвæд халы, æвзæр ус – хæдзар.*

*Æвзæр фырты бæсты фæлтау – хорз сиахс.*

*Зæрдæмæдзæугæ цы уа, уый алæмæттаг у.*

*Уазæг уазæгæн æнад у, сæ дыууæ та – фысымæн.*

*Æвзæр уазæг дæр куы ’рбацæуа – хорз æй бафсад; хорз уазæгæн та æрæвæр, цы ’рбаййæфта, уый.*

*Хорз хæфс йæхи цъымарайы цæры.*

*Хæлар гæдытæ фæуæлахиз сты фыдæх бирæгътыл.*

*Исты бæлæх дыл æрцыд – дæ сæрыл схæц; адæмыл æрцыд – дæ сæр æруадз.*

*Хæлар уат, уый дæ нал фæнды – саргъæн йæ гопп ракур.*

*Кæмæдæр цы топп сарæзтæуыд, уый фæстæрдæм фехста.*

*Бирæ дзы хæргæйæ, суанг мыд дæр хъылма фесты.*

*Хъуг дарын нæ уарзта, афтæмæй иудадзыг та æхсыр-æхсыр кодта.*

*Фосагур ма зил – кæрдæгагур хæт.*

*Æригæнæг цагъар у, дæттæг – кънйаз.*

*Амонд циу, зæгъгæ, тæрхъусы куы бафарстæуыд, уæд загъта: «Æз куыдзы раздæр куы ауынон, уæд уый».*

*Уадз æмæ арс æмæ бирæгъ хыл кæнæнт, царвы дурын та æз ахæрон, – загъта рувас.*

*Каркæй цæрыны бæсты уасæгæй амæл.*

*Аджы бын цы ис, уый фыдис зоны.*

*Курыны бæсты фæлтау хъомгæс фæцу.*

*Мад æмæ фыдæй баззайгæ бынтæ æбузнылйæ хæрд фæвæййынц.*

*Цы загътай, кæд уый æвзист у, уæд, цы нæ загътай, уый та – сызгъæрин.*

*Амæй-ай рæсугъддæрмæ дæр фау æрхастой: йæ къубал, дам, æгæр даргъ у.*

*Хъамайы цæф байгас, дзырды цæф – нæ.*

*Хъыримаг иуы амардта, æвзаг та – мин.*

*Тæппуды ныхæстæ рæсугъд вæййынц, йæ уд та – чъизи.*

*Зонд стыр сæрмæ гæсгæ нæ ымадæуы.*

*Зонджынæн æппæт дуне дæр – фыдыбæстæ.*

*Æдылыйы зонд – йæ дзыхыл хæцын.*

*Сылгоймаджы зонд йæ зæрдæйы нæй, фæлæ йæ цæстыты.*

*Зонджыны дон дæр нæ аласта æмæ арты дæр нæ басыгъд.*

*Рæстæгмæ сайын дæр фæбæззы, цардцæрæнбонтæм та хъæуы рæстдзинад.*

*Мæлæты тасæй мыст дæр лæбурæг свæййы.*

*Цы уыдзæн, куыд уыдзæн, уыдæттыл хъуыдыгæнæгæн æхсарджынæй тас нæу.*

*Гал мæллæг куынæ уа, уæд бинонтæ нард не сты.*

*Йæ монцты, цыбæлты хицау æфсæрмæй нæ сырх кæны.*

*Уыцы лæг ницæйаг лæг у, кæд æм æртæ сусæджы йæ мадызæнæг æфсымæрæй дæр нæй, уæд!*

*Иугæр размæ нæ акастæ – ма асанчъех кæн; кæд фæстæрдæм нæ ракастæ – мацы зæгъ.*

*Фаллаг фарс дæр куынæ бадомай цæугæдонæн, уæд ацы фарс дæр дæу нæ уыдзæн.*

*Цалынмæ дзырд нæма загътай, уæдмæ дæлбар у, куы дæ аирвæза – ды дæ йæ дæлбар.*

*Ниугæ-ниуыны цуангæнæг бирæгъ саджы йæ амæттаг нæ фæкæндзæн.*

*Артæй ма хъаз, донæй ма хынджылæг кæн.*

*Зондцух расыгæн фæндаг радта.*

*Гал сын скусарт кодта, фæлæ дзы йæхимæ та игæры хай дæр не 'рхауд.*

*Йæ чындзмæ йæ дæндаг цыргъæй дардта, хæцгæ та дзы йæ фыртыл фæкодта.*

*Маст исын зæронд кæны, рох та – нæ.*

*Искæй фыдæй чи нæ тæрсы, уый йæхи хæрзтыл дæр нæ цин кæны.*

*Куырм кæйдæр цæсты къæм федта.*

*Æнæнхъæлæджы чи схъæздыг, уый боныгон дæр сойын цырагъ ссудзы.*

*Куы сæххормаг вæййыс, уæд дæм афтæ фæдзуры дæ зæрдæ, цыма никуыуал бафсæддзынæ; куы бафсæдыс, уæд та дæм афтæ фæкæсы, цыма сыдæй никуыуал мæлдзынæ.*

*Карк нæ кæрты хъуыдатт кæны, сыхæгтæм та æйчытæ 'фтауы.*

*Бирæдзураджы демæ кæсаг ахсынмæ ма хон.*

*Æдылыйы къухты хъама тæссагдæр у зонджыны къухты хъамайæ.*

*Цæрын чи нæ зоны, уыцы адæм кæддæриддæр ивгъуыд замантæй æппæлынц.*

*Сæрды калм чи федта, уый зымæджы бæндæнæй дæр тарсти.*

*Йæ зæрдæ хуыскъ кæмæн у, уымæн йе 'взаг у бæркадджын.*

*Къуыбырыл чи лæууы, уый йæ хох æнхъæлы.*

*Хуыснæг давæджы амæттаг баци – Хуыцау худæгæй бакъæцæл.*

*Чи байрæджы кодта, уый хай гæды бахордта.*

*Мæгуыр лæг цалынмæ кæйдæр ис-бис нымадта, уæдмæ йæ цырагъы фæтæген басыгъд.*

*Æууæнкæй ахсджиагдæр ницы ис.*

*Дыууæ хатты цы загъдæуыд, уый ма суанг куыройгæсмæ дæр фехъуыст.*

*Адæмимæ, хырхау, дыууæрдæм дæр у, арæхс.*

*Мæгуырæй фæцæрын зын бабыхсæн нæу, хъæздыгæй цæрын у зын быхсæн.*

*Афæдзвах тæрхъусы цармы æрчъиагæй æрчъитæ дæр басгуыхынц.*

*Æрмæстдæр дæ иунæг хатт фæхыл кæнын кæй бахъæудзæн, уый охыл æппынæдзух мæстыгæр ма у!*

*Дард фæндыры хъæзт æхсызгондæр у.*

ТЪЕХТЫ Тамерлан

# «МАХ ДУГ»-Ы ЛИТЕРАТУРОН ПРЕМИ: ФЫЦЦАГ КЪАХДЗÆФ ФÆРÆСТМÆ!

*Цæгат Кавказы рагондæр литературон-аивадон æмæ æхсæнадон-политикон журналтæй иу «Мах дуг», йæ фидæныл фидарæй æууæндгæйæ, цæуы йæ 90 азы юбилей сбæрæг кæныны фæндагыл. Йæ иузæрдион хæлæрттæ æмæ автортæ сты мадæлон æвзагыл æнувыд адæм. Фæлæ журнал æдзух агуры ног нæмттæ дæр, сæйрагдæр, кæй зæгъын æй хъæуы, æрыгæтты 'хсæн. Гъе, уымæ гæсгæ сæвзæрд сæйраг редактор Хетæгкаты Оксанæйы разамындæй кусæг коллективмæ сæрмагонд Дунеон литературон преми расидыны хъæппæрис.*

*Ацы арфæйаг хъуыддаг царды рауадзын та бантыст семæ быдур сæвæрæг компаниты къорд «Стройпрогресс»-ы президент Джуссойты Альберты руаджы.*

Журналы историйы ног сыф рафæлдахыны хъуыддагмæ ма сæхи аккаг æвæрæн бахастой РЦИ-Аланийы цæрæнуæтты-коммуналон хæдзарады, артаджы æмæ энергетикæйы министр Таматы Майрæн, нæ республикæйы Парламенты депутат Уататы Зелим, Алагиры, Æрыдоны, Æрæфы, Мæздæджы æмæ Горæтгæрон районты сæргълæуджытæ. Ноджы ма – «Иры Стыр Ныхас»-ы Мæздæджы районы дæлхайады сæрдар Гуццаты Фридон, Фæндæгты управлени «Кавказ»-ы дзæуджыхъæуккаг хайады разамонæг Мæхъиты Знауыр, Дзæуджыхъæуы базарадон-экономиком техникумы директор Æбиты Валери, компанитæ «Бавари», «Деликат», «Чиба», «Молоко Осетии», адджинæгты хæдзар «Анечка» æмæ бирæ æндæр разамонджытæ æмæ куыстуæттæ. Мадæлон æвзаджы удварны хæзнатæ парахат кæныны ахсджиагдзинад æмбарынц, æмæ кæддæриддæр æнтыстджын уæнт!

Преми фыццаг хатт лæвæрд цыд, фæлæ ныридæгæн дæр зæгъæн ис, сфæлдыстадон фæлтæрты кæрæдзийыл кæй бабаста, æмæ, традицион куы суа, уæд уыцы бастдзинадмæ ноджы стырдæр æвæрæн кæй хæсдзæн. Уымæн, æмæ йæм, иронау фыссын йæ удæн æцойдзинадыл чи нымайы, уыдон се 'ргом аздæхтой – 116 авторы балæвæрдтой 350 куыстæй фылдæр. Се 'хсæн – фысджытæ, журналисттæ, ахуыргæнджытæ, æхсæнадон кусджытæ, студенттæ, скъоладзаутæ. Конкурсы къамисы уæнгтæ сын аргъ кодтой, нæмттæ нæ зонгæйæ, æмæ уый руаджы бæрæггæнæнтæ æвæрдтой, сæ хъуыдытæ дзырдтой уæлдай æргомдæрæй. Ныр хуыздæр куыстытимæ æнæмæнг базонгæ уыдзысты журналкæсджытæ дæр, кæй зæгъын æй хъæуы, авторты-лауреатты тыххæй зонинæгтимæ.

«Ис ирон æвзагæн фидæн!» – ацы хъуыды иу æмæ дыууæ хатты нæ азæлыд, лауреаттæн хæрзиуджытæ дæтгæйæ, арфæтæ чи кодта, уыдоны раныхасты. Кадджын уазджытæ та бирæ æрбацыд, уыдонимæ – нæ республикæйы Хицауады сæрдары хæдивджытæ Бокоты Эльбрус æмæ Тугъанаты Ларисæ, министрадты æмæ комитеты кусджытæ, Хуссар Ирыстоны, Геленджикы, Кæсæг-Балхъары æмæ Цæцæны делегацитæ, районты администрациты æмæ интеллигенцийы минæвæрттæ.

Журнал «Мах дуг»-ы Дунеон литературон премийы лауреаттæ та фыццагдæр сбæрæг сты номинаци «Прозæ»-йы. Хистæрты къорды фыццаг бынат лæвæрд æрцыд Хуыгаты Сергейæн. Дыккаг бынат – Гусалты Барисæн, æртыккаг бынат адих кодтой Тедеты Индирæ (Хуссар Ирыстон), Хадыхъаты Фатимæ æмæ Хуыбецты Хетæг. Сæрмагонд дипломæй хорзæхджынгонд æрцыд Гуымецаты Зæринæ. Фæсивæды къорды фыццаг æмæ дыккаг бынæттæ бацахстой Годжыцаты Нæирæ (Хуссар Ирыстон) æмæ Хъайсынты Артур. Сæрмагонд диплом æмæ диплом «Дуджы ныфс» лæвæрд æрцыдысты Кæркуысты Дианæ æмæ Гобозты Агуындæ.

Номинаци «Поэзи»-йы хистæрты къорды фыццаг бынат бацахста Колыты Витали, дыккаг – Дыгъуызты Зæлинæ (Хуссар Ирыстон), æртыккаг бынат – Кокойты Эльзæ. Сæрмагонд дипломтæй ацы номинацийы хорзæхджынгонд æрцыдысты Къудухты Маринæ, Гаглойты Индирæ æмæ туркаг ирæтты минæвæрттæ Хосонты Рæмзи æмæ Хъуыссæты Мовлет. Фæсивæды къорды раззаг æртæ бынаты аккаг систы Бететы Фатимæ, Габолаты Зауыр æмæ Бигъаты Сæрмæт.

Номинаци «Публицистикæ»-йы хистæрты къорды фыццаг æмæ дыккаг бынæттæ бацахстой Мамиаты Таймураз æмæ Скъодтаты Эльбрус. Æртыккаг бынат адих кодтой Дзугаты-Мурасты Риммæ æмæ Хъайтыхъты Риммæ. Фæсивæды къорды фыццаг æмæ дыккаг бынæттæ саккаг чындæуыд Уыртаты Сæрмæт æмæ Хъоцыты Тамарæйæн.

Номинаци «Драматурги»-йы архайджытæ уыдысты æрмæстдæр хистæр кары къорды минæвæрттæ. Фыццаг бынат бацахста Рæмонты Ритæ, дыккаг æмæ æртыккаг бынæттæ – Бекъойты Майæ (Хуссар Ирыстон) æмæ Персаты Тамарæ.

Номинаци «Аивадон тæлмац»-ы хистæрты къорды фыццаг æртæ бынаты лæвæрд æрцыдысты Безаты Фаризæт, Баситы Зæлинæ æмæ Хестанты Победæйæн. Фæсивæды къорды фыццаг æмæ дыккаг бынæтты аккаг систы Гегкиты Сослан æмæ Теблойты Зауырбег.

Сывæллæтты ‘хсæн поэзийы номинацийы уæлахиздзау сси Беслæны 7-æм скъолайы 5-æм къласы ахуыргæнинаг Гуыцмæзты Марат (йæ ахуыргæнæг – Гæбæраты Риммæ). Дыккаг бынат бацахста Дзæуджыхъæуы 48-æм скъолайы 5-æм къласы ахуыргæнинаг Хуыдæлты Атей (ахуыргæнæг – Хуыдæлты Маринæ), æртыккаг – Дзæуджыхъæуы скъола-интернаты 7-æм къласы ахуыргæнинаг Плиты Арианнæ (ахуыргæнæг – Дзгойты Аллæ).

Номинаци «Прозæ»-йы уæлахиздзау сси гимназ «Диалог»-ы ахуыргæнинаг, 13-аздзыд Касаты Алинæ (ахуыргæнæг – Касаты Индирæ). Дыккаг бынат бацахста Дзæуджыхъæуы скъола-интернаты 5-æм къласы ахуыргæнинаг Гасынты Аринæ, æртыккаг – уыцы скъолайы 6-æм къласы ахуыргæнинаг Баллаты Камиллæ (сæ ахуыргæнæг – Хуыдæлты Мæдинæ).

Номинаци «Аивадон тæлмац»-ы уæлахиздзауыл нымад æрцыд Беслæны 7-æм скъолайы 7-æм къласы ахуыргæнинаг Къуыллыты Чермен (ахуыргæнæг – Къуыллыты Джульеттæ). Дыккаг бынат бацахста Икъаты Элинæ, æртыккаг бынат адих кодтой Болататы Ангелинæ æмæ Хетæгкаты Алинæ (æртæйæ дæр – Æрхонкæйы 1-æм скъолайы 10, 8 æмæ 11-æм кълæсты ахуыргæнинæгтæ, сæ ахуыргæнджытæ – Тадтаты Заремæ, Гæззаты Татьянæ æмæ Хетæгкаты Лия). Æрыгон лауреатты зондамонджытæ хорзæхджынгонд æрцыдысты сæрмагонд дипломтæй.

Амæй фæстæмæ журналы ног премийы уæлахиздзау-лауреатты фæрныг хæдзæртты бæрæг рæтты тæмæн калдзæн ирон æвзаджы

символ – чысыл статуэткæ – дамгъæ «Æ» йæ къухты хæрдмæ, хурмæ, сисæг Музæ. Снывæзта йæ скульптор Черчесты Таймураз. Гъемæ ма сæдæгай азтæ тавæнт хуры тынтæ, ирон æвзаг мады ад кæмæн кæны, уыцы адæмы. «Мах дуг»-ы редакци та йæ зæрдæ дары, конкурс кæй сразæнгард кæндзæн ирон аив литературæйы къæбицмæ хуынхæсджыты.

ОСТЪАТЫ Алан, Хуссар Ирыстоны литературон журнал «Фидиуæг»-ы бæрнон нымæрдар:

– Премийы руаджы ирон аив литературæмæ къахвæндаг амонын стыр хæрзиуæджы хъуыддаг у абоны царды. Ахæм конкурстæ уадзынæй ирон аив литературæйы къæбицмæ хуынхæсджыты нымæц кæй фæфылдæр уыдзæн, уый дызæрдыггаг нæу. Конкурсы архайæг æвзонг фæлтæрæй иу поэт, иу прозаик, иу тæлмацгæнæг куы рацæуа, уæд æрмæст уый дæр стыр амонд уыдзæн. Фысджыты `хсæн конкурс фæстаг рæстæджыты кæцы æнусы уагъд æрцыд, уый адæймаг хъуыды дæр нал кæны. Ис нæм зæрдæргъæвд кæстæртæ, астæуккаг кары фæсивæд, фыццаг къахдзæфтæ чи кæны ахæмтæ. Уыдонылчи тыхсы, семæ чи кусы, чи сыл ауды, уыдонæн сæ цæрæнбон бирæ.

КОЛЫТЫ Витали, поэт, публицист, прозаик, «Мах дуг»-ы дунеон премийы фыццаг къæпхæны лауреат поэзийы номинацийы:

– Мæ фыццаг æмдзæвгæтæ журнал «Мах дуг»-ы рацыдысты 1977 азы, ирон филологийы факультеты фыццаг курсы студент куы уыдтæн, уæд. Журнал мæ къухмæ куы райстон, уæд мæ риуы уыйбæрц æнкъарæнтæ сæвзæрд, æмæ мæ къæхтæ мæ быны зыр-зыр кодтой. Уæдæй нырмæ цас рæстæг рацыд, ныр аскар дæн, фæлæ мæ ном «Мах дуг»-ы лауреатты номхыгъды куы фехъуыстон, уæд та мæ риуы кæддæры æнкъарæнтæ сног сты.

ХУЫГАТЫ Сергей, поэт, прозаик, тæлмацгæнæг, «Мах дуг»-ы премийы фыццаг къæпхæны лауреат прозæйы номинацийы:

– Куыд тынг ахсджиаг у абон ахæм мадзал расидын, куыд бæрзонд систой нæ фысымтæ ирон æвзаг æмæ литературæйы рæзтыл кусæг æмзиууонты нæмттæ, сæ кад! Журнал «Мах дуг»-ы преми ссис нæ иудзинады æмæ хæлардзинады бон! Бузныг зæгъын редакцийы кусджытæн æмæ, сæ фарсмæ чи балæууыд, уыдонæн.

ГОДЖЫЦАТЫ Нæирæ, прозæйы номинацийы лауреат:

– Ирон æвзаджы бæрæгбон! Афтæ схонæн ис, «Мах дуг» цы диссаджы мадзал сарæзта, уымæн. Ирд, хъæлдзæг, цымыдисон, мидисджын, бирæвæрсыг. Алæмæттаджы бæрæгбон нын балæвар кодтой нæ фысымтæ. Хистæрæй-кæстæрмæ, цæгатæй-хуссармæ – алкæй дæр барæвдыдтой æмæ сын ссардтой сæ нæмттæ. Мæнмæ дæр æрхауд ирон æвзаджы къæбицæй хуын, æмæ уымæй мæхи нымайын амондджыныл.

Ахæм арфæтæ, фæндиæгтæ, ныстуантæ ма ноджыдæр ис. Æмæ уыдзæн, кæд зындгонд поэт Икъаты Владимиры рæнхъытæ «Мæ фидæн мæм, иронау дзургæ, худы!», зæгъгæ, уыдон нæ царды æмбæлгæ бынат ахсой, уæд…

# ХОРЗЫ БАЦАУЫН – АМОНД!



*Мæ зынаргъ æмбæстонтæ, мæ уарзон адæм! Нæ иумæйаг цины бæрæгбоны фæдыл уын зæрдиагæй арфæ кæнын! Рацæудзысты азтæ, æмæ 10 февраль баззайдзæн историйы, куыд журнал «Мах дуг»-ы бындурыл арæзт фыццаг Дунеон литературон премийы бон.*

*Мæн тынг фæндыд, нæ иудзинады бон уемæ куы уыдаин, уый, фæлæ, хъыгагæн, алкæд нæ фæндтæ нæхицæй аразгæ нæ вæййынц. Нæ басусæг кæндзынæн, мæхи амонддзыныл кæй нымайын, ацы арфæйаг хъуыддагмæ æз дæр ме ‘вæрæн кæй бахастон, уымæй. Уырны мæ, уæхски-уæхск æрбалæугæйæ, нæ къухы ноджы фылдæр кæй бафтдзæн!*

*Зæххыл мадæй зынаргъдæр ницы ис. Уый нын ратты цард, бафтауы ныл базыртæ æмæ нæ рахоны царды уæрæх фæндæгтæм. Дунейыл цы адæмыхæттытæ ис, уыдоны ‘хсæн æрмæст ирон адæймаг хоны йе ‘взаг мадæлон. Æмæ йын кад кæнын дæр, куыд ныййарæгæн, у нæ алкæй хæс!*

*Арфæ кæнын премийы лауреаттæн, йæ архайджытæн, нæ бæллиццаг фидæнæн нын ныфс чи дæтты, уыцы курдиатджын фæсивæдæн! Бузныг зæгъын, ацы хъуыддагмæ йе ‘вæрæн чи бахаста, уыдонæн се ‘ппæтæн дæр.*

*Мæн уырны, абон иумæ цы нæмгуытæ байтыдтам, уыдон фидæны нæртон тыллæг кæй ратдзысты æмæ ирон адæмæн, куыд нацийæн, æвдадзы хос кæй фæуыдзысты!*

*Уæ хæрзтæм бæллæг ДЖУССОЙТЫ Альберт*

# ФАРНТАУДЖЫТÆ

Мадæлон æвзаг алы адæймагæн дæр адджын у! Гуырын кæны уарзондзинад æрмæстдæр мады æвзагмæ нæ, фæлæ райгуырæн бæстæмæ дæр. Журнал «Мах дуг» йæ фыццаг рауагъдæй абонмæ хæссы адæмæн ирон литературон дзырды фарн, зонын кæны нæ хуыздæр фысджыты уацмыстимæ, аивад æмæ фольклоры хæзнатимæ, тауы дзыллæйы астæу бæрзонддæр идейæтæ – гуманизм, уарзондзинад, æгъдау, патриотизм æмæ намыс.

Ирон сфæлдыстадон интеллигенцийæн журнал «Мах дуг» уыдис æмæ у сæ сæйраг фæзуат. Ам мыхуыр кæнынц сæ литературон æмæ наукон куыстытæ, хæссынц сæ хъуыдытæ адæмы рæгъмæ.

Нæ республикæйы разамонджытæ аразынц бирæ мадзæлттæ, цæмæй иу рауагъдад дæр æхгæд ма æрцæуа, цæмæй кусой театртæ, радио, телеуынынады дзурой мадæлон æвзагыл. Ис программæтæ, кусы къамис мадæлон æвзаджы райрæзты фарстатыл æмæ афтæ дарддæр.

Нæ вазыгджындæр хæс у, цæмæй нæ кæстæр фæлтæр зоной æвзаг, ахуыр æй кæной, кæсой чингуытæ, газеттæ æмæ журналтæ.

Нæ `ппæты дæр аразын хъæуы алыхуызон мадзæлттæ æвзаг хуыздæр базоныны тыххæй. Æмæ уыцы мадзæлттæй иуæн мах абон стæм æвдисæнтæ – журнал «Мах дуг» цы конкурс сарæзта, уымæн. Ахæм конкурстæ ахъаз сты мадæлон æвзаджы райрæзтæн.

Нæ республикæйы разамонæг Сергей Меняйло, Тугъанты Ларисæ æмæ мæхи номæй уе `ппæтæн дæр арфæ кæнын – конкурсы бирæ архайджытæн, номинанттæн, йæ саразынæн чи баххуыс кодта, уыдонæн.

Стыр бузныг мæ фæнды зæгъын журналы редакцийы кусджытæн. Сымах стут æцæг профессионалтæ, æмæ уæ куыстæй райгонд ут кæддæриддæр. Бирæ уын бантысæд, æмæ, уæ разы цы хæстæ æвæрут, уыдон æнæмæнг сæххæст уæнт! Арфæйаг ут!

*Хицауады сæрдары хæдивæг БОКОТЫ Эльбрус*

# ИРЫСТОН ÆМÆ ЦÆЦÆН: КУЛЬТУРОН БАСТДЗИНÆДТÆ

*Æнусты дæргъы алы адæмыхæттыты `хсæн хæлардзинады бастдзинæдтæ фидар кодтой культурæйы минæвæрттæ канд литературæйы нæ, фæлæ киноаивады æххуысæй дæр. Уымæн ирд æвдисæн уыд Ирыстоны иузæрдион хъæбул Уататы Бибо æмæ цæцæйнаг артист Дагун Омаевы æфсымæрон цæдис. Уæ размæ хæссæм, 2017 азы Дзæуджыхъæуы Цæгат Кавказы телевизион кинойы 50 азы юбилейы Дагун цы хъуыдытæ загъта, уыдон:*

– Ирыстонмæ ацы хатт æрцыдтæн 9 майы. Мæ хуыздæр æрдхорд Уататы Бибо йæ цардæй куы ахицæн, уыцы бон. Ирыстонæн æмæ мæнæн дæр – фыдуацы бон. Бибо мæнæн æфсымæрау уыд…

Кино Ирыстоны фæзынд æрмæстдæр Æгъуызарты Æхсарбеджы удуæлдай архайды руаджы. Сæрыстыр дæн, йемæ зонгæ кæй уыдтæн, уымæй. Диссаджы адæймаг, æнæ кинематограф ын цард ад дæр нæ кодта. Дæсны разамонæг, фыссæг, сценарист. Немæ-иу киноисæн фæзы уыд, архайдта алкæмæн дæр æмбæлгæ куысты уавæртæ аразынил. Æмæ йын æнтысгæ дæр кодта. Адæм та йын дзуапп лæвæрдтой, сæ хъарутыл кæй нæ ауæрстой, уымæй.

Йæ рæстæджы мын фатер лæвæрдтой Ленинграды, Мæскуыйы, Дзæуджыхъæуы (уæды Ной Буачидзейы уынджы, Уатайы-фырт кæм цард, уыцы хæдзары). Не сразы дæн, цæрын æмæ кусын мæ фæндыд æрмæстдæр Грознайы. Мæ уыцы тырнындзинадыл æрфæсмон кодтон, хæст нæм куы райдыдта, уæд. Уæззау цæфтæ ныл сæмбæлд. Бомбæтæ куы калдтой, уæд æз контузи райстон, ме 'фсинæн та йæ сæр фæцæф. Бибо нæ фарсмæ балæууыд – Дзæуджыхъæуы рынчындоны йын бынат ссардта, уый фæстæ дæр нын æххуыс кодта.

«Костры на башнях», зæгъгæ, уыцы кинонывы мæхъхъæлоны куы ахъазыдтæн, уæд мæ кæдæм нæ хуыдтой – Финляндимæ, Германмæ, Чехословакимæ, Астæуккаг Азимæ. Уæд райдыдтон иннæ киностудитимæ кусын дæр. Фæлæ тынгдæр мæ ном айхъуыст, цæгатирыстойнаг студийы кинонывы «Жизнь, ставшая легендой»-ы Дзæрæхохты Хадзы-Мураты фæлгонцы куы бацыдтæн, уæд. Абоны онг дæр уый у мæ тæккæ зындæр рольтæй иу. Бирæ хъару схардз кæнын мæ бахъуыд –

Николай Ващилин, Уататы Бибо, Владимир Кодинцев æмæ Дагун Омаев киноныв «В чёрных песках»-ы архайгæйæ, 1968 аз



зын уыд сæйраг хъайтары фæлгонц уырнинагæй, рæстагæй равдисын. Хъуыды ма йæ кæнын, Зилгæйы нартхоры быдырты Мексикæ куыд сарæзтам, уый – Ялтæйæ пальмæтæ æрбаластам æмæ сæ уым ныссагътам. Манчжури Дзæуджыхъæуы сарæзтам, Аляскæ – Бæрзæфцæгыл.

Киноныв «В черных песках»-ы мæм фыййауы роль æрхауд Уататы Бибойы руаджы, кæд уыцы рæстæг зонгæ нæма уыдыстæм, уæддæр. Куыст йæ тæмæны уыд, афтæ разамонджытæ сæйраг хъайтары фæлгонц аразæджы баивыны зондыл ныллæууыдысты. Гъемæ Бибо мæ кандидатурæ бахаста. Уый фæстæ куыд базыдтон, афтæмæй Хадзы-Мураты рольмæ йæхи фæлвæрдта, дæтгæ та йæ мæнæн ракодтой. Æмбарут хабар? Уыцы рæстæг адæм бынтон æндæр уыдысты – ныртæккæ, æвæццæгæн, ахæм хъуыддагæн уæвæн нал ис, конкуренци нын нæ адæймагон миниуджытæ аныхъуырдта.

Ацы кинонывыл кусгæйæ, Бибоимæ кæрæдзи фыццаг хатт федтам. Диссаг цы уыд? Куыддæр киноисæн фæзмæ рацыдтæн, афтæ кæрæдзийæн ныхъхъæбыс кодтам, раст цыма рагон хæлæрттæ уыдыстæм. Уый фæстæ æрмæст нæхæдæг нæ, фæлæ ма нæ мадæлтæ дæр бахæлар сты. Диссагдæр ма цы уа – мæ мад иунæг уырыссаг ныхас дæр нæ зыдта, Бибойы мад та цæцæйнагау не ‘мбæрста, уæддæр сын сæ зæрдиаг ныхас нæ баурæдтаис!



Цæгат Кавказы телевизион кинойы 50 азы юбилейы

Нæ куыстæн адæмы уарзондзинадæй, уыдон дын кад куы кæной, уымæй стырдæр æвдисæн нæй. Фæлæ дæ цас фылдæр уарзой, уыйас адæмы раз дæ бæрнондзинад дæр фылдæр у. Зын у фыдгæнджыты рольты хъазын, адæм дæ æвæрццæг хъайтарæй куы базоной, уæд. Иу спектаклы наркобароны ахъазыдтæн. Цынæ мæ хъустыл æрцыд! Дагун Омаев, дам, сывæллæтты халы. Æнкъарæнджын сты нæ адæм, æппæрццæг фæлгонцтæ аразын Цæцæны зын у.

Мæхи юбилеймæ мæ æппындæр не ‘вдæлы. Уымæй мæ ахсджиагдæр хабæрттæ ис. Туркмæ цæуын. Кинонывв «Тэли и Толи» туркаг, англисаг æмæ немыцаг æвзæгтæм раивтой æмæ мæ Туркмæ премьерæмæ фæхуыдтой. Уый фæстæ цæцæйнаг театримæ гастрольты уыдзынæн Мæскуыйы, æвдисдзыстæм «Выше гор». Уыцы спектаклы ролы хъазгæ нæ, фæлæ, зæгъæн ис, цæргæ кæнын.

Кинонывты та «уыдтæн» сомихаг, гуырдзиаг, азербайджайнаг, казахаг, туркменаг, кæсгон, мæхъхъæлон, фæлæ æппæтæй фылдæр – ирон. Режиссер Александр Амировы комеди «Тэли и Толи»-йы дæр ироны ахъазыдтæн. Челæхсаты Бадзийы роль мын æрхаста «Хуыздæр нæлгоймаджы ролы тыххæй» хорзæх.

*Дагун ОМАЕВ, Цæцæн адæмон артист,*
*Цæгат Ирыстоны, Кæсæг-Балхъары æмæ Абхазийы сгуыхт артист,*
*Уæрæсейы адæмон артист*

*ЦГЪОЙТЫ Хазби*

# УЫЦЫ УÆЗЗАУ БОНТÆ…

## ГАГЛОЙТЫ РУТЕН

Гаглойты Рутенæн йæ фæсномыг уыд Музукк Сидæйнаг. 1987 азы рауагъдад «Ирыстон»-ы мыхуырæй рацыд йæ уацмысты æмбырдгонд «Радзырдтæ, æмдзæвгæтæ, публицистикæ». Æрмæджытæ æрæмбырд кодта, разныхас ныффыста æмæ фиппаинæгтæ сарæзта ирон литературæйы куырыхондæр фысджытæй иу, дзæнæтыбадинаг Гафез. Уый фыссы: «Ирон адæмы ’хсæн Гаглойты Гыбийы фырт Рутен (Андрей) фылдæр зындгонд уыди, куыд зынгæ индзылер, революцийы идейæтæ хæлиугæнæг, æхсæнадон кусæг. Йæ литературон бынтæ, йæ бирæ фыстæджытæ æххæстæй не ‘рхæццæ сты абонмæ. Рагон газеттæ æмæ йын журналты цы уацтæ æмæ аивадон уацмыстæ уыд мыхуыр, уыдон та архивты уыдысты. Æз сæ æрæмбырд кодтон. Ныр ирон чиныгкæсæгæн хуыздæр фадат уыдзæн Рутены литературон бынтимæ базонгæ кæнынæн...»

Вазыгджын æмæ таурæгъон у Гаглойты Рутены цардвæндаг: æвæджиауы арæхстджын æмæ зонджын инженер, поэт, прозаик, публицист, ахуыргæнæг, æхсæнадон кусæг, революцийы разæнгардæй архайæг, Ирыстонæн иузæрдион хъæбул. Йæ ном баст у Ручъы æфцæгыл тъунелы, бирæ хидты æмæ æндæр арæзтæдтимæ. Йæ литературон бынтимæ нæм æрхæццæ йæхи къухæй фыст автобиографи «Мæ цардвæндаг», æмæ йын йæ цардыл, йæ бæллицтыл уымæй хуыздæр ничи радзурдзæн. Æз дзы æрхæсдзынæн скъуыддзæгтæ.

«Æз райгуырдтæн 1888 азы Хуссар Ирыстоны, Уанелы хъæусоветы, Сидæны хъæуы. Мæ фыд Гыби (Нестор) уыд зæхкусæг. Мæ мад – Джиотæй, фæлæ йæ хонгæ Хуыбылон кодтой.

Мæ фыдæн æз уыдтæн фыццаг фырт. Фыццаг уæлыгæс, стæй фыййауæй цыдтæн нæ диссаджы сæрвæтты – Тынты рагъыл, Мыстыхæрæнты, Цъозаджыны, Хъогъеты, Сирнады æмæ æндæр рæтты.

---

*(Райдайæн 2022 азы 1-æм номыры)*

Мæ царды ацы рæстæг мын мæ зæрдæйы сæвзæрын кодта æгæрон уарзондзинад нæ диссаджы æрдзмæ, сæрвæттæм, хæхтæм, кæмттæм. Бæгъæмвадæй фосы фæдыл згъоргæйæ, мæ къæхтæ ныскъуыдтæ сты æмæ арф цъассытау зындысты. Мæ мад-иу мæ æрцахста æмæ-иу мын тыхæй сæрста мæ къахы скъуыдтæ сæгъы сойæ (сывæрвиуæй).

Аст азы мыл куы сæххæст, уæд мæ мæ фыд радта Ручъы хъæууон скъоламæ. Ахуыргæнæгæй дзы куыста хорз ахуыргæнæг æмæ стыр патриот Беджызаты Алекси. Ручъы цардтæн нæ хæстæджытæм – Плитæм. Сæ мад уыд Гагулен, æгъдауджын сылгоймаг æмæ хорз æфсин. Мæн кодтой алы куыстытæм. Иухатт хуымгæнæны æз атылдтæн бырцæй, хъуырау мæ къухы, афтæмæй. Мемæ уыд Плиты чындз, Серон, Регахыхъæуккаг. Мæн ауынгæйæ, Серон фæцъæхахст кодта: «Мæ дурын сæтдзæн, судзгæ бон мæ баййæфта!» Уый тынгдæр уыд йæ доны дурыны мæт, æз та цъæл ныддæн, æмæ мæ туг калди.

Уый фæстæ ахуыр кодтон нæ облæсты хуссар-ныгуылæн хъæутæй иуы – Хъорнисы... Ахуыр кодтон нæхи хъæууон скъолайы, Уанелы дæр, стæй Дзауы дæр. Сæххæст мыл 15 азы, афтæ мæ ахуыргæнджытæ мæ фыдæн бамбарын кодтой, цæмæй мæ радта гимназмæ...

Æз-иу арæх мæхи иртæстон адæмæй: схызтæн-иу уæлхæдзармæ æмæ-иу ахуыр кодтон латинаг æмæ уырыссаг æвзаг, географи æмæ æндæр предметтæ. 1902 азы экзамен радтон Калачы 3-аг гимназмæ. Мæ фыд фыццаг аз бафыста 80 сомы мæ ахуыры тыххæй. Цардтæн иу немыцаг усмæ. Мæ фыд ын хъæуæй хаста цыхт, царв æмæ æндæр продукттæ».

Лæппу афтæ хорз ахуыр кодта, æмæ йæ фыды ахуыргæнæггаг æхца фидын нал хъуыд. 1906 азы гимназ каст фæци сыгъзæрин майданимæ æмæ йын уæлдæр скъолайы йæ ахуыр адарддæр кæныны тыххæй снысан кодтой Кавказаг стипенди 25 сомы.

Гимназы ахуыргæнгæйæ, йе 'ргом аздæхта революцион змæлдмæ, пропагандистон куыстмæ, æмбырд кодта æхцайы фæрæзтæ. Хуссар Ирыстонмæ æппæты фыццаг уый æрбаласта сусæг типографийы шрифт. «Иухатт мæ æрцахстой хъазахъхъаг патрультæ. Фæлæ Гæззаты зæронд Ессейы – милицæйы прапорщикы æххуысæй раирвæзтæн. Дыккаг хатт мæ æрцахста хицауады старшина Эгадзе Ручъы. Уæд æз

революцийы тыххæй Ерманы цæрджытæй æрæмбырд кодтон 45 сомы, фæлæ реакци кæй фæуæлахиз ис, уый тыххæй мæ чидæр банымыгъта æмæ мæ æрцахстой. Фæлæ мæ фыд гæртам радта Эгадзейæн, æмæ Сыбырмæ хастæй фервæзтæн».

Гимназы директор Козюлкин стыр аргъ кодта Рутены зонындзинæдтæн, уæлдайдæр математикæйæ, æмæ уый фæндонмæ гæсгæ 1906 азы бацыд Мæскуыйы университеты физикон-математикон факультетмæ. Уым йæ зæрдæмæ нæ фæцыд, æмæ сфæнд кодта Мæскуыйы Уæлдæр Техникон ахуыргæнæндонмæ бацæуын. 300 бынатмæ дзы фæлварæнтæ лæвæрдтой 1800 адæймаджы. Рутен конкурсы ацыд.

Мæхимидæг ахъуыды кодтон: «Ам математикæ дæр ис, индзылер дæр уыдзынæн æмæ мæ райгуырæн бæстæн дæр исты ахъаз фæуыдзынæн». Каст æй фæци 1913 азы иттæг хорзæй. «Радтой мын индзылер-механичы ном, æмæ, цингæнгæ, цæуын нæхимæ. Куыд раздæры Кавказы стипендиисæг, афтæ мын уыдис стыр горætты кусыны бар, фæлæ мæн йæхимæ ласта райгуырæн къуым: æз нæ тырныдтон мæхи сæрмагонд цард саразынмæ. Мæн фæндыд кусын æмæ исты пайда æрхæссын райгуырæн бæстæн.

Нæ бæстæйы фыццаг стыр æнамонддзинад у æвадатдзинад. Цæгат Ирыстоны фæзмæ рахизæн ис уынгæг ком – Ныхасы нарæгыл. Хуссар Ирыстоны дæр хæхтæй быдырмæ раирвæзæн ис æрмæст Чъехы нарæгыл. Ам æнусты дæргъы хъенæй лæууы стыр даргъ къæдзæх». Уый айгæрдын, фæндаг ыл быдырмæ саразыны хæс райста йæхимæ Рутен. Сæххæст æй кодта 1914 азы, æмæ «хæххонты цинæн кæрон дæр нал уыди».

1914 азы йæ акодтой хæстмæ. 1917 азы æрыздæхт сæрæгасæй, æмæ йын Хуссар Ирыстоны Национ Советы съезды Санахъоты Иван æмæ Джиоты Никъалаимæ бабар кодтой Дзомагъы (Къутыхы æфцæгыл) Цæгатмæ цæлхвæндаг саразын, цæмæй дыууæ Ирæн баиу кæнынæн фадат суа. «Собиты Инал уыцы рæстæджы Калачы куыста, æмæ йæ мæнæй цъусдæр не ‘ндæвта Хуссар Ир, – фыссы Рутен. – Æз Никъалаимæ æнæхъæн мæй баззадтæн Батумы æмæ цыппар вагоны Ирыстонмæ æрбаластам: 1000 путы динамит, 850 путы къæдзæххалæн топпыхос, 700 путы англисаг æндон буртæ аразынæн, бирæ нымæц белтæ, гиркъæтæ, дзæбугтæ, хъæсдарджытæ, куынцдымæнтæ æмæ æндæртæ, – æппæт адон хохыл фæндагæн. Уый уыди 1918 азы».

Уыцы рæстæджы гуырдзиаг меньшевиктæ райтынг кодтой сæ тох. 1920 азы Рутены æрцахстой. Калачы йæ фæдардтой ахæстоны, стæй йæ поезды Кутаисмæ куы фæцæйластой, уæд тæхгæ поездæй агæпп кодта æмæ æрбацыд Хъорнисмæ. Уырдыгæй рахызт Цæгат Ирыстонмæ. Ам ыл чидæр хахуыртæ фæкодта, меньшевикты шпион, дам, у, бастдзинад ын ис Деникинимæ, урсгвардионтимæ. Ныхæстыл тынг баууæндæн кæй нæ уыд, уымæ гæсгæ йæ удæгас ныууагътой æмæ йæ Псковы ахæстоны бамидæг кодтой. Уырдыгæй алыгъд Эстонимæ. 1921 – 1928 азты цард фæсарæнты алы бæстæты. Фæстæмæ куы æрыздæхт, уæд ногæй бавнæлдта нæ хæхтæм фæндæгтæ аразынмæ.

«Райдыдтон та Хохы фæндагыл архайынил фыссын. Афтæ мæм кæсы, цыма æнæ уый уæвæн нæй дыууæ Ирæн дæр. 1929 азы мæ къухы бафтыд ацы фæндаджы цыппар варианты саразын:

1. Ныллæг тъунелимæ Магъы æфцæгыл; 2. Бæрзонд тъунелимæ уыцы æфцæгыл; 3. Æргом трассæимæ уыцы хохыл; 4. Тъунел Ручъы хохы бынты. Ацы фæстаг вариант (иннæ æппæт вариантты иуварс кæнын райдыдта) фыццаджыдæр æз раразмæ кодтон. Уый уæды онг литературæйы никуы зынд...

1930 азы куы бантыст æхцайы фæрæзтæ рауадзын кæнын хохы сæрты «Зæрæмæг – Уанелы» автотрассæ аразынæн, уæд æз кусын райдыдтон Бæгъиаты суары цур, Ручъы æфцæгмæ фæндагыл. Кусджытæн сарæзтон æртæ хæдзары, тъунелы размæ баластон 1000 хъæды æмæ фидæны тъунелæн йæ фыццаг цъар. 1930 азы Хуссар Ирыстоны Октябры бæрæгбон куы бæрæг кодтой, уæд Октябры цытæн Ручъы тъунелы фыццаг æхст мæхæдæг фæкодтон.

Цы ма мын бантысдзæн дарддæр саразын, уый рæстæг фенын кæндзæн...»

Автобиографийы æвæрд ис 1932 азы 1 сентябрь. Хъыгагæн, уый фæстæ ногæй урæд æрцыд фæндаджы арæзтад. Рутен та куыста фабрик-заводы ахуыргæнæндоны ахуыргæнæгæй: фæсивæдæн амыдта техникæ. Фæстæдæр та институты каст лекцитæ физикæйæ. Фæлæ йын хъысмæтæй бирæ цæрыны рæстæг нал уыд – 1937 азы сæ кæнон бакодтой ирон адæмы цыфыддæр знæгтæ, йæ хорз фæндтæ æмæ бæллицтæ йын йемæ мæрдтæм барвыстой.

Рутен йæ литературон уацмысты арæхстджынæй пайда кодта ирон адæмы хъæздыг æвзаджы миниуджытæ æмæ æуууæлтæй. Уымæн æв-

дисæн сты, йæ царды тыххæй фыст уацæй цы скъуыддзæгтæ æрхастон, уыдон дæр. Дæсны уыд æрдзон нывтæ, адæмы удыхъæды хицæндзинæдтæ æвдисынмæ. Фыста æмдзæвгæтæ æмæ радзырдтæ. Уыдон мыхуыры цыдысты Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны газетты, уæлдайдæр та газет «Ног цард»-ы. Йæ хуыздæр уацмыстæ сты диссаджы аив фыст радзырдтæ «Дыууæ фæндаджы», «Цард», «Хъаст», «Теман голладжы нæ сусæг кæны», «Намыс» æмæ æндæртæ.

Гаглойты Рутены рухс ном рох нæу абоны фæлтæртæй. Баст у Ручъы хохы бынты тъунелимæ, йæ литературон бынтимæ. Уыдон æй адæмы зæрдыл лæууын кæнынц æдзухдæр. Сæххæст ын кодтой йæ рагон бæллиц:

*Уымæй мæ тынгдæр цы ’ндавы,*
*Карздæр цы хорзыл кæуын:*
*Сихор куы хæрин æз Дзауы,*
*‘Хсæвæр – Дзæуджыхъæуы.*

# ГАГЛОЙТЫ ЦУЦУКК

«Фурд чысыл къадатæ, суадæттæ æмæ цæугæдæттæй рæзы, – фыссы Гафез, 1962 азы Цуцуккæн (Ефремæн) Хуссар Ирыстоны цы чиныг – «Хъуыдыты базыртыл» – рацыд, уый разныхасы. – Литературæ дæр афтæ у. Къоста йæхæдæг стыр æмæ тыхджын хæххон цæугæдон у. Уымæ бафтыд бирæ рæсуг суадæттæ, чысыл къадатæ, тæлтæг æхсæрдзæнтæ æмæ знæт комы дæттæ. Уыдонæй сæвзæрд стыр фурд – нæ абоны ирон литературæ.

Ирон литературæйы тæлтæг суадæтты æмæ æхсæрдзæнты мах хорз зонæм. Уыдон нуазынц адæм, æмæ чиныгкæсджытæн хæссынц æхцонад. Фæлæ мах арæх рох кæнæм, кæддæр, фæсвæд, тар хъæды кæнæ хуссары æртахгай чи цыди, цæссыгау рæсуг чи уыд, уыцы чысыл суадæтты, къадаты.

Куыд ис рохгæнæн Санахъоты Никъалайы радзырдæн «Дон – йæ бæх, калм – йæ ехс», зæгъгæ, Дзаттиаты Алыксандры радзырдтæ «Хæсты быдыры» æмæ «Уад»-æн, Дзасохты Уасилы радзырдтæн: «Натæ» æмæ «Сырхауоны къæдзæх»-æн, Гаглойты Рутены миниатюрон радзырдтæн æмæ политикон æмдзæвгæтæн, Быдтаты Агуыбейы, Хуызмиаты

Аслæнбеджы, Гулиты Ефимы радзырдтæ, æмæ ма бирæ курдиатджын адæймæгты уацмыстæн?

Адон нæ уыдысты профессионалон фысджытæ. Чи сæ политикон разамонæг уыд, чи – ахуыргæнæг, чи – индзылер, чи та – цы. Фæлæ сæ уацмыстæ уыйбæрц аив æмæ дæсны фыст сты, æмæ сæ, иуæй, чиныгкæсæг тынг æхсызгонæй бакæсдзæн, иннæмæй та, фыст кæд æрцыдысты, уыцы рæстæджы сæ тематикæ, идейæтæ æмæ аивадæй ахадæндæр кæнынц ирон литературæйы истори...

Цуцукк (Гаглойты) йæхи фыссæг никуы хуыдта. Сæйраг ын уыд службæ, æхсæнадон, политикон куыст. Фæлæ йын ацы чысыл чиныджы цы радзырдтæ ис, уыдон бæрæг кæнынц, уæлдæр цы «æнæном фысджыты» кой кодтон, уыдонау Цуцуккмæ дæр уыд нывгæнæджы курдиат æмæ арæхстдзинад. Æрмæст уый æххæст нæ райтынг. Уалдзыгон зæхх митæй куы фервæзы æмæ иугай таутæ куы суадзы, раст афтæ Цуцуччы курдиатæй дæр сирвæзтысты ацы къорд уацмысы».

Гаглойты Григолы фырт Цуцукк (Цуцукк Къусджытаг) райгуырд 1899 азы Калачы. Йæ сабибонтæ дæр арвыста уым. Сæрды-иу æрбацыд сæхимæ, хохмæ Къусджытæм (Дзауы районы, Уанелы хъæусовет). Ахуыр кодта Гур æмæ Калачы гимназты. Уый фæстæ 1929 – 1934 азты каст фæци Мæскуыйы хæдзарадон кусджыты Академи, 1935 – 1937 азты та ахуыр кодта Сырх профессурæйы аграрон институты. Коммунистон партийы рæнхъытæм бацыд 1917 азы. Кодта революцион куыст. 1918 – 1921 азты архайдта Хуссар Ирыстоны ссæрибарыл тохты. Уыд Дзæуджыхъæуы æмæ Дагестаны контрреволюцийы ныхмæ тохгæнæг оргæнты уæнг. Фæстæдæр æй сæвзæрстой партийы Хуссар Ирыстоны политбюройы разамонæгæй. 1922 – 1937 азты куыста Хуссар Ирыстоны, Калачы æмæ Мæскуыйы бæрнон бынæтты.

Уыцы иу рæстæг кодта литературон куыст дæр – фыста æмдзæвгæтæ, радзырдтæ, пьесæтæ, боныгтæ. Йæ уацмыстæ мыхуыры цыдысты газеттæ «Кермен», «Хурзæрин» («Советон Ирыстон»), журнал «Фидиуæджы». 1934 азы йын рацыд чиныг «Колхозон æвзар». 1920 азы революцион сыстадыл ныффыста поэмæ «Æрсдон». Йæ фыццаг хай мыхуыры рацыд газет «Коммунист»-ы. Гаглойы-фырт ныффыста иу къорд пьесæйы дæр. Уыдонæй зынгæдæр уыд «Айдарты Знауыр». Фæлæ йæ 1937 азы куы æрцахстой, уæд пьесæ дæр цыдæр фæци.

Цуцукк хорз арæхст очерктæ фыссынмæ дæр. Бирæ уацтæ ныффыста хъæууон хæдзарад æмæ культурæйы фарстатыл. Йæ уацмысты æвзаг у фæлгонцджын, аив, нуарджын.

# ГАТУТЫ ДЗАХО

Æртынæм азты дыккаг æмбисы Мæскуыйы, Ленинграды æмæ æндæр стыр горæтты «æргом кæнын æмæ ахсын» райдыдтой «антисоветон хотыхджын организацитæ». Цæгат Ирыстоны АССР-ы НКВД-йы кусджытæ цæмæй центрæй фæсте ма аззадаиккой, ууыл сагъæс кæнгæйæ, сæхицæн бынат нал ардтой. Афтæ рауад нæуæдзæм азты дæр. Бæстæйыл айхъуыст «Узбекаг хъуыддаг». Мыхуыр, телеуынынад æмæ радиойы æндæр ныхас нал уыд. Хурмæ калдтой Узбекистаны стыр бынæтты кусæг адæймæгты сусæг хъуыддæгтæ. Æмæ уæд нæ республикæйы уæды прокурор, партийы обкомы фыццаг секретарь дæр сæхи истæмæй равдисын сфæнд кодтой. Уыдон дæр æрымысыдысты «ирон мафи» æмæ уидзын райдыдтой, бæрнон бынæтты кусæг ирæттæй сæ зæрдæ чысыл дæр кæмæ къæпп кодта, уыдоны. Суанг обкомы секретары дæр. Нæ зонын, уыцы рæстæг кæй æрцахстой, уыдонæй æцæг аххосджын чи æмæ цас уыд, уый, алкæмæн дæр йæ намыс – йæ тæрхонгæнæг, фæлæ сæ суæгъд кодтой. Ахæстæй фервæзтысты рацарæзты фæрцы.

Æндæр уыд æртынæм азты рæстæг. Дæ фыдгулыл НКВД-йы кусджытæ сæ цæст æрæвæрдтаиккой. Сар йæ сæр кодта. Сæ фыдвæнд сæххæст кодтой 1937-æм азы дæр – æрымысыдысты, цыма, республикæйы ис антисоветон сусæгкуыстгæнæг гæрзифтонгæй сыстынмæ цæттæ рахизон националистон организаци. Æмæ, кæй зæгъын æй хъæуы, йæ сæргъы хъуамæ лæууа ахуыргонд, арæхстджын революционер, ирон адæмы ’хсæн йæ хорз хъуыддæгтæй зындгонд чи у, кад кæмæн кæнынц, ахæм адæймаг. Цыбыр ныхасæй, адæмы сæргъы чи æрлæууа, ахæм! Цæмæй сæ мæнгард æмæ фæливæн фыдгæнд бауырнинаг уа.

Ирыстон лæгхъуаг никуы уыдис, æмæ уыдонæй иу – Гатуты Алексейы фырт Дзахойæн (Константинæн) йæ хал схаудта. Æрымысæггаг æфсон, – цыма раздæр æнаххосæй кæй амардтой, уый – Гæцойты И. Т. – бацамыдта, Дзахо цы куыстгæнæг у, йæ цардæмбал Зыгъуытаты

Фатимæимæ цы хъавынц, уыдæттæ. Уый тыххæй æрымысыдысты, Гæцойы-фырты 1937 азы 2 ноябры фарстытæн дзуаппыты чи нæй, ахæм протокол.  «Уырдыгæй систой», сæхæдæг кæй æрхъуыды кодтой, ахæм цъыфкалæнтæ. Уый фæдыл газет «Социалистическая Осетия»-йы 1991 азы 1 февралы номыры Цæгат Ирыстоны ССР-йы Паддзахадон Æдасдзинады Комитеты кусæг Туаллæгты А. фыссы: «Составитель обвинительного заключения Полянский записал просто: на основании изложенного обвиняется: «Гатуев Константин (Дзахо) Алексеевич в том, что: 1. является активным участником антисоветской правонационалистической террористической организации; 2. состоял в террористической группе в Москве; 3. занимался вербовкой в организацию и террористическую группу; 4. вредил в литературе, восхвалял в ней врага народа Троцкого». Такое ничем не аргументированное клеветническое обвинение было утверждено наркомом внутренних дел СО АССР Миркиным и помощником Главного прокурора РККА Шульцем».

1938 азы 13 июлы фехстой Гатуты Дзахойы. Уымæн æвдисæн уыд йæ цардæмбал дæр, бадтысты иу ахæстоны. Фатимæйæн та тæрхон рахастой фондз азы ахæстоны фæбадын æмæ йæ йæ æнахъом фыртимæ ахастой Мордовийы лагерьмæ. 1942 азы 17 ноябры суæгъд, фæлæ йын Ирыстонмæ сыздæхыны бар нæ радтой æмæ 1952 азы амард Владимиры облæсты горæт Александровы.

1956 азы 14 январы ССР Цæдисы Сæйраг тæрхондоны æфсæддон коллеги, 1938 азы 13 июлы тæрхон раст нæ уыд, зæгъгæ йæм хъæстытæ кæй цыд, уымæ гæсгæ йæм æркаст æмæ йæ аивта, уымæн æмæ сбæрæг: «Цæгат Ирыстоны антисоветон буржуазон-националистон организаци нæ уыд», æрхъуыды йæ кодтой Цæгат Ирыстоны АССР-йы НКВД-йы раздæры кусджытæ Миркин, Шестаков, Городниченко, Полянский æмæ иннæтæ. Афтæ сбæрæг Гатуты Дзахо æмæ Фатимæйы рæстдзинад.

Гатуты Дзахо стыр курдиаты æмæ бирæвæрсыг зонды хицау уыд. Йæ литературон уацмыстæ фыста уырыссаг æвзагыл. Райгуырд 1892 азы горæт Дзæуджыхъæуы ахуыргæнæджы хæдзары. 1912 азы каст фæцис гимназ æмæ ахуыр кæнынмæ бацыд Мæскуыйы университетмæ. Уым архайдта студентты марксистон къорды. Сæрды мæйты та-иу С. М. Кировы разамындæй большевикон литературæ хæлиу кодта æфсæнвæндаджы æрма-

дзты æмæ цинчы заводы кусджыты ’хсæн. 1917 азы февралы революци йæ æрæйййæфта Мæскуыйы, октябры архайдта Мæскуыйы æдгæрзтæ сыстады. Уыцы азы кæрон æрыздæхт Ирыстонмæ æмæ архайдта Дзæуджыхъæуы Советы куысты. Куыд газет «Горская жизнь»-ы уацхæссæг, афтæ архайдта Терчы зылды адæмты съезды Пятигорскы. Урсытæ Дзæуджыхъæу куы бацахстой, уæд йæхи æрæмбæхста Чырыстонхъæуы.

1920 азы Гатуйы-фырт уыд Терчы-Кавказы РОСТА-йы (Уæрæсейы телеграфон агентады) хайады сæргълæууæг, Терчы облæсты литературон комитеты уæнг, Терчы облæсты политрухсады сæрдары хæдивæг, 1921 – 1923 азты – Хæххон ССР-йы Наркомпросы аивадон хайады сæгълæууæг. Уыцы азты стыр æргом здæхта театрмæ, æппæт культурон хъæппæристæм, ахъаз кодта сфæлдыстадон тыхты рæзтæн. 1923 азы цард Ростовы – уæды Цæгат Кавказы зылды административон центры. 1925 азы Дзахо сси Хурыскæсæны адæмты Институты Кавказы хайады аспирант. Уыцы рæстæджыты зæрдиагæй ахуыр кæны Кавказы истори, пысылмон дин, архайы Цæцæн-Мæхъхъæл æмæ Ирыстонмæ экспедициты.

1928 азы Гатуты Дзахо кусын райдыдта Хурыскæсæны адæмты коммунистон университеты, ахуыр кæны хохæгты национ-ссæрибарады змæлды истори. Йæ фыццаг иртасæн куыстытæ «Империя Узуна-Хаджи» æмæ «Августовское восстание» мыхуыргонд æрцыдысты журнал «Революционный Восток»-ы. Уыдонæй уæлдай ма 1930 – 1934 азты журнал «Народный учитель» æмæ 1935 – 1936 азты журнал «Наши достижения»-йы мыхуыр кодта Ирыстоны, Мæхъхъæлы æмæ Цæцæны цардыл фыст радзырдтæ, очерктæ. Журнал «Наши достижения» уыцы рæстæг редакци кодта М. Горький. Уый йе ’ргом здæхта Дзахойы сфæлдыстадмæ, арæх æмбæлдысты. Ростоваг фыссæг Павел Максимовæй М. Горький йæ иу фыстæджы куры, цæмæй йын уый рарвита Гатуйы-фырты чиныг «Зелимхан».

Гатуты Дзахо афтæ хорз сахуыр кодта æмæ базыдта, йæ зæрдæмæ айста Цæгат Кавказы адæмты цард, æгъдæуттæ, культурæ, истори, афтæ хорз æмæ аивæй сæ равдыста йæ уацмыстæ «Зелимхан», «Ингуши», «Империя Узуна-Хаджи», «Гага-аул», «Дикала-замана», «Стакан шейха»-йы, æмæ ссис ацы адæмты алкæй фыссæг дæр, «Зелимхан» та сын у стъолылдаргæ чиныг. Йæ сæйраг хъæбатыр – цæцæйнаг абы-

рæг, адæймаджы сæрибар цардыл тохгæнæг. Ацы уацмысмæ гæсгæ æртынæм азты ист æрцыд киноныв «Зелимхан». Сценарийы автор – Дзахо йæхæдæг. Киноныв æнтыстджынæй æвдыстой нæ бæстæйы æмæ суанг фæсарæнты дæр.

Уыдонæй уæлдай ма ныффыста пьесæ «Сад» (1934), очерктæ «Куртатинское предание», «Кавцинк», «Гизельстрой», «Перевалы», «Два праздника» æмæ æндæртæ. Бирæ рæстæг куыста ирон Даредзанты таурæгътыл, ратæлмац сæ кодта уырыссаг æвзагмæ. Радта сын иумæйаг сæргонд «Амран», афтæмæй сæ 1932 азы мыхуыры рауагъта ССР Цæдисы Зонæдты Академийы рауагъдады.

«Его многочисленные записи и переводы осетинского фольклора в прозе и в стихах представляют большую ценность для читателей наших дней. Автор проделал значительную исследовательскую работу в области истории Северной и Южной Осетии, поднял ценнейшие документы, подобно тому, как в далекие времена описываемые им «оссы» впервые добыли в недрах гор несметные сокровища и подарили их потомкам. Писатель-«рудокоп» Дзахо добыл в недрах истории своего народа предания, легенды, были, повествующие о борьбе трудовых людей за счастье», – фыссы Б. Шелепов. Кæм сты, цымæ, уыцы фыссæг цы куыстыты кой кæны, уыдон? Афон у курдиатджын фыссæг æмæ ахуыргонд Гатуты Дзахойы литературон бынтæм биноныг æркæсынæн, мыхуыры сæ рауадзынæн…

## ДЗАТТИАТЫ АЛЫКСАНДР

20-æм азты гуырдзиаг меньшевиктæ Хуссар Ирыстоны сæргой куы фæкодтой, арт ыл куы бандзæрстой, уæд уыцы зын комкоммæ йæ удыл чи бавзæрста, уыдонæй иу уыд Дзаттиаты Алыксандр. Бавзæрста уæлæнгай дзырд у, уымæн æмæ уыд меньшевиктимæ тохы растады политразамонджытæй иу. 1920 азы йæ сæвзæрстой Хуссар Ирыстоны революцион комитеты уæнгæй. Уыцы аз 8 июны Округон комитеты æмæ Ревкомы номæй Хуссар Ирыстоны расидт Советон хицауад. Фæлæ бирæ рæстæг нæ ахаста. Гуырдзыйы меньшевиктæн æнæ уый дæр Хуссар Ирыстонмæ сæ дæндæгты къæс-къæс цыд. Ныр ыл алырдыгæй æрхъула кодтой, бырстой, Советон хицауад, ирондзинад дзы ныххуыдуг кæнынмæ. Æмæ сын бантыст. Хуссар Ирыстоны хъæутæ фестадысты

арты цæхæр, сæ цæрджытæ та – лигъдæттæ. Адæм лыгъдысты Цæгат Ирыстонмæ, се 'фсымæртæ æмæ хотæм. Уыцы хъуыддаджы дæр сын хъуыд зонджын разамонæг. Хæддзуйæ ницы хъуыддаг арæзы, æмæ лидзæг адæмæн сæ тыхст хъысмæты иудадзыг сæ уæлхъус чи уыд, йæ ныфсы ныхас æмæ æххуысæй сын сæ зындзинад чи рогдæр кодта, уыдонæй иу уыд Дзаттиаты Алыксандр.

Цæгат Ирыстоны цæргæйæ, уый æвзæрст æрцыд Терчы облпарткомы уæнгæй æмæ Терчы облæсты ЦÆК-ы уæнгæй. Хуссар Ирыстонæй рацæуæг раволюцион æфсæддон къордимæ архайдта Бургъустаны тохты, уыд æфсæддон бригады партион разамонæг. 1928 азы ССР Цæдисы Революцион Æфсæддон Совет ын йæ хъæбатырдзинады тыххæй саккаг кодта Сырх Тырысайы орден.

Гуырдзыстоны Советон хицауад куы фæуæлахиз, уæд Алыксандр куыста Хуссар Ирыстоны облæстон партион комитеты секретарæй, уыд Гуырдзыстоны КП-йы ЦК-йы уæнг, Гуырдзыстоны ЦÆК-ы уæнг, Фæскавказы ЦÆК-ы уæнг, ССР Цæдисы ЦÆК-ы уæнг. Æхсæнадон хъуыддæгтыл зæрдиагæй архайгæйæ, Дзаттийы-фырт арæх цыд Калак æмæ Мæскуымæ. Ног цардарæзты къуырцдзæвæнты тыххæй йæ хъуыдытæ уæндонæй, æргомæй дзырдта æмбырдты. Уыцы рæстæг фæных Берияимæ. Алыксандр басыгъд комкоммæ уый фыдæхæй. Мæскуымæ йæ куы раивтой, уæд куыддæр йæ ныхас цæуын райдыдта, афтæ йæ æрцахсын кодта. Алыксандр амард ахæстоны 1942 азы, йæ ном та сси таурæгъты дзуринаг.

Ирон адæмы номдзыд фырт, зынгзæрдæ революционер, партион разамонæг æмæ курдиатджын фыссæг Дзаттиаты Михелы фырт Алыксандр райгуырд 1891 азы Хуссар Ирыстоны хæххон хъæу Сыбайы. Фæстæдæр бинонтæ цæрынмæ алыгъдысты Калакмæ. Уым куыста йæ фыд.

Калачы каст фæци реалон ахуыргæнæндон, куыста Згъуыбиры хъæуы ахуыргæнæгæй. 1913 азы бацыд Бетъырбухы психо-неврологион институтмæ. 1917 азы Бетъырбухы разæнгардæй архайдта февралы революцийы. Уыцы аз æрыздæхт Хуссар Ирыстонмæ æмæ аразын райдыдта революцион къордтæ.

Йе 'хсæнадон архайдимæ уыцы иу рæстæг кодта аивадон-литературон куыст дæр. Уыд, революцийы агъоммæ Калачы цы ирон драмон къордтæ фæзынд, уыдон аразджытæй иу, архайдта се спек-

таклъты, пьесæтæ сын тæлмац кодта уырыссаг æмæ гуырдзиаг æвзæгтæй. Бæрцæй бирæ не сты йæхи фыст уацмыстæ. 1925 азы журнал «Зиу»-ы мыхуырæй рацыд йæ зынгæдæр радзырд «Хæсты заман». Уый йæ идейон æмæ аивадон тыхæй лæууы ирон прозæйы хуыздæр уацмысты æмрæнхъ. Ахæм аргъ ын скодта зындгонд ирон литературон критик Тыбылты Алыксандр дæр. Бахастой йæ скъолаты ахуыргæнæн чингуытæм.

# ДЗЕСТЫ КУЫДЗÆГ

«Дзесты Куыдзæг у курдиатджын фыссæг, ирон аив литературæйы æрцахста стыр бынат, ирон аив прозæйы Куыдзæджы номæй стырдæр нæмттæ нырма бирæ нæ разындзæн», – фыста Нигер, Дзесы-фырт фыдæвзаджы азарæй зындоны къæсæрæй куы нæма бахызт, уæд. Уый аккаг аргъ у, стæй æрмæст ахуыргонд æмæ стыр курдиаты хицау, ирон литературæйы классик Нигеры хъуыды нæу. Æртынæм азты йе сфæлдыстадыл, йе ’взаджы хъæздыгдзинадыл бирæ стыр фысджытæ æрæвæрдтой сæ цæст. Радзырд «Хорхæссæг» мыхуыргонд æрцыд 1930 азы журнал «Фидиуæджы». Уый канд Куыдзæджы сфæлдыстады нæ, фæлæ æппæт ирон литературæйы дæр бацахста зынгæ бынат. Уыцы аз зындгонд фыссæг æмæ критик Тыбылты Алыксандр фыста: «Уыцы таурæгъ уæнгты уыйбæрц ахъардта, æмæ хъуамæ йæ кой рæгъмæ рахастæуа. Уыцы таурæгъы Куыдзæг ахæм курдиат равдыста, æмæ нæ ног фысджыты раззаг рæнхъыты хъуамæ нæртон фæдисонæй æрлæууа». Ахæм æнтыстджын уыдысты фыссæджы фыццаг къахдзæфтæ, æмæ йæ кæй æрцахстой, уый ма иу æвдисæн у, НКВД-йы уæды кусджытæ Миркин, Шестаков, Полянский, Городниченко æмæ иннæтæ Ирыстоны хуыздæрты зонгæ-зонын фыдракæнды охыл кæй куынæг кодтой, уымæн.

Дзесты Габрелы фырт Куыдзæг райгуырд 1905 азы Урстуалты Едысы хъæуы бирæ бинонты ’хсæн мæгуыр хæххон лæджы хæдзары. Бинонтæ мæгуыр уыдысты, фæлæ фæрнджын – ирон æфсарм æмæ æгъдауæй, адæймагдзинадæй. Кæстæр æмæ хистæры, сылгоймаг æмæ нæлгоймаджы ‘хсæн ахастдзинæдтæ фидар уагыл æвæрд кæм уыдысты, ахæм. «Кæстæртæй бадгæ ничи фæкæны, уазæг нæм куы вæййы, уæд» – фыста йæ мысинæгты.

Чысылæй бавзæрста фæллойы уæз: цыд уæлыгæс, рæгъаугæс. Йæ райгуырæн хъæуы райдиан скъола байгом 1890 азы. «Уый уыд цыппар комы фынддæс хъæуæн иунæг скъола», – мысыд уый, æмæ йе стырдæр бæллиц уыд уырдæм ахуырмæ бацæуын. Скъолайы ахуыры азтæ никуы рох кодта Дзесы-фырт: «Махæн нæхи хæдзары уæлдай арæхдæр кæсын кодтой «Ирон фæндыр» сылгоймæгтæ. Нæхæдæг дæр бирæ бинонтæ уыдыстæм, фæлæ ма-иу нæм зымæгон бонты не 'рвадæлты æмæ нæ сыхæгты сылгоймæгтæ дæр æрæмбырд сты æд æлвисинæгтæ æмæ та-иу мæм бахатыдысты: «Къостайы та нын бакæс!»

Фидæны фыссæг Едысы æртæазон скъолайы фæстæ ахуыр кæнынмæ бацыд Дзауы скъоламæ. Фæлæ Хуссар Ирыстоны фæллойгæнджытæ Гуырдзыстоны меньшевикты ныхмæ куы сыстадысты æмæ састы бынаты куы баззадысты, уæд Дзесты бинонтæ ралыгъдысты Цæгат Ирыстонмæ æмæ æрцардысты Ногиры. Фыдцарды уавæртæ йын цынæ бавзарын кодтой. Цыд æххуырсты, уыд агуыридургæнæн заводы, типографийы кусæг. 1923-1935 азты ахуыр кодта фыццæгæм облæстон фæлварæн скъолайы. Сси фæскомцæдисон чыры секретарь, журнал «Æвзонг Ирыстон»-ы редколлегийы уæнг. Йæ литературон фыццаг фæлварæнтæ мыхуыры фæзындысты 1925 азы. Фыста æмдзæвгæтæ, чысыл радзырдтæ, уацхъуыдтæ. Ссис газет «Рæстдзинад»-ы уацхæссæг. Уыцы азтæ йæ мысинæгты æвдисгæйæ, стыр хæлар æмæ уарзонæй фыссы газеты фыццаг редактор, зындгонд революционер, фыссæг, поэт æмæ критик Гæдиаты Цомахъы тыххæй.

1926 азы Куыдзæг бацыд Мæскуыйы журналистикæйы паддзахадон институтмæ. Каст æй фæуыны фадат ын нæ фæци, æмæ та кусын райдыдта газет «Рæстдзинад»-ы. Йæ уацмыстæ мыхуыр кодта альманах «Абон»-ы, «Литературон хъазуатон»-ы, «Фидиуæджы». Уыдис Советон Цæдисы фысджыты фыццаг съезды делегат. 1967 азы Гафез йæ уац «Цард æмæ рæстæджы зарæггæнæджы» фыссы: «Куыдзæг ирон литературæмæ æрбацыд советон цардæвæрды сæуæхсидыл, 1927 азы, фыссæджы кадджын ном та йын радта йæ диссаджы радзырд «Хорхæссæг».

Бирæ хъарм æмæ æхсызгон ныхæстæ фехъуыста йе сфæлдыстады райдайæны Нигерæй, Тыбылты Алыксандрæй, Гæдиаты Цомахъæй, Гуыриаты Гагуыдзæй æмæ иннæ зындгонд адæймæгтæй, фæлæ йын

уыдон дӕр нал баххуыс кодтой йӕ зын сахаты. Ахӕстоны цытӕ бавзӕрста, уыдоны тыххӕй ныффыста мысинӕгтӕ «Зӕрдӕйы ностӕ». Журнал «Мах дуг» сӕ ныммыхуыр кодта 1989 азы 1, 2 ӕмӕ 4 номырты, фӕстӕдӕр рацыдысты хицӕн чиныгӕй дӕр. Уыдон стыр ӕвдисӕн сты нӕ историйы уӕды цаутӕн.

Дзесты Куыдзӕг мӕлӕты дзыхӕй раирвӕзт куыстдзагӕд ӕмӕ зӕрдӕрыстӕй, фӕлӕ йӕ зӕрдӕйы ӕнӕуынондзинадӕн бынат нӕ уыд. Маст исыны охыл дзы фыдгой, фыдныхас никуы фехъуыстаис. Йӕ сӕйрагдӕр нысан уыдис йӕ адӕмӕн, ирон литературӕйӕн уӕхскуӕзӕй лӕггад кӕнын. Йӕ ахаст нӕ аивта ног цардарӕзтмӕ, ахӕстоны кӕй фӕбадт, уый тыххӕй йӕ хӕрамдзинад нӕ фӕцагайдта Коммунистон партимӕ. Уый нӕ, фӕлӕ ма йӕ саразӕг В. И. Ленинил ныффыста уацау «Фыййауы сагъӕс» дӕр. Рацыд уырыссаг ӕвзагмӕ тӕлмацгондӕй ӕмӕ Ӕппӕтцӕдисон конкурсты райста дыккаг преми. Уацмыс фыст у, Куырттаты комы цӕрджытӕ В. И. Ленинӕн сӕхи хъӕппӕрис ӕмӕ хъаруйӕ фыццаг цырт куыд сӕвӕрдтой, уый тыххӕй.

Ӕстайӕм азты фӕзынд иннӕ уацау «Фӕндагсар Уастырджи». Йӕ сӕйраг хъӕбатыртӕ сты диссаджы удыхъӕды хицау, зӕдтимӕ абарӕн, ӕцӕг ирвӕзынгӕнджытӕ рахонӕн кӕмӕн ис, ахӕмтӕ. Фыссӕг дзы бавӕрдта йӕхи уды къӕртт, зӕрдӕйы конд.

Зӕды хуызӕн зӕронд лӕг уыд Куыдзӕг. Сабыр ӕмӕ лӕгъз дзураг, йӕ цӕстӕнгас – рӕвдауӕг. Кӕстӕртӕй дӕр ӕфсӕрмы, нымд кодта. «Рӕстдзинад»-ыл йӕ зӕрдӕ никуы сивта, арӕх уыд йӕ уазӕг, мыхуыр дзы кодта очерктӕ, уацтӕ, мысинӕгтӕ. Нӕ хистӕр фысджыты ӕмӕ ирон культурӕйы кусджыты тыххӕй йӕ мысинӕгтӕ рацыдысты хицӕн чиныг «Нӕ буц хистӕртӕ»-йӕ.

Йӕ курдиатӕй фӕхай кодта сабитӕн дӕр. Ныффыста сын цалдӕр чиныджы: «Додти тӕрхъус кӕд ӕрцахста?», «Пъырыстыф», «Хинӕйдзаг къӕбыла», «Диссаджы кукла» ӕмӕ ӕндӕртӕ. Йӕхи равдыста дӕсны тӕлмацгӕнӕгӕй дӕр – раивта В. Катаевы уацау «Полчъы хъӕбул», Къостайы драмӕ «Дуня», ӕндӕр уацмыстӕ.

Дзесты Куыдзӕгӕн 1988 азы рауагъдад «Ир»-ы цы ӕвзӕрст уацмысты чиныг рацыд, уымӕн йӕ разныхасы фыст ис: «Куыдзӕг нал ис – 1980 азы йӕ ӕгъатыр мӕлӕт атыдта не ‘хсӕнӕй, фӕлӕ йе сфӕлдыстад ирон литературӕйы бацахста рӕбинаг бынат. Уый тыххӕй

нырма сæ ныхас зæгъдзысты литературæиртасджытæ. Уымæн, æмæ Куыдзæг уыд æвæджиау курдиаты хицау».

# ЗÆГЪОЙТЫ САРДИ

Зæгъойты Сарди куы бабын, уæд ыл цыд æрмæстдæр 27 азы. Цымæ цы знаггад ракодта? Мæлæты карз тæрхон ын цæй тыххæй рахастой? Цæмæн ын аскъуыдтой йæ бæллицтæм тырнæг уд, йæ рæсугъд тырнындзинæдты таг, йæ уæлмонц зарæг? Æнæуый дæр царды фыдæбонæй æндæр куы ницы федта. Цыппар азы йыл цыд, афтæ йæ фыд амард, æмæ фондз сывæллонæй сæ мады æвджид баззадысты. Æнæ дарæгæй бинонтæн зын уыд цæрын, æмæ Сардийы хæрз æвзонгæй радтой æххуырсты. Фыййауæй цыдис бонджынты фосы фæдыл гуыбыны хæлцыл, бæгънæг, бæгъæмвадæй.

Царды уæз йæ æвзонг удæй ноджы арфдæр банкъардта, 1920 азы гуырдзиаг меньшевиктæ Хуссар Ирыстоны фæллойгæнæг адæмы сæ цæрæн бынæттæй куы systын кодтой, уæд. Уыцы зын дуджы Зæгъойты бинонтæ дæр ралыгъдысты Цæгат Ирыстонмæ æмæ æрцардысты Ногиры. Уæд лæппуйыл цыдис 10 азы, æмæ лигъдоны зын царды уавæр афтæмæй бавзæрста.

Ног цард ын радта æппæт дæр: ахуырмæ фæндаг, сæрибардзинад æмæ амонд. Уымæй уыд хæсджын, ууыл зарыд йæ æвзонг хъæлæсæй, цин ыл кодта, уыд дзы райгонд, йæ бæллицтæ баста йемæ. Уый фæрцы йын бантыст размæ акъахдзæфтæ кæнын, уæд куыд хъуамæ сыстадаид йæ ныхмæ? Фæлæ йыл, æвæццæгæн, æгæр иузæрдион кæй уыд, тъæллангæй йыл кæй зарыд, уый ног цардарæзты знæгты зæрдæты маст уагъта, æмæ йæ фыдæвзаджы саргъы гоппыл фæхауын кодтой.

Зæгъойты Уасилы фырт Сарди райгуырд 1910 азы Дзауы районы Тлийы хъæуы. Ахуыр кодта Ногиры фондзазон скъолайы. Каст æй куы фæци, уæд та – кусæг фæсивæды скъолайы. Фæстæмæ Хуссар Ирыстонмæ æрыздæхт æмæ кусын райдыдта облæстон фæскомцæдисон газет «Ленинон»-ы. Уыдис зæрдæргъæвд æмæ æвзыгъд лæппу, йæ тырнындзинад ыл базыртæ сагъта, куысты фæллад нæ зыдта, зæрдиагæй архайдта æхсæнадон царды, фæскомцæдисы куысты. Йæ уæлмонц хъуыдытæ æвдыста йе ʻмдзæвгæты, радзырдты, очеркты... Йæ фыццаг æмдзæвгæ «Хурыскаст» мыхуыры фæзынд 1929 азы газет

«Рæстдзинад»-ы литературон сыф «Размæ»-йы. 1933 азы Цхинвалы мыхуыры рауагъта йæ удæгасæй йæ фыццаг æмæ фæстаг чиныг «Тохы дуг». Йе сфæлдыстадæй ныфс лæвæрдта ирон рæзгæ литературæйæн: бирæ йын æнтыст. Йæ хъарутæ æвзæрста поэзийы, прозæ æмæ драматургийы. Литературæйы фæндагыл фидар æрлæууыд, фæлæ йын цæрын нæ бантыст.

1962 азы Хуссар Ирыстоны рацыд Зæгъойы-фырты æвзæрст уацмысты чиныг «Æмдзæвгæтæ». Уырдæм хаст æрцыдысты, йæ литературон бынтæй ма чи баззад, уыдоны хуыздæртæ: «Тохы бонтæ», «Партизаны кард», «Зæрдæ райы», «Ралæууыд уалдзæг», «8-æм Мартъи» æмæ æндæртæ. 1965 азы уагъд «Ирон радзырдты» чиныджы та сты йæ прозаикон уацмыстæ: «Цы ‘рымысы Быдзег», «Партизаны мысинаг» æмæ «Хъæу фендæр ис».

Бантыст ма йын бирæ æндæр уацмыстæ ныффыссын дæр: кадæг «Мад æмæ фырт», æртæактон пьесæ, æмдзæвгæтæ æмæ æндæртæ, фæлæ 1937 азы фесæфтысты.

## ЗÆНДЖИАТЫ БÆБУ

Октябры революцийы размæ ирон интеллигенцийы раззагдæртæй адæмы ’хсæн йæ хорз хъуыддæгты тыххæй дзуринагæн чи баззад, Ирыстоны раз йæ хæс уæхскуæз æмæ ныхбыны куыстæй чи æххæст кодта æмæ йын лæггад кæнынæй чи нæ бафсæст, уыдонæй иу у Зæнджиаты Бæбу. Райгуырд 1869 азы Мызуры. Райдайæн скъолайы фæстæ йæ йæ фыд Хъасай ахуырмæ радта Кутаисы семинармæ. Уый фæстæ каст фæци институт æмæ ахуыргæнæгæй куыста Беслæны, стæй та – Алагиры.

Бæбу стыр хæларæй цард уæды ирон интеллигенциимæ. Уæлдай хуыздæр кæрæдзи æмбæрстой Æмбалты Цоцкоимæ. Сæ дыууæ дæр стыр аргъ кодтой Къостайы сфæлдыстад æмæ æхсæнадон архайдæн. Ирон адæмы æхсæнмæ хастой «Ирон фæндыр»-ы æрдхæрæны уацмыстæ, Къостайы фарн æфтыдтой ирон рæзгæ фæсивæдыл. Сæ дыууæ дæр къæрцхъус уыдысты йæ царды уавæртæм, йе ‘нæниздзинадмæ. 1905 азы Æрыдоны æрæмбырд кодтой æхцайы фæрæзтæ Къостайæн баххуысы тыххæй. Бæбу æмæ Цоцко ацыдысты Лабæмæ рынчынфæрсæг. Сæ зæрды уыдис Къостайы Дзæуджыхъæумæ раласын, фæлæ сын

æй йæ хо Олгъа нæ рауагъта, лæмæгъ у, зæгъгæ. Тынг фæрыстысты йæ амардыл, раст цыма Ирыстоны стъалы арвæй рахаудта, афтæ йæ банкъардтой сæ удтæй æмæ йыл сау фæдардтой.

Бæбуйы рухс ном ирон адæмы фæлтæртæ æдзухдæр мысыдысты æмæ мысынц æрмæст уымæй дæр, æмæ уый 'руаджы баззадысты Алагиры аргъуаны Къостайы конд зæдты нывтæ, Къоста йæ курдиат, зонд, арæхст- дзинад æмæ удыхъæд цы нывты ныууагъта, уыдон. Хистæртæй арæх фехъусæн уыд Алагиры аргъуаны тыххæй сæ æхсызгон мысинæгтæ. Иуæй йæ аив арæзт (уый сæрмагонд дзуринаджы аккаг у), иннæмæй, йæ мæсыгыл цы егъау сахат уыд, уый. Йæ æмбисбоны зæлланг, дам, хъуыст суанг Æрыдонмæ, æмæ быдыры куыстыты рæстæг Алагиры алыварс быдырты кусæг адæмы хуыдта сихоры хæрдмæ. Ирон адæм хуыцаубонты аргъуанмæ цыдысты кувынмæ æмæ Къостайы аив конд нывтæ уынынмæ. Зæдты нывтæм цымыдис уыдысты, иуæй, уымæн, æмæ сæ сæрхъуызой, сæ уарзондæр адæймаджы конд уыдысты, иннæмæй та сын сæ бакаст уыд зонгæ – Къоста зæдты фæлгонцтæ сарæзта Уæлладжыры комы кадджындæр адæймæгты æнгæс.

Æмæ кæд Алагиры аргъуан ирæттæн æмæ уырыссæгтæн дæр æмхуызон кадджын кувæндон уыд, уæддæр революцийы фæстæ фæзынд, халын йеддæмæ аразын чи нæ зыдта, ахæм фыд тыхтæ. Уыдон сæ цыбыр зонды агъуды бын ницæуыл, никæуыл ауæрстой, мард, дзуар нæ зыдтой. Зæронд цард бындуронæй хæлдтой, фæлæ ног цард саразын æнцон кæй нæу, уæлдайдæр та йæ йæ æнусон бындурæй куы фæхицæн кæнай, уæд, уый сæ сæр нæ ахста æмæ æрра дымгæйау зилдухæн кодтой, знæт цæугæдонау царды фæд хæлдтой. Нæ сæ аирвæзт Алагиры аргъуан дæр. Уайтагъд йæ егъау дзæнгæрæг зæххыл сæмбæлд, сахат ныххайгай. Стæй сæ ных сарæзтой мидæмæ. Фæлæ Зæнджиаты Бæбу йæ ахуырдзаутимæ сæ разы æрлæууыд: «Цы хъавут, уым Къостайы конд нывтæ ис! Нæхи Къостайы!» — загъд æмæ лæгъстæйæ æмбарын кæны феррагонд дзыллæйы уылæнæн. Къостайы номы фарн сæ æрсабыр кодта, сæхи æрæмбæрстой, æмæ аргъуаны сæйраг агъуыст æвыдæй баззад. Æмæ ма абон дæр адæмы цæст æмæ æнкъарæнтæ рæвдауынц Къостайы конд нывтæ. Аргъуаны агъуысты иу рæстæджы уыд музей, ныр та ногæй йæ дуæрттæ байтыгъта дингæнæг дзыллæтæн, лæггад сын кæны.

Бæбу, Алагиры ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæгæй кусгæйæ, сарæзта æрдззонæн музей. Равæрдта дзы Ирыстоны хъæддаг цæрæгойты быдыргътæ æмæ зайæгойты хуызтæ. Алкæй бынмæ дæр дзы – фыст йæ ном иронау æмæ уырыссагау. Аив сæ ныффыссын та бабар кодта йæ ахуыргæнинаг, фæстæдæры зындгонд ирон фыссæг Баситы Михалæн. Уый куыд зæгъы, афтæмæй Зæнджиаты Бæбу уыцы куыстæй стыр ахъаз кодта сывæллæтты æвзагзонынадæн. Уыимæ сæрмагондæй куыста цæрæгойты æмæ зайæгойты ирон нæмтты дзырдуатыл.

Зæнджиайы-фырт фыста æмдзæвгæтæ, æмбисæндтæ, зæрдиагæй æмбырд кодта ирон адæмон сфæлдыстад, Л. Толстойы уацмыстæй ратæлмац кодта «Хаджимурат», «Хъазахъ», М. Горькийы «Челкаш» æмæ æндæртæ. Уæлдай аив æмæ хуыздæр ын рауад уацау «Хаджимурат»-ы тæлмац. Уый абоны онг у ирон æвзагмæ аивадон уацмыстæ тæлмацгæнджыты ахуыргæнæн чиныг. Раст цыма ирон æвзагыл фыст æрцыд, афтæ рæсугъд æй сдзурын кодта иронау. Змæлы дзы ирон дзырды фарн, тæлфы фæрæзджын æмæ аив, йæ æхцон мыртæй рæвдауы зæрдæ, æнкъарæнтæ.

«Куыд тæлмацгæнæг, Зæнджиаты Бæбу æвдисы стыр дæсныйад, – фыста йæ рæстæджы зындгонд æхсæнадон архайæг, фыссæг æмæ критик Тыбылты Алыксандр. – Кæй ивы ирон æвзагмæ, уыцы уацмыстæн Бæбу тынг хорз æрцахсы сæ стиль, сæ фæлгонцтæ, се ’взаг. Афтæмæй, йæ тæлмацгондæй уыцы уацмыстæ ирон æвзагыл къаддæр нæ рауадысты сæ оригиналтæй: ницы фæхъуыдис сæ аив миниуджытæй.

Уырыссаг æвзаджы ис ахæм сæрмагонд миниуджытæ, æмæ уыдон æндæр æвзагмæ раивын зынæй рауайынц. Бæбу уыйбæрц хорз зоны ирон æвзаг, æмæ цыфæнды зын уырыссаг ныхасæн дæр йæ аккаг дзырд ссары ирон æвзаджы. Рæсугъддæр стæм разындзæн Бæбуйы ирон æвзагæй».

Бæбуйы ном баст у Цъæйы фæлладуадзæн хæдзæртты арæзтадимæ дæр. Йæ мадырвадæлтæ цъæйаг уыдысты, æмæ хорз зыдта Цъæйы æвдадзы хостæ – чысылæй фæстæмæ дзы арæх уыд. Цæмæй Цъæйы æрдзыхъæд рынчынтæн сæ низимæ тохы исты ахъаз уа, уый тыххæй сæрмагондæй æхца бакусынмæ ацыд Сыбырмæ. Фæстæмæ куы сыздæхт, уæд йæхи хардзæй сарæзта хъæдын хæд-

зæрттæ, балхæдта сынтæджытæ, хуыссæнтæ. Æмæ низæфхæрд адæмæн фадат фæци сæхи Цъæйы дзæбæх кæнынæн. Хæринаг дæр сын лæвæрдтой Бæбуйы хардзæй. Уый нæ, фæлæ ма ирон æвзагмæ ратæлмац кодта, тархъæн низтæ куыд дзæбæхгæнгæ сты, уый амонæг чысыл чингуытæ.

Зæнджиаты Бæбуйæн йæ зæрдæ рыст ирон адæмы рисыл, цин кодта йæ цинык, уыд рæстдзинады, уды сыгъдæгдзинады фидиуæг. Хуымæтæджы йæ зæды хуызæн хорз лæг нæ хуыдтой. Хорз æмæ æвзæр та кæдфæнды дæр ныхмæвæрд сты. Æмæ æвзæры уæлахиз хорзæн æдзухдæр мæлæт хæссы. Мæлæт ссардта Зæнджиаты Бæбу дæр, Советон цардарæзты цыды æвзæртæ куы уæлахиз кодтой, уæд.

## ТÆФÆРФÆС

# БРЫТЪИАТЫ АСЛÆНБЕГ



15 февралы йæ цардæй ахицæн поэт, тæлмацгæнæг, Уæрæсейы Федерацийы фысджыты цæдисы уæнг Брытъиаты Бускайы фырт Аслæнбег.

Аслæнбеджы сфæлдыстадимæ хорз зонгæ сты канд Ирыстоны нæ, фæлæ суанг Цæгат Кавказы чиныгкæсджытæ дæр. Мыхуыры йын рацыд дæс чиныгæй фылдæр. Йæ уацмыстæ фыст сты ирон æмæ уырыссаг æвзæгтыл. Мыхуыры цыдысты Ирыстоны, Узбекистаны, Украинæйы, Дард Скæсæны, Бетъырбухы, Мæскуыйы, Киевы, Хабаровскы, Владивостокы литературон журналты æмæ газетты.

Райгуырд Дзæуджыхъæуы 1938 азы 16 июлы. Йæ фыд фæмард Фыдыбæстæйы Стыр хæсты. Астазон скъолайы фæстæ каст фæцис арæзтадон техникум. 1958 азы йæм фæсидтысты Советон Æфсады рæнхъытæм. 1964 азы ацыд дарддæр ахуыр кæнынмæ Ташкентмæ æмæ бирæ рæстæг цард уым, куыста бæрнон бынæтты. Ирыстонмæ сыздæхт 1991 азы.

Йæ чиныг «Сыновние шаги» рацыд 1979 азы æмæ нымад æрцыд нæ бæстæйы æрыгæтты сфæлдыстады æмбырдгæндтæн сæ хуыздæртæй иуыл. Йæ иннæ чингуытæ: «Мад» (1977), «Притяжение» (1984), «Верю» (1983), «Ветер пахнет цветами» (1986), «Чту твою память» (1990), «Хуры фæд» (1991), «Жизнь – как день» (1999), «Лæгвæд» (2003), «Цветы и пламя» (2008), «Уды цæхæртæ», «Гимн рассвету», «Хуры тынтæ» (2019).

«Брытъиаты Аслæнбеджы æмдзæвгæты зыны уарзæг зæрдæйы рухс, сты хъæздыг патриотон æнкъарæнтæй, Ирыстоны фидауцæй, лæгуарзон хъуыдытæй», – загъта Джыккайты Шамил. «Аслæнбеджы сфæлдыстад цымыдисаг у йæ диссаджы хæдæфсармдзинадæй, æрдз æмæ царды бастдзинæдты æнæхин æмæ сыгъдæг уды иудзинадæй», – фыста Михаил Гребенюк. Йæ курдиатæн аргъгæнджытæ ма ноджы уыдзæн, иртасджытæ дæр – афтæ.

Рухсаг у, Аслæнбег…

*Журналы редакци*

# МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ

► ***10 февралы*** РЦИ-Аланийы Фысджыты цæдисы хъæппæрисæй Горæтгæрон районы центрон чиныгдоны уыд, Тыбылты Алыксандрыл 17 февралы 135 азы кæй сæххæст, уый кадæн мысæн изæр.

► ***10 февралы*** Цæгат Кавказы фысджыты Клубы президент Муса Ахмадов прозаик, тæлмацгæнæг, «Мах дуг»-ы прозæйы хайады редактор Гусалты Барисы схорзæхджын кодта Клубы президенты премийæ, йæ архайдæй æмæ аивадæй Кавказы адæмты `хсæн хæлардзинад кæй тауы, литературæйы рæзтмæ стыр æвæрæн кæй хæссы, уый тыххæй.

► ***11 февралы*** Дзæуджыхъæуы уыд профессор, Цæгат Ирыстоны гуманитарон æмæ социалон æмæ гуманитарон иртасæнты институты ирон æвзаджы хайады сæргълæууæг Гуыриаты Тамерланы номыл фæндзæм дунеон конференци. Архайдтой дзы ахуыргæндтæ Тегеранæй, Абхазийæ, Португалийæ, Налцыккæй.

► ***18 февралы*** Тугъанты Махарбеджы номыл аивадон музейы байгом РЦИ-Аланийы сгуыхт нывгæнæг, Хетæгкаты Къостайы номыл Паддзахадон премийы лауреат Калманты Батыры нывты равдыст. Уым фенæн уыд йæ фырт Аланы æмæ йæ ахуыргæнæг В.М.Орешниковы куыстытæ дæр.

► ***25 февралы*** Цæгат Ирыстоны Тæбæхсæуты Балойы номыл Ирон академион театры уыд Чеджемты Георы пьесæ «Цолайы чындзæхсæв»-ы премьерæ. Режиссер – Уалыты Гиви, нывгæнæг – Уалыты Ларисæ, композитор – Гæздæнты Булат. Сæйраг рольты ахъазыдысты: Цола – РЦИ-Аланийы сгуыхт артист Дзанайты Эльбрус, Дзыкъыла – Таутиаты Дианæ.

*Переводчик* А. В. ЗОЛОЕВ
*Корректор* А. К. КАРГАЕВА
*Дизайн, верстка* А. А. ГАБИСОВ

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы
по надзору в сфере связи, информационных технологий
и массовых коммуникаций по РСО-Алания.

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Редакци авторы хъуыдытимæ алкæд разы нæ вæййы.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна,
уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ лæвæрд цæуынц, уыдон редакци рецензи
нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ не здахы.

Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания
362003, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

Адрес редакции и издательства: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11, 2-й этаж.
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; адрес сайта: http://www.mahdug.ru.
Тел.: гл. редактор – 25-09-64; шеф-редактор, корректор – 25-09-74;
редакторы прозы, поэзии и критики – 25-20-52; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47.

Подписано в печать 24.02.2022. Формат 60х90 1/16. Бум. офсет. №80 г./м².
Вклейка 2 печ. л. мелованная. Гарнитура шрифта Times New Iron.
Печать офсетная. Усл. печ. л. 10. Учетно-изд. л. 14,88. Тираж 1000 экз.
Заказ № 82. Цена свободная. Выход из печати 28 февраля 2022 г.

Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.

Владимир ПУТИН:

*– Уæрæсейы кадджын-радджын граждæнтæ!*

*Æнæхъæн бæстæтæ æмæ адæмты фæрныгадæн, уæвгæ дæр зæххыл уой, уымæн се сгуыхтытæ æмæ цардхъомдзинады гуырæн кæддæриддæр вæййы сæ культурæ æмæ сæ монон хæзнаты хъомысы, сæ фæлтæрддзинад æмæ фыдæлты æгъдæутты æмæ ма стæй, кæй зæгъын æй хъæуы, уымæй аразгæ дæр сты æмæ, куыд рæвдз фæлæууынц адæмтæ царды хуызивæнты, куыд æнгом баст сты кæрæдзиуыл, цас цæттæ сты сæ тыхтæ рамбырд кæнынмæ æмæ иу зонд райсынмæ, цæмæй сын размæ цæуын æнтыса, уый сæрвæлтау.*




Индекс 73247
12+